Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

E. Sariqov, B. Xaydarov

# EKONOMIKALÍQ BILIM TIYKARLARÍ

# 9

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi ulıwma orta bilim beriw mekteplerinıń 9-klası ushın sabaqlıq sıpatında tastıyıqlaǵan*

*Tórtinshi basılıwı*




Tashkent — 2019

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘K 37.015.6(075)
BBK 65.01ya7
S-32

**Pikir bildiriwshiler:**

**A.N.Sattarov** – Respublikalıq tálim orayı «Ekonomikalıq bilim tiykarları» páni metodisti;
**X.T.Jumanov** – Nizomiy atındağı TDPU «Ekonomikalıq bilim tiykarları pániniń oqıtıw metodikası» kafedrası docenti.

**Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan ijara ushın basıp shıǵarıldı.**

© **«Huqıq hám Jámiyet»** JSHJ formasındağı baspa, 2019

ISBN 978-9943-5875-0-2

http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MAZMUNÍ

Sabaqlıqtan paydalanıw boyınsha ulıwma kórsetpeler ........................ 5

## I bap. Isbilermenlik hám óndiris

*1- tema.* Isbilermenlik.................................................... 8
*2- tema.* Firma hám onıń túrleri ........................................ 12
*3- tema.* Akcionerlik jámiyeti ............................................ 16
*4- tema.* Firmanı ashıw ...................................................... 21
*5- tema.* Firmanıń qarjıları hám qárejetleri ........................ 25
*6- tema.* Jalpı dáramat, payda hám shıǵın ............................ 29
*7- tema.* Ekonomikalıq xızmettiń talqılanıwı ........................ 33
*8- tema.* Firmanı basqarıw — menedjment ............................ 37
*9- tema.* Marketing ............................................................ 41
*10- tema.* Óndiris hám ekologiya ............................................ 45
*I baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar ......................... 49*

## II bap. Mámleket hám ekonomika

*11- tema.* Mámlekettiń ekonomikalıq wazıypaları ........................ 56
*12- tema.* Mámleket byudjeti ................................................ 60
*13- tema.* Bank sisteması ...................................................... 64
*14- tema.* Mámlekettiń ekonomikalıq siyasatı ............................ 68
*II baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar ...............................72*

## III bap. Salıq túrleri

*15- tema.* Dáramat salıǵı.......................................................... 78
*16- tema.* Mal-múlk salıǵı ........................................................ 82
*17- tema.* Jer salıǵı.................................................................. 86
*18- tema.* Akciz hám qosılǵan baha salıǵı...... ...............................90
*III bap baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar ..................... 94*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## IV bap. Inflyaciya hám jumıssızlıq

*19- tema.* Tiykarǵı makroekonomikalıq kórsetkishler ..................... 98
*20- tema.* Ekonomikalıq ósiw hám rawajlanıw ............................. 102
*21- tema.* Ózbekstannıń ekonomikalıq múmkinshiligi ..................106
*IV baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar ..........................110*

## V bap. Inflyaciya hám jumıssızlıq

*22- tema.* Inflyaciya hám onıń túrleri ........................................114
*23- tema.* Inflyaciya aqıbetleri ........................................................ 118
*24- tema.* Miynet bazarı hám jumıssızlıq .....................................122
*25- tema.* Sociallıq qorǵaw quralları ... ........................................... 126
*V baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar ..............................130*

## VI bap. Jáhán ekonomikası

*26- tema.* Xalıqaralıq sawda ..........................................................134
*27- tema.* Xalıqaralıq ekonomikalıq qatnasıqlar ...........................138
*28- tema.* Valyuta kursı ........................................................................ 142
*29- tema.* Jáhán ekonomikasınıń mashqalaları ..............................146
*30- tema.* Jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisi..............................150
*VI baptı tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalar ............................154*
*9-klasta ótilgenlerdi tákirarlaw ushın test tapsırmalar.......................156*

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SABAQLÍQTAN PAYDALANÍW BOYÍNSHA ULÍWMA KÓRSETPELER

Hár bir temaǵa tiyisli materiallar tómendegi punktlerge bólingen hám belgili bir tártip boyınsha sabaqlıq betlerinde jaylastırılǵan, bazı punktler bolsa anıq belgi astında ajıratıp kórsetilgen:

1. Sabaqtıń tártip nomeri hám temanıń atı.
2. Sabaq temasın jaratıwǵa járdem beriwshi mashqalalı jaǵdayǵa tiyisli kórgizbeli maǵlıwmat, súwret, keste, diagramma hám t.b.
3. Temaǵa tiyisli, tiykarinan úyde dıqqat penen oqıwǵa, ámelge tiykarǵı tekst.
4. Oqıwshılardı aktivlestiriwshi hámde jedellestiriwshi soraw hám tapsırmalar.
5. Sabaq dawamında qollanılatuǵın tayanısh atamalardıń táriypi.
6. Ózlestirilgen bilimlerdi tereńlestiriw, tákirarlaw hám ózin-ózi tekseriw ushın berilgen sorawlar.
7. Esap-kitap islerin talap etetuǵın hám ekonomikalıq oylawın talap qılatuǵın, ámeliyat penen baylanıslı tapsırma hám shınıǵıwlar.
8. Izleniw hám kishi izertlew alıp barıw ushın oqıwshılarǵa óz aldına beriletuǵın óz betinshe tapsırmalar.
9. Ózlestirilgen bilimlerge súyengen halda logikalıq pikirlew yamasa toparlarda islesiw ushın berilgen tapsırmalar.
10. Temanıń este saqlaw lazım bolǵan tiykarǵı qatarları.
11. Jurtımızǵa tán shıǵıs qádiriyatlar, olarǵa tiyisli soraw hám tapsırmalar.
12. Ekonomikalıq oy-óristi ósiriwge, ekonomikalıq mádeniyattı qáliplestiriwge hám dúnya qarastı keńeyttiriwge mólsherlengen qosımsha maǵlıwmatlar.
13. Reformalar.
14. Ekonomikalıq túsiniklerdi óz ara baylanıstıratuǵın formulalar.
15. “Erkin iskerlik” uranı astında qosımsha materiallar.

Sabaqlıqta Ekonomikalıq bilim tiykarları pániniń 9-klass kursı 30

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

temaǵa bólıp berilgen. Hár bir temaǵa tiyisli materiallardı bir sabaq dawamında hám úyde úyreniw lazım.

Jańa temanı túsindiriwde, tiykarınan joqarıda táriyiplengen 2—5-punkt materialları menen islew kerek.

3-punktte berilgen materiallardan, tiykarınan úyde oqıw hám úyreniw ushın paydalanıw lazım.

Sabaqtıń temasın bekkemlewdi 6-punkttegi soraw hám tapsırmalar, 7-punkttegi shınıǵıwlar járdeminde ámelge asırǵan maqul.

8-punkttegi tapsırmalar kishi izleniw hám izertlew sıpatında oqıwshılarǵa óz betinshe islewge arnalǵan.

9—12-punkttegi sorawlar, tiykarǵı qatarlar hám qádiriyatlar óz betinshe baqlaw júrgiziw, bilimlerdi bayıtıw, ámeliyatta qollanıp kóriw hám ózin-ózi tekseriw maqsetinde isletilgeni maqul.

Oqıwshılar dıqqatı 4-punkttegi gilt atamalar hám 10-punkttegi temanıń tiykarǵı qatarlarına qaratılıwı lazım.

Úyge tapsırmalar sabaqta talqılanbaǵan 9—10-punkt soraw hám tapsırmaları tiykarında berilgeni maqul.

Hár bir bap sońında berilgen tákirarlaw ushın soraw hám tapsırmalardan ótilgenlerdi óz betinshe tákirarlaw hám aralıq baqlawǵa tayarlanıw maqsetinde paydalanıw usınıs etiledi. Berilgen testler bolsa, aralıq baqlawdı ámelge asırıw ushın testler tayarlawda úlgi bolıp xızmet qıladı.

Sabaqlıqtan, sonday-aq, «Erkin iskerlik» uranı astındaǵı materiallar hám orın alǵan. Bul materiallardı oqıwshılar sabaqtan tısqarı waqıtlarda úyreniwi maqsetke muwapıq. Olar oqıwshılardı erkin pikirlew, izleniw, izertlewge baǵdarlaydı, mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq reformalar haqqında maǵlıwmat beredi. Olar menen islewde, álbette, ustazlardıń hám ata-analardıń járdemi hám másláhátlerinen paydalanıw lazım.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Isbilermenlik iskerligin qollap-quwatlaw boyınsha jumıslar jedel dawam ettiriledi.*

***Shavkat Mirziyoyev***













# I bap. Isbilermenlik hám óndiris



















*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 1- TEMA ISBILERMENLIK


1



2


3

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerdegi adamlar isbilermenliktiń qanday túrleri menen shuǵıllanadı? Bul adamlardıń qanday ulıwmalıq hám ózine tán qásiyetleri bar dep oylaysız?

2. Siz isbilermen insanlardan kimlerdi bilesiz? Olar qanday iskerlik penen shuǵıllanadı? Olar qanday insanlar?

*Isbilermenlik* degende, adamlardıń payda alıw maqsetinde, táwekelshilik tiykarında óz qarjıları, múlki, bilimi hám múmkinshiligin iske qosıp, tovar islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw iskerligi túsiniledi. Isbilermenlikti basqasha, óz isin jaqsı biliwshi yaki biznes dep te ataydı. Bunday xızmet penen shuǵıllanıwshılardı isbilermenler, óz isin jaqsı biliwshi yaki biznesmenler dep júritiledi.

**Isbilermenlik** — adamlardıń payda alıw maqsetinde, táwekelshilik tiykarında, óz qarjısı, múlki, bilimi hám imkaniyatların iske qosıp, tovar islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw iskerligi.

**Isbilermenler** — payda alıw maqsetinde óndiris resurslarınan tovar hám xızmet kórsetiw ushın táwekelshilikti moynına alatuǵın adamlar.

Isbilermenlik iskerligi bar adamlar:

– baslanǵısh múlk hám qarjısın iske qosıwdı;
– erkin ekonomikalıq xızmetin júrgiziwdi;
– payda alıwǵa umtılıw hám táwekel qıla alıwı;
– miynet súygish, ǵayratlı hám baslawshı bolıwı;
– juwapkershilikten qashpawı;
– nızamlarǵa boysınǵan halda jumıs islewdi;
– hadal básekide qatnasıw sıyaqlı ózgesheliklerdi talap etedi.

Isbilermenlikti rawajlandırıwdıń eń zárúr shártlerinen biri jeke múlkshilikke tiykarlanǵan erkin báseki ortalıǵınıń jaratılıwı boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Isbilermenlik bazar ekonomikasına tán bolǵan xızmet. Bazar ekonomikası shárayatında isbilermenlik — tábiyiy, kapital hám miynet faktorları menen bir qatarda óndiristiń tiykarǵı faktorına aylanadı. Sebebi, islep shıǵarıwdıń dál usı isbilermenlik faktorı, qalǵan úsh faktordı birlestiriw imkaniyatın beredi. Isbilermenlik jámiyet ushın kerek, sebebi bul xızmet nátiyjesinde jańa, qosımsha jumıs orınları payda boladı. Isbilermenlik tek tutınıwshılar ushın ǵana emes, bálki mámleket ushın da zárúr hám paydalı bolǵan xızmet boladı. Mámleket isbilermenlikke keń jol ashıp beriwi menen xalıqtı jumısqa jaylastırıw, keń tutınıw tovarları hám xızmetleri menen támiyinlew wazıypasın, belgili bir maǵanada óz juwapkershiliginen alıp taslaydı. Sonıń menen birge, isbilermenlik xızmetinen alınatuǵın salıqlar esabınan mámleket qaznası bayıydı. Sol sebepli, mámleket isbilermenlikti hár tárepleme qollap-quwatlaydı.

**Qádiriyatlar**

Saqibqiran Ámir Temurdıń «Isbilermen, mártlik hám erlik iyesi, pikiri tereń, isbilermen hám sergek adam mıń-mıńlaǵan jumıssız, biypárwa adamlardan jaqsı», degen násiyatın túsindiriń.

Isbilermenlik *biznes* ideyadan baslanadı. Biznes ideyanıń qanshelli tuwrı tańlanǵanı — biznes jetiskenlikleriniń eń tiykarǵı hám baslanǵısh faktorlarınan biri esaplanadı. Lekin, biznes ideyanıń ózi tabıslı biznes ushın jeterli emes. Onıń ushın anıq esap-kitaplarǵa tiykarlanǵan joba dúziw kerek boladı. *Biznes joba* — biznes ideyanı ámelge asırıw maqsetinde orınlaw zárúr bolǵan, óz ara muwapıqlastırılǵan is-háreketler baǵdarlamasınan ibarat hújjet. Aytayıq, oyıńızǵa júdá zor biznes ideya kelip qaldı. Onı ámelge asırıw ushın sizge qarjı kerek. Qarjını bankten yaki tanıslarıńızdı sherik etip alıwıńız múmkin. Olar qarjıların «qurı» sózge bermeydi. Siz óz ideyańızdı qaǵazǵa túsirip, esaplap, haqıyqattan da paydalı ekenin dálillewińiz kerek boladı. Bir sóz benen aytqanda, biznes joba dúziwińiz, onıń tabıslı bolıwına eń dáslep ózińiz isenim payda etiwińiz hám basqalardı da isendiriwińiz kerek. Biznes joba, birinshi gezekte, isbilermenniń ózi ushın áhmiyetli.

Ádette biznes joba:

— kárxananıń qısqasha maǵlıwmatnaması;
— islep shıǵarılatuǵın tovar yamasa xızmettiń maǵlıwmatnaması;
— islep shıǵarıwdı shólkemlestiriw hám basqarıw principleri;
— islep shıǵarıw qárejetleri, túsim, jobalastırılǵan payda hám onıń bólistiriliwi;
— islep shıǵarılatuǵın tovar yaki xızmet bazarınıń analizi;
— sońǵı pikirler boyınsha maǵlıwmatlar shólkemnen tabadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Biznes joba** — biznes ideyani ámelge asırıw maqsetinde orınlanıwı zárúr bolǵan, óz ara muwapıqlastırılǵan is-háreketler baǵdarlamasınan ibarat hújjet.

Olardan bazıları menen tanısıp shıǵamız.

Islep shıǵarıw xızmetine tiykarlanǵan isbilermenlikte islep shıǵarıwdıń tábiyiy, kapital hám miynet faktorları birlesip háreketke keledi. Isbilermen islep shıǵarıw quralları — jer, imarat, qurılıslar, ásbap-úskeneler, shiyki zattı satıp aladı, jumısshı xızmetkerlerdi jallaydı. Hár qıylı tovarlar islep shıǵaradı hám tutınıwshılarǵa satadı. Ádette, isbilermenliktiń bunday túri menen uqıplı, bizneste jaqsı abırayǵa iye bolǵan, uzaqtı oylap is júrgizetuǵın isbilermenler shuǵıllanadı.

Isbilermenliktiń bunday túri menen shuǵıllanıwshılar tovarlardı satıp aladı, keyin tutınıwshılarǵa satadı. Álbette, bul jaǵdayda tovardıń satılıw bahası, onıń satıp alıw bahasınan joqarı boladı. Bahalar ortasındaǵı bul ayırmashılıq isbilermenlik paydası sıpatında isbilermen tárepinen ózlestiriledi.

**Kommerciya** — tovardı satıp alıp, onı basqasına satıwdan ibarat isbilermenlik xızmeti.



*1.1- sızılma*



*1.2- sızılma*

Isbilermenliktiń aldı-sattı túri ekonomikada ayrıqsha orın tutadı. Alıp-satıwshılar islep shıǵarıwshılar hám tutınıwshılar ortasındaǵı baylanıslardı ańsatlastıradı, aldı-sattı múnásabetlerin tezlestiredı. Islep shıǵarıwshılar tutınıwshılar ortasındaǵı; 1.1-sızılmada aldı-sattısız, 1.2-sızılmada bolsa alıp-satıwshı járdemindegi baylanıslar sxeması bunı anıq kórsetip turıptı. Sızılmalarda islep shıǵarıwshı hám tutınıwshılar sanı tórtew bolǵan jaǵday súwretlengen. Endı olardıń sanı on, júz yakı onnan da kóp bolǵan hallarda kóz aldıńızǵa keltırıp kóriń!

Finanslıq isbilermenliktiń — bul túri kommerciyaǵa uqsap ketedi. Tek finanslıq isbilermenlikte tovardı alıp-satıw ornına pul hám bahalı qaǵazlardı alıp-satıw ámelge asırıladı. Pul qarjıları qarızǵa beriledi. Shet el valyutaları,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

akcıya hám basqa bahalı qaǵazlar satıp alınadı hám satıladı. Finanslıq isbilermenlikte qarız berilgende procent kórinisinde, qımbat bahalı qaǵazlar alıp-satıw procesinde bolsa olardıń alıw hám satıw bahaları arasında parq kórinisindegi payda ózlestiriledi.

**Finanslıq isbilermenlik** — pul hám qımbat bahalı qaǵazlardı alıp satıw menen baylanıslı xızmet.

Isbilermenliktiń qamsızlandırıw túri házirde keń tarqalǵan. Bunday iskerlik penen joqarı mártebege iye bolǵan isbilermenler shuǵıllanadı. Sebebi ol úlken baslanǵısh qárejetti talap qıladı. Isbilermen hár túrli kútilmegen hallarda kóriletuǵın zıyandı qaplawǵa belgili haq ornına kepillik beretuǵın shaxs sıpatında iskerlik kórsetedi. Házirde qarız qamsızlandırıwı, múlk qamsızlandırıwı, jasaw qamsızlandırıwı medicinalıq qamsızlandırıw sıyaqlı qamsızlandırıw formaları bar. Bunday qamsızlandırıw túrlerinde erkin tólep barılatuǵın qamsızlandırıw esabınan, basqa hádiyse júz bergende jetkerilgen zıyan yakı joǵaltıwdıń ornı qaplanadı.

**Qamsızlandırıw** — hár qıylı kútilmegen jaǵdaylar nátiyjesinde júzege keletuǵın finanslıq mashqalalardan qorǵaw xızmeti.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Isbilermenlik degende neni túsinesiz?
2. Isbilermenlik penen shuǵıllanıwshı adamdı súwretlep beriń.
3. Isbilermenler sanınıń kábeyiwinin sebebi nede dep oylaysız?
4. Isbilermenlik barlıq waqıtta da payda alıp kele bere me?
5. Isbilermenlik xızmetiniń túrlerin sanap beriń.
6. Kommerciyalıq hám finanslıq isbilermenliktiń qanday uqsas hám parıqlı túrleri bar?
7. Qamsızlandırıw ne hám onıń házirgi waqıtta túrmısımızdagı ornı qanday?
8. Isbilermenlik xızmetiniń qaysı bir túri jámiyetimiz ushın zárúr dep esaplaysız?
9. Isbilermenlik xızmetineń mamleket, isbilermenniń ózi hám tutınıwshılar qanday máp kóriwin sınap kóriń.

**Bunı este saqlań!**

• Isbilermenlik xızmeti payda alıwǵa qaratılǵan hám táwekelshilikti moynına aladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 2- TEMA FIRMA HÁM ONÍŃ TÚRLERI













## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerde korsetilgen isbilermenlik xızmetiniń qaysı túrin shólkemlestiriw qıyınıraq? Ne sebepten?
2. Olardıń qaysıların jeke adam ózi shólkemlestiriwi hám júritiwi qıyın emes?
3. Qaysıların sherik penen birgelikte shólkemlestirgen maqul?
4. Suwrettegi kárxanalardı júritiw ushın qanday shólkemlestiriw islerin ámelge asırıw zárúr dep oylaysız?

Tovar islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw procesi *kárxanalarda* ámelge asırılatuǵını belgili. Mámleket múlki tiykarında shólkemlestirilgen kárxanalar — *mámleketlik kárxanalar*, jeke múlk tiykarında shólkemlestirilgen kárxanalar bolsa *jeke menshik kárxanalar* dep júrgiziledi. Sonday-aq, mámleket hám jeke múlkke tiykarlanǵan aralas túrdegi kárxanalar da bolıwı múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Isbilermenlik xızmeti ámelge asırılatuǵın kárxananı *firma* dep ataydı. Firma hár túrli tovar hám xızmetlerdi payda alıw ushın islep shıǵaradı. Firmalar kóbinese jeke múlk tiykarında dúziledi. Firmalar (kárxanalar) qanday múlk tiykarında shólkemlestiriliwi, kim tárepinen hám qalay basqarılıwı, firma paydası qalay bólistiriliwi hám firma xızmetiniń nátiyjesine kim hám qanday juwap beriwine qarap túrli formalarda bolıwı múmkin.

*Jeke tártiptegi firmanıń* iyeleri jeke adam bolıp, firma onıń múlki hám qarjısı tiykarında shólkemlestiriledi hám tikkeley usı múlk iyesı tárepinen basqarıladı. Firma xızmetinen alınǵan payda da, zıyan da tek firma iyesine tiyisli. Firma iyesi firma xızmetiniń nátiyjesine tolıq juwapker boladı.

**Kárxana** — tovar islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw ámelge asırılatuǵın xojalıq shólkemi.

**Firma** — isbilermenlik xızmeti ámelge asırılatuǵın kárxana.

**Jeke tártiptegi firma** — jeke adam múlki tiykarında shólkemlestiriletuǵın hám basqarılatuǵın firma.



Abu Rayhon Muhammad ibn Ahmad al-Beruniy (973 — 1048)

Ullı alım hám danıshpan Abu Rayxan Beruniydin kóp sanlı shıǵarmalarında onıń ekonomikaǵa baylanıslı pikirleri kórsetilgen. Ol ekonomikalıq xızmet-miynet súyiwge jaratıwshılıq tiykarında adamnıń mútajligin qanaatlandırıwǵa bolǵan umtılıwshılıǵı dep esaplaǵan. Ol óziniń shıǵarmalarında fizikalıq miynet penen bir waqıtta áqıl miynette zárúr ekenligin túsindiredi. Is haqı miynettiń awırlıǵına hám ónimdarlıǵına baylanıslı bolıw kerekligin aytadı. Alımnıń shigarmalarınan miynet bólistiriliwine tiyisli pikirler hám orin alǵan. Alım sol dáwirde ekonomika tarawınıń insan faktorı ushın áhmiyetli ekenligin bildirgen.

Eki yamasa onnan artıq adamlardıń múlki tiykarında, birgelikte xızmet kórsetiw maqsetinde dúzilgen firma — *shirket* (kooperativ) dep ataladı. Shirket onıń aǵzaları máplerine xızmet etedi. Shirkette onı dúziwshi aǵzalardıń islewi shárt bolıp, ulıwma xızmet nátiyjesi — payda olar arasında óz ara kelisim boyınsha bólistiriledi. Sonıń menen birge, shirket aǵzaları shirket minnetlemelerine tolıq kólemde juwapker boladı. Al, eger shirket isi júrispey, qarızǵa batıp qalsa, qarızdı shirket aǵzaları shirketti shólkemlestiriw ushın



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qosqan mal-múlkleri hám qarjıları esabınan, ol da jetpese, óz jeke múlki esabınan qaplawǵa májbúr degeni. Shirketke awıl xojalıǵındaǵı *fermer xojalıqların* mısal etip keltiriw múmkin.

**Shirket** — birgelikte xızmet kórsetiw maqsetinde eki hám onnan kóp adamlardıń múlki tiykarında shólkemlestirilgen hám xızmet nátiyjesine birgelikte tolıq juwap beretuǵın firma.

Úlkenirek kólemdegi isbilermenlikti shólkemlestiriw úlken baslanǵısh qarjını talap etetuǵını belgili. Bunıń ushın bir neshe adamlar yaki kárxanalardıń sheriklikte háreket etip, mal-múlklerdi birlestiriwine tuwrı keledi. Usı maqsette *sheriklik firması* shólkemlestiredi. Sheriklik tiykarında dúzilgen firmanıń shólkemlestiriwshileri onıń *shólkemlestiriwshileri* dep ataladı.

Shólkemlestiriwshiler firmanıń baslanǵısh kapitalına (ustav fondına) óz pul qarjiları hám mal-múlkleri menen úles qosadı. Shólkemlestiriwshiler firmanıń iyeleri esaplanıp, firmanıń kúndelikli xızmetinde hám onı basqarıwǵa tikkeley qatnaspawı da múmkin. Bunday xızmet nátiyjesinen alınatuǵın payda da, kóriletuǵın zıyan da shólkemlestiriwshiler ortasında *shólkemlestiriwshiler shártnamasında* kózde tutılǵan, kelisilgen qaǵıydaǵa muwapıq bólistiriledi.

Sheriklik tiykarında dúzilgen firmalar xızmetinen kórilgen zıyan shólkemlestiriwshiler tárepinen qalay qaplanıwına qarap hár qıylı atama menen ataladı. Eger shólkemlestiriwshiler kórilgen zıyandı tek firmanı shólkemlestiriwde qosqan úlesi kóleminde ǵana qaplasa, bunday firma — *juwapkershiligi sheklengen sheriklik firması* dep ataladı. “Ltd” qosımta bolıp, inglisshe “Limited” (sheklengen) sóziniń qısqartılǵanı, negizinde, juwapkershiligi sheklengen firma atamasına qosılıp aytıladı. *Juwapkershiligi sheklenbegen sheriklik firmasınıń* shólkemlestiriwshileri bolsa, kórilgen zıyanın tolıq kólemde birlesip qaplasadı. Hátte, zárúrlik tuwılǵanda, óz jeke múlklerin satıp bolsa da, firma zıyanın qaplaydı.

**Sheriklik firması** — eki hám onnan artıq adamlardıń (adam yamasa kárxanalardıń) qarjıları tiykarında shólkemlestirilgen hám belgili kelisim shártleri tiykarında iyelik etiletuǵın, basqarılatuǵın hám xızmet nátiyjesine juwap beriletuǵın firma.

**Firmanıń ustav fondı** — firma xızmetin júrgiziw ushın onıń shólkemlestiriwshileri tárepinen qosılatuǵın úles — mal-múlk hám qarjılar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Isbilermenlik xızmeti menen firma ashpay turıp ta shuǵıllanıw múmkin. Bunıń ushın hákimiyattan «*Jeke tártiptegi jeke isbilermen*» degen biylikti alıw hám xızmet nátiyjesine qaray belgilengen tártipte salıqlardı tólep turıw jetkilikli.

Mámleket ekonomikasında basqa túrdegi firmalar da bolıwı múmkin. Ekonomikalıq sharayatlardan kelip shıǵıp, firma túrleri jetilisip, ekonomikaǵa beyimlesip baradı.

Ózbekstan Respublikası Mámleketlik statistika orayınıń maǵlıwmatına kóre mámleketimizde 2019-jıl 1-yanvar halatına kóre iskerlik júritiwshi kárxana hám shólkemler sanı 323 mıńdı payda etedi. Olardan 72,4 mıńǵa jaqın jeke kárxanalar, 15,5 mıń shańaraq kárxanaları, 170,2 mıńǵa jaqın juwapkershiligi sheklengen jámiyetler hám 64,9 mıńǵa jaqın basqa kárxana hám shólkemler.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Firmalar qaysı ózgesheliklerine qarap túrlerge bólinedi?
2. Firmanıń hár bir túrine aymaǵıńızda xızmet kórsetip atırǵan firmalardan mısal keltiriń.
3. Hár bir firma túriniń jetiskenlik hám kemshilik tárepleri sanań.
4. Shirket hám sheriklik firmasınıń qanday uqsaslıq hám ózgeshe tárepleri bar?
5. Mámleket kárxanaları hám jeke menshik firmalar nesi menen bir-birinen parq qıladı?
6. Juwapkershiligi sheklengen hám juwapkershiligi sheklenbegen firmalar nesi menen bir-birinen parqlanadı.

## Tapsırma

| Firma haqqında sorawlar | Jeke firma | Shirket | Serikshilik firması |
|---|---|---|---|
| a) kim iyelik qıladı? | | | |
| b) múlk qanday qáliplesedi? | | | |
| d) qanday basqarıladı? | | | |
| e) payda qalay bólistiriledi? | | | |
| f) iskerlik nátiyjesine juwapkershılık qanday? | | | |

1. Kesteni dápterińizge kóshiriń hám onıń birinshi qatar sorawlarǵa juwaplar tiykarında kesteniń bos jerlerın toltırıń.
2. a) dúkan, b) kishi nanbayxana, d) úlken konditer ónimleri sexı, e) úlken un zavodın ashpaqshı bolsańız, firmanıń qaysı túrin tańlaǵan bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 3- TEMA AKCIONERLER JÁMIYETI













## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. 1-súwrette akciyalar súwretlengen. Olar qanday qaǵazlar? Bilgenlerińizdi klaslaslarıńız benen bólisiń.
2. 2-súwrettegi fond indeksleri haqqında televideniye arqalı berilgen maǵlıwmatlardı esley alasızba? Olardıń qaysı birin bilesiz hám ol haqqında nelerdi ayta alasız?
3. 3-súwrette zavod, 4-súwrettegi bank sıyaqlı iri kompaniyalar iskerligin shólkemlestiriw hám basqarıwda isbilermenler qanday qıyınshılıqlarǵa dus keliwi múmkin dep oylaysız?

Juwapkershiligi sheklengen firmalar úlken kárxanalar kóleminde — *akcionerlik jámiyet* kórinisinde shólkemlestiriledi. Akcionerler jámiyeti baslanǵısh ustav fondı kólemine teń muǵdarda óz *akciyaların* shıǵaradı hám satadı. Bul akciyanı satıp alǵan hár bir adam jámiyettiń aktsionerine aylanadı. Jámiyet akcionerine hár jılǵı paydasınan satıp alǵan akciyasına sáykes túrde haqı — *dividend* tóleydi. Akcionerler jámiyetin shet *ellerde akcionerler kompaniyası* yamasa *korporaciyalar* dep te ataydı. Eger akcionerlik jámiyetineń akciyaları qálegen adamǵa satılsa, bunday jámiyet *ashıq túrdegi akcionerler jámiyeti* dep, eger tek aldınnan belgilep qoyılǵan adamlar toparına (jámiyettiń shólkemlestiriwshileri yaki xızmetkerlerine) satılsa, ol *jabıq túrdegi akcionerlik jámiyet* dep ataladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Birinshi akcionerlik jámiyeti XVI ásirde Niderlandiyada shólkemlestirilgen «Ostind» kompaniyası bolıp, ól Hindistan menen sawda-satıq islerin alıp barǵan.

Aksiyoner satıp algán akciyalar sanına qarap, akcionerlik jámiyetti basqarıwda dawıs beriw jolı menen qatnasıwı múmkin. Ol qansha aksiya satıp alǵan bolsa, akcionerlik jámiyettiń ulıwmalıq jıynalında sonsha dawısqa iye bolıp, ol yaki bul qarardi qabıl qılıwda, jámiyet basshıların saylawda óz dawısı menen tásir etiwi múmkin. Usı sebepli, akcionerde akciya qansha kóp bolsa, ol kárxananı basqarıw máselelerine sonsha kóbirek tásir ótkere aladı. Eger akcioner akciyalarınıń yarımınan kóbin, yaǵnıy akciyalar baqlaw *paketin qolǵa* kiritse, ol kárxananıń jeke basshısına aylanadı. Sebebi, akcionerler ulıwma jıynalısta hár qanday qarardıń qabıl qılınıwında onıń pikiri — dawısı sheshiwshi bolıp qaladı.

**Akcionerlik jámiyet** — ustav fondı, akciyalardı satıwdan qálip-lesken, juwapkershiligi sheklengen iri firma.

**Akciya** — firma ustav fondına úles qosılǵanın tastıyıqlawshı hám iyesine firma paydasınan belgili payda alıw huqıqın beriwshi hújjet — qımbat bahalı qaǵaz.

**Ashıq túrdegi akcionerlik jámiyet** — akciyaları qálegen adamǵa satılatuǵın jámiyet.

**Jabıq túrdegi akcionerlik jámiyeti** — akciyaları tek aldınnan belgilep qoyılǵan adamlar toparına satılatuǵın jámiyet.

Akciyalar eki túrli — ápiwayı hám jeńillikke iye boladı. *Ápiwayı akciyalar* olardan keletuǵın payda — dividendti kepillikke alınbaydı. Biraq akcionerlik jámiyeti ulıwma májiliste dawıs beriw huqıqın, yaǵnıy basqarıwda qantasıw huqıqın beredi. *Jeńillikke iye akciyalar* bolsa olardan keletuǵın hár jılǵı dividendti akciya nırqınıń belgili procent muǵdarında kepillikke aladı. Jeńillikke iye akciya iyesi akcionerlik jámiyetti basqarıwda qatnasa almaydı, sebebi ol akcionerlerdiń ulıwma májilisinde dawısqa iye bolmaydı. Akcionerlik jámiyet xızmeti menen baylanıslı eń áhmiyetli máselelerdi ulıwma májiliste saylanatuǵın direktorlar keńesi sheshedi. Jámiyetti basqarıw bolsa jallanǵan menedjerler tárepinen ámelge asırıladı.

Akciya — qımbat bahalı qaǵaz bolıp, onıń ústine — nominal bahası jazıp qoyılǵan boladı. Akciyanı akcioner basqa adamǵa satıwı yamasa sawǵa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qılıwı múmkin. Akciyalar ádette fond birjalarında satıladı hám satıp alınadı. Akciyadan onıń iyesine kelip atırǵan payda — dividendtiń kóp yamasa azlıǵına qarap, akciyanıń fond birjasındaǵı bazar bahası — akciyanıń kursı ózgerip turadı. Máselen, akciyanıń nominal bahası 10 000 sum bolǵan jaǵdayda, akciya 12 000 sumǵa yamasa 9 000 sumǵa satılıwı múmkin. Bunday jaǵdaylarda, akciyanıń kursı óskenligi yamasa túskenligi haqqında sóz etiledi. Akciya kursınıń ózgeriwi, onıń bazar bahası nominal bahasına salıstırmalı procent muǵdarı menen anıqlanadı. Joqarıdaǵı mısalda birinshi halatta akciya kursı, 120% ti, ekinshi halatta bolsa 90% ti quraǵanlıǵın kóriw múmkin.

**Akciyanıń nominal bahası** — akciya ústine jazıp qoyılǵan baha.
**Akciya kursı** — akciyanıń bazardaǵı nırqı.
**Dividend** — akciya iyesiniń firma paydasınan alatuǵın úlesi.

**Shınıǵıw**

Abdullayev — akcionerlik jámiyetiniń 16 ápiwayı akciyasınıń iyesi. Jıl juwmaǵına kóre, jámiyet 20 000 000 sum payda kórdi hám onıń yarımın dividend sıpatında bólistirmekshi. Eger jámiyettiń jámi 2000 dana ápiwayı akciya satqanı málim bolsa, Abdullayev akcıyalardan qansha dividend aladı?

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Akcionerlik jámiyetti tolıq sıpatlap beriń.
2. Ashıq hám jabıq túrdegi akcionerlik jámiyetlerin bir-birinen parqı nede?
3. Ápiwayı hám jeńillikke iye akciyalardıń abzallıq hám kemshilik tárepleri anıqlań?
4. Akcionerlik jámiyettiń juwapkershiligi sheklengen sheriklik firmasınan qanday abzallıq hám kemshilikleri bar?
5. Aymaǵıńızdaǵı qanday akcionerlik jámiyetlerin bilesiz?
6. Akcionerlik jámiyettiń akciyalarin mámleket yamasa shet el firmaları satıp alıwı múmkin be?
7. Akcioner jámiyetti basqarıwda qanday tásir kórsetiwi múmkin?
8. Akcionerlik jámiyettiń úlken payda kóriwinen kim kóbirek mápdar: ápiwayı akciya iyesi me yamasa jeńillikke iye akciya iyesi me?
9. Akcionerlik jámiyettiń sınıwınan kim kóbirek zıyan kóredi: ápiwayı akciya iyesi me yamasa jeńillikke iye akciya iyesi me?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsırma**

**“Ziyo” akcionerler jámiyeti**

| | |
|---|---|
| Ustav fondı | — 40 000 000 000 sum. |
| Akciyalardıń túri | — apiwayı. |
| Akciyalar nominal bahası | — 10 000 sum. |
| Akciyalar sanı | — 4 000 000 dana. |
| Akcionerleri: | |
| — Dilaram | — 10 % akciya iyesi; |
| — Dilshad | — 20 % akciya iyesi; |
| — Batır | — 35 % akciya iyesi; |
| — basqalar (20 kisi) | — 35 % akciya iyesi. |
| Bir jıllıq sap payda | — 5 000 000 000 sum. |

“Ziyo” akcionerler jámiyeti akcionerlerge jıllıq sap paydanı bólistiriw máselesin talqılaw jasamaqta. Dilaramnıń pikirlewinshe, paydanıń hámmesin dividend túrinde bólistiriw kerek. Dilshadta sonı ayttı. Batırdıń pikirinshe, paydanıń yarımın óndiristi keńeyttiriwge qaratıp, yarımın bolsa akcionerler órtasıda bólistiriw kerek.

1. Sizińshe, kimniń pikiri áhmiyetli dep oylaysız? Nege?
2. Paydanıń hámmesi bólistirise, jámiyet tiykarǵı akcionerleriniń hár biri qanshadan dividend aladı?
3. Hár bir akciya qanshadan dividend kórinisındegi tabıstı alıp keladi?
4. Bul kárxana akciyalarınıń bazar bahası haqqında ne deysiz?

**Bunı este saqlań!**

• Akcionerlik jámiyet — ustav fondı akciyalar satıwdan qáliplesken, juwapkershiligi sheklengen iri firma bolıp, ol ashıq yaki jabıq túrde shólkemlestiriledi.

• Akcionerlik jámiyeti akciya iyesi akcionerlerge óz paydasınan dividend tóleydi.

• Akciyalar fond birjasında erkin satılıwı múmkin.

• Ápiwayı akciyalar boyınsha dividend payda kórilgen halatta ǵana tólenedi.

• Jeńillikke iye akciyalar boyınsha belgili muǵdardaǵı divident kepillenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## GÁREZSIZ JUMÍS — FOND BAZARÍ INDEKSLERI

Fond bazari (ingl. *"stock market"*) — bul finans bazardıń qımbat bahalı qaǵazlar satılatuǵın túri bolıp, bunday qaǵazlardiń eń kóp tarqalǵanı akciyalar.

Fond bazarınıń eń tiykarǵı institutları — fond birjaları.

Ǵalaba xabar qurallarınan "Nyu-York fond birjasında indeksler keskin kóterildi", yaki kerisinshe, "*tústi*" degen xabarlardı esitkenbiz. Bunda kóbinese Dou-Jons, Nikkey, Daks, Xang Seng sıyaqlı indeksler atları tilge alınadı. Bul indeksler neni táriyipleydi?

Birinshi indeksti amerikalıq Edvard Jons hám Charlz Dou oylap tapqan. Olar Nyu-York fond birjasında AQShtıń eń iri 12 kárxana akciyaları bahalarınıń orta arifmetik bahasınan indeks esaplap shıǵarǵán hám onı Dou Jons (Dow Jones) indeksi dep ataǵan. Sol waqıttan beri bul indeksti esaplaw tártibi bir qansha ózgerdi, quramalastı. Házir bul indekske kiretuǵin kárxanalar sanı 30 ǵa jetti. Bul indekske eń ataqlı Coca-Cola, IBM, Intel, General Motors sıyaqlı kompaniyalar kiredi.

Ekonomikalıq processti analiz qılıw ushın birja indeksi kórsetkishiniń ózi kerek emes, bálkim bul kórsetkishtiń ózgeriwi zárúr.

Máselen, birja indeksi ósip atırǵan bolsa, demek, bul indekske tiyisli kárxanalar akciyaları qımbatlasıp atırǵan, yaǵnıy ekonomikanıń usı tarawında ósiw júz berip atırǵan boladı. Eger, kerisinshe, indeks tómenlese, usı tarawda hám tómenlew júz berip atırǵan boladı. Sonday indeksler bar, olar tek ekonomikanıń belgili tarawın, bálkim pútin mámleket ekonomikasınıń awhalın sáwlelendirip turadı. Máselen, S&P 500 indeksine AQShtıń eń iri 500 kompaniyaları kiredi hám olar ekonomikanıń hámme tarawların qamtıp aladı. Demek, bul indekstiń ózgeriwi pútin AQSh ekonomikasındaǵı ózgerislerdi ózinde sáwlelendiredi.

### SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Internetten: 1. Belgili kompaniya aksiyalarınıń jámi bahasın hám onıń kúnlik ózgeriwin anıqlań.

2. Joqarıdaǵı atları aytılǵan indekslerdiń jámi bahasın hám bir kúnlik ózgeriwin anıqlań.

3. Tashkent Respublika fond birjasında belgili kárxana akciyasınıń jámi bahasın hám onıń kúnlik ózgeriwin anıqlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 4- TEMA FIRMANÍ ASHÍW

Jeke tártiptegi isbilermen

Juwapkershiligi sheklengen firma

Akcionerlik jámiyet

Menshik firma



Shirket

Juwapkershiligi sheklenbegen firma

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. "Firma aktivligi hám iskerlik júritip atırǵanlıǵı, albette, qanday da bir hújjetlerde sáwlelendirip turıwı shárt" degen fikirge óz múnásebetińizdi bildiriń.

2. Keri jaǵdayda qanday qıyın aqıbetler júz beriwi múmkin?

3. Sizińshe, joqarıdaǵı firmalardıń qaysı biri shólkemlestiriw, hújjetlerdi rásmiylestiriw qıyın? Qaysıları, kerisinshe, oǵan salıstırǵanda ańsat?

Firma ashıw ushın tómendegi islerdi ámelge asırıw kerek boladı. Eń dáslep, firma ashıw menen baylanıslı hújjetler — firmanıń ustavı hám shólkemlestiriw shártnamasın tayarlaw kerek. Firmanıń ustavında firmanıń atı, mánzılı, firma ashıwdan gózlengen maqset, firmanıń qanday xızmet túrleri menen shuǵıllanıwı, firma kimler — qaysı shólkemlestiriwshiler



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

tárepinen ashılıp atırǵan, firmanıń sırtqı forması, firmanı júrgiziw ushın dáslep qansha muǵdarda baslanǵısh qarjı — ustav fondı qollanıp atırǵanı, firmanı shólkemlestiriwshilerdiń ustav fondına qosqan úlesi, firma mal-múlkleriniń quramı hám onı dúziw tártibi usaǵan maǵlıwmatlar óz kórinisin tabıwı lazım. Firmanıń ustavında kózde tutılatuǵın hár bir punkt isbilermenlik haqqındaǵı hárekettegi nızamlarǵa qayshı kelmewi kerek. Firmanıń ustavı, ádette, isbilermenliktiń usı firmaǵa jol-joba ham nızam qaǵıydalarına mazmunınan ibarat bolıp, keleshekte firma oǵan ámel etken halda xızmet júritiwi shárt boladı.

**Firma ustavı** — firma shólkemlestiriwshileri ortasında óz ara jumıs alıp barıw boyınsha dúziletuǵın kelisim hújjeti.

Shólkemlestiriw shártnaması, firmanı shólkemlestiriwshiler eki yamasa onnan artıq adam bolǵanda dúziledi. Firmanı shólkemlestiriw shártnamasında firmanı shólkemlestiriw, xızmet kórsetiw, firmanı basqarıw principi hám mexanizmleri, ustav fondınıń quramı hám oǵan qosılatuǵın úlesler, firma paydasın shólkemlestiriwshiler ortasında bólistiriw qaǵıydaları, firmanıń ishki basqarıw strukturasın, firma statusın ózgertiw hám onı tamamlaw menen baylanıslı jol-jobalar hám óz ara kelisiwler óz sáwleleniwin tapqan bolıwı kerek.

**Firmanı shólkemlestiriw shártnaması** — firma shólkemlestiriwshileri ortasında óz ara jumıs alıp barıw boyınsha dúziletuǵın kelisim hújjeti.

Firmanıń óz atı, móri hám belgileri bolıp, olar mámleketlik dizimnen ótkeriledi hám firmaǵa ekonomikalıq xızmet islewshi sıpatında *yuridikalıq tárep* statusı beriledi. Firma atı jazılǵan dóńgelek, múyeshli mórler hám is qaǵazların tayarlatıp, tolıq maǵanada óz xızmetin ámelge asırıwǵa kirisedi. Firmanıń pul menen baylanıslı barlıq isleri bank arqalı ámelge asırıladı. Prezident pármanına muwapıq, isbilermenlik subyektlerine xızmet kórsetiw boyınsha “Bir ayna” orayları 2018-jıl 1-yanvardan baslap Mámleket xızmetleri oraylarına aylandırıldı.

Firmalardı dizimnen ótkeriw boyınsha xızmetler hám mine usı oray arqalı ámelge asırılatuǵın boldı.

2017-jıl 1-aprelden baslap Birden bir interaktiv mámleket xızmetleri portalı (my.gov.uz)arqalı isbilermenlik subyektlerin onlayn tárizde dizimge alıw xızmeti jolǵa qoyıldı. Usı xızmet quralında isbilermenlerdi dizimge alıw waqtı 30 minut dep belgilendi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Firmanıń atı, mór yamasa tovar belgisi onıń tanımalı belgileri esaplanadı. Olardı tańlawda firmanıń ózine tán ózgesheliklerin esapqa alıw kerek. Firmanıń tamǵası yamasa tovar belgisi, onıń ónimleri basqa firma ónimlerinen ajıralıp turıwı ushın xızmet etedi. Firmanıń tovar belgisi tutınıwshılar ushın da qolaylılıq jaratadı. Olar prilavkalardan, reklama hám daǵazalardan yamasa bul firmanıń ónimlerin tovar belgilerine qarap tez ajıratıp aladı. Sonday-aq, firma óz atı, tovar belgisin de belgilengen tártipte tiyisli shólkemlerde dizimnen ótkeriwi kerek boladı. Sebebi, basqa firmalardıń atın qoyıw, tovar belgilerinen paydalanıw dúnya boyınsha qadaǵan etilgen.

Firma ashpaqshı bolǵan shaxs Mámleketlik Statistika komitetinin arnawlı saytına kirip ózi tanlagan firma atın rásmiylestiriwge buyırtpa beriwi mumkin.

Ózbekstanda isbilermenlik jumısı menen shuǵıllanıwshınıń huqıqıy tiykarları Ózbekstan Respublikası Konstituciyasında óz kórinisin tapqan. Tiykarınan, Konsituciyamizdiń 53-statyasında “Mámleket tutınıwshılarınıń huqıqıy ústinligin esapqa alıp, ekonomikalıq iskerlik,isbilermenlik hám miynet qılıw erkinligi, hámme múlk formalarınıń teń huqıqıylıǵın hám huqıqıy tárepten teńdey baqlap barıwın qadaǵalaydı” dep atap ótilgen.

Mámleketimizde isbilermenlik ortalıqtı jaqsılaw, isbilermenlerge jánede kóbirek imkaniyatlar jaratıw, kishi biznes hám jeke isbilermenlikti jedellestırıw maqsetınde mámleketimizde keń kólemli jańalanıwlar ámelge asırılmaqta. Sońǵı jıllarda bul tiykarda qatar nızamlar, Prezidentimizdiń onlaǵan párman hám qararları qabıl qılındı. Bular hám isbilermenlikti rawajlandırıw ushın huqıqıy tiykar bolıp xızmet qıladı.

**Bilesiz be?**

Respublikamızda dizimge alınǵan kárxanalar hám shólkemler sanı 2019-jil 1-yanvar jaǵdayına kóre, shama menen 323,5 mıńdı quraydı. Bul ótken jılǵa salıstırǵanda 38 mıńǵa (13.3% ke) kóp. Sonday-aq, mámleketimizdegi shet el kapitalı qatnasıwı menen shólkemlesken kárxanalar sanı bir jılda 39,3% ke kóbeygen hám 7,8 mıńdı quraǵan. Bunda eń kóp kárxanalar Rossiya, Qıtay, Turkiya, Qubla Koreya hám Qazaqstan mámleketleri kapitalı qatnasıwında shólkemlestirilgen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Tapsırma

## FIRMA ASHAMÍZ

1. Jańa biznes ideya oylap tabıń. Ol tiykarında firma belgilerinen birin tańlap, jeke ózińiz yaki doslarińiz benen birgelikte shártli firma shólkemlestiriń.
2. Firmaǵa kerekli at qoyıń.
3. Firma nızamın dúziń. Nızamda firmanı ashıwdan kózlengen maqset, sırtqı huqıqıy formaları, tiykarshıları ne menen shuǵıllanıwı, ustav fond muǵdarı, jaylasqan mánzil kibi maǵlıwmatlardı keltiriń.
4. Firma shólkemlestiriwshileri ortasında shólkem shartnamasın dúziń hám imzalań. Bunıń ushın, aldın kim ne menen shuǵıllanıwı, firmanı kim basqarıwı, nızam fondınıń muǵdarı hám oǵan kim qansha úles qosıwı, payda qanday bólistiriliwi sıyaqlı máselelerdi óz ara dodalań hám shártnamada kórsetiń.
5. Firmanıń tovar belgisin siziń hám dodalań.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Firma ashıw tártibin túsindirip beriń.
2. Firmaǵa ustav ne ushın kerek hám ustavta ne sawlelendiriledi?
3. Firma ustavında kórsetilmegen xızmet túrleri menen shuǵıllanıw múmkin be?
4. Firmanı shólkemlestiriw shártnaması nelerdi óz ishine aladı?
5. Firmanı shólkemlestiriw shártnaması ne ushın dúziledi?
6. Firma qay jerde mámleketlik dizimnen ótkeriledi?
7. Ne sebepten firmalarǵa bir-biriniń tanımalı belgilerinen paydalanıwǵa ruxsat berilmeydi?

**Bunı este saqlań!**

- Firma ashıw onıń túri hám atın tabıwdan baslanadı.
- Firma ustavında onıń xızmet túri, firma ashıwdan maqset, onıń mánzili, shólkemlestiriwshileri hám ustav fondı haqqındaǵı maǵlıwmatlar keltiriledi.
- Shólkemlestiriw shártnaması shólkemlestiriwshilerdiń óz ara múnásibetleriń anıqlastıradı.
- Tanımalı belgileri firmanıń atı hám onıń tovar belgileri sıyaqlılar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 5- TEMA FIRMANÍŃ QARJÍLARÍ HÁM QÁREJETLERI




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSIRMALAR

1. Joqarıdaǵı súwrette firma qarjılarınıń aylanısı súwretlengen. Onı dıqqat penen kózden ótkeriń hám túsindiriń.
2. Firmanıń qárejetleri aylanıw basqıshlarınıń hár birinde qanday kóriniste bolıwın analiz qılıń hám óz pikirińizdi bildiriń.

Hár qanday firma ushın ekonomikalıq xızmetti ámelge asırıwda qanday da bir qarjı kerek boladı. Ádette, firmanıń qarjısı firma iyeleriniń pul qarjılarınan quraladı.

Firma qarjıları jumsalıwına, neler satıp alınıwına qarap eki túrge bólinedi. Imarat hám qurılıslar, ásbap hám úskeneler satıp alıwǵa sarplanǵan qarjılar *tiykarǵı qarjılar* (tiykarǵı kapital) dep júrgiziledi. Tiykarǵı qarjı — islep shıǵarıwda uzaq jıl hám kóp márte paydalanatuǵın tiykarǵı óndiris quralların satıp alıwǵa mólsherlengen qarjılar. Máselen, fermerdiń traktor, kombayn satıp alıw ushın yaki bolmasa dala shertegi qurıw ushın ajıratılǵan qarjıları tiykarǵı qarjılarǵa mısal bola aladı.

Shiyki zat, janılǵı, energiya, hár qıylı materiallar satıp alıwǵa hám jumısshı kúshin jallawǵa sarplanatuǵın qarjılar *aylanba qarjılar* (aylanba kapital) dep júrgiziledi. Aylanba qarjı óndiriste isletiletuǵın resurslar satıp alıw ushın mólsherlengen qarjılardan ibarat boladı. Firma aylanba qarjısına resurslar bazarınan shiyki zat, hár túrli materiallar satıp aladı hám jumısshı kúshin jallaydı. Buniń menen firmanıń aylanba qarjısı pul kórinisindegi formasınan 24 materiallıq kórinistegi formaǵa ótedi. Bul



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

resurslardan firmada tovarlar islep shıǵarıladı. Olar satılǵannan keyin, jáne pul túrindegi qarjıǵa aylanıp, firmaǵa qaytıp keledi.

Usılayınsha firmanıń aylanba qarjıları ekonomikalıq xızmeti nátiyjesinde aylanıp turadı. Olardıń usı ózgesheligi sebepli, bul qarjılar aylanba qarjılar dep ataladı. Firmanıń aylanba qarjılarına mısal qılıp fermerdiń tuqım, mineral tóginler, janılǵı hám maylawshı ónimlerin keltiriw múmkin.

**Tiykarǵı qarjı** — islep shıǵarıwda uzaq jıl hám kóp márte qollanılatuǵın tiykarǵı óndiris quralların satıp alıwǵa mólsherlengen qarjı.

**Aylanba qarjı** — shiyki zat, hár qıylı materiallardı satıp alıwǵa hám jumısshı kúshin jallawǵa sarplanǵan qarjılar.

Tiykarǵı qarjılar da «aylanadı». Olardıń aylanıw dáwiri tiykarǵı óndiris qurallarınıń qansha waqıt isletiliwine, xızmet kórsetiw múddetine baylanıslı boladı. Ádette, imarat hám qurılıslardıń paydalanıw múddeti 20 jıl, ásbap-úskenelerdiki bolsa 5—7 jıl bolıp belgilenedi. Bul waqıt dawamında olar tozıp, hár jılı dáslepki bahasınıń belgili bir bólegi jaratılǵan ónim bahasına ótip, arzanlasıp baradı. Mine usı *amortizaciya ajıratpası* dep ataladı. Mine usı arzanlasıw bahası satılǵannan soń, firmaǵa pul kirimi quramında qaytadı hám firmadaǵı arnawlı qorına — amortizaciya qorına jiberiledi. Firmanıń ulıwma pul kiriminen amortizaciya qorına jiberilgen pul amortizaciya ajıratpası dep ataladı. Ádette, jıllıq amortizaciya ajıratpası imarat yamasa buyımlar bahasın olardan paydalanıw múddetine bólıp tabıladı.

$$A = \frac{p}{n}$$

$A$ — jıllıq amortizaciya ajıratpası;
$p$ — tiykarǵı islep shıǵarıw ónimniń bahası;
$n$ — paydalanıw múddeti.

**Amortizaciya ajıratpası** — tiykarǵı islep shıǵarıw qurallarınıń góneriwi nátiyjesinde olar bahasınıń islep shıǵarılǵan ónim bahasına ótken bólimi.

Máselen, kishi kárxana jaylasqan imarattıń bahası 160 mln sum bolıp, onnan paydalanıw múddeti 20 jıl qılıp belgilengen bolsın. Demek, hár jılı imarat bahası 160 mln : 20 = 8 mln sumǵa arzanlasıp, bul pul ónim bahasına ótedi hám ol satılǵannan soń, amortizaciya fondında jıynalıp barıladı.

Firma xızmeti ushın pul qarjıların jumsaw biznesti qarjılandırıw dep te ataladı. Firmanıń ishki hám sırtqı finanslıq qarjı derekleri boladı. Ishki finanslıq qarjı dereklerine tómendegiler kiredi:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. **Firmanıń taza paydası.** Firmanıń paydasınıń barlıq tólem hám salıqlar tólegennen soń qalǵan bólegi firmanıń taza paydası dep ataladı. Firmanıń taza paydası, ádette, onıń shólkemlestiriwshileri ortasında bólistiriledi. Lekin, firma shólkemlestiriwshileri taza paydanıń hámmesin óz ara bólispesten, onıń málim bir bólegin firmanıń keyingi xızmetin pul qarjıları menen támiyinlewge sarplawı múmkin.

2. **Amortizaciya fondi.** Bul fond tek tiykarǵı qurallardı satıp alıwǵa sarplanadı.

3. **Ustav fondi.** Ol firma xızmetiniń baslanǵısh dáwirinde isletiledi.

Firmanıń ishki qarjıları jeterli bolmaǵanda, sırtqı finanslıq qarjılardı tabiw kerek boladı. Sırtqı dereklerge tómendegiler kiredi:

1. Firma iyeleriniń firmanıń ustav kapitalın kóbeytiw ushın ajıratqan qosımsha qárejetleri.

2. Banktan yaki basqa firmalardan alınǵan qarız qárejetleri.

3. Firmanıń qımbat bahalı qaǵazlar shıǵarıp satıwdan túsken pul túsimleri.

Sırtqı finanslıq derekler ishki dereklerden sonısı menen ajıraladı, olardı álbette qaytarıw kerek.

Firmanıń belgili bir dáwir ishinde ónim islep shıǵarıw ushın sarplaǵan qárejetleri *ulıwma qárejetler* dep aytıladı. *TC* — inglisshe «total costs» (ulıwma qárejet) sózleriniń bas háripleri menen belgilenedi. Óz náwbetinde, ulıwma qárejetler turaqlı hám ózgermeli qárejetlerden quraladı.

Islep shıǵarıw kólemine baylanıslı bolmaǵan qárejetlerge *turaqlı qárejetler* (inglisshe — fixed costs) delinedi hám *FC* háripleri menen belgilenedi. Turaqlı qárejetlerge ijara haqı, qarız procenti, qamsızlandırıw haqı, amortizaciya ajıratpası, administrativ qárejetler sıyaqlı qárejetler kiredi. Bul túrdegi qárejetler ónim kóp yaki kem muǵdarda islep shıǵarılıwına qaramastan, hátte ónim islep shıǵarılmaǵan jaǵdayda da firma bul qárejetlerdi qaplawı kerek boladı.

*Ózgermeli qárejetlerge* (inglisshe — variable costs) ónim islep shıǵarıw kólemine baylanıslı bolǵan qárejet kiritiledi hám *VC* háripleri menen belgilenedi. Bunday túrdegi qárejetlerge shiyki zat, is haqı, janılǵı, energiya derekleri, hár túrli materiallardı satıp alıw qárejetleri kiredi. Qansha kóp ónim islep shıǵarılsa, bul qárejetler muǵdarı da sonsha kóp boladı.

Joqarıda atap ótkenimizdey, turaqlı túrde hám ózgeriwsheń qárejetler jıyındısı ulıwmalıq qárejetlerden ibarat boladı.

Ulıwma qárejetler: $TC = FC + VC$ *TC* — ulıwma qárejet; *FC* — turaqlı qárejet; *VC* — ózgeriwsheń qárejet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kópshilik jaǵdaylarda, islep shıǵarıwshini, isbilermendi belgili bir waqıt dawamında islep shıǵarıw qárejetleriniń ulıwma muǵdarı emes, bálki bir birlik ónimdi islep shıǵarıw ushın sarplaǵan ortasha qárejet (inglisshe—average cost) qızıqtıradı hám ol *AC* háripleri menen belgilenedi. Bul muǵdardı geyde *ónimniń ózine túser bahası* dep te ataydı.

Ortasha qárejet muǵdarı ulıwmalıq qárejet muǵdarın jámi islep shıǵarılǵan ónim muǵdarına bólıp tabıladı:

**Ortasha qárejet:** $AC = TC : q$ $AC$ — Ortasha qárejet; $q$ — ónim muǵdarı.

Máselen, firma bir ay dawaminda 5000 miń dana ónim islep shıǵarıwı ushın 350 000 000 sum muǵdarında ulıwma qárejet jumsawdı jobalastırǵan bolsın. Onda bir dana ónimdi islep shıǵarıw ushın sarplanatuǵın ortasha ulıwma qárejet 70 mıń sumdı quraydı. ($AC = TC : q$ = 350 000 000 sum : 5000 dana = 70 000 sum). Bul kórsetkish isbilermenge, bul jaǵdayda ónimdi 70 mıń sumnan kem bolmaǵan bahada satqan jaǵdayda ǵana payda alıp keliwi múmkin ekenligin kórsetip turadı. Jańa ónimleriniń shártli, islep shıǵarıw bahası 70 mıń sumǵa belgili payda qosılǵannan payda bolǵan muǵdarına teń boladı.

Bazı bir waqıtlarda birlik ónimge sarplanǵan ortasha qárejetti, kóbirek muǵdarda ónim islep shıǵarıw esabınan kemeytiwdiń ilajı tabıladı. Lekin, ónimniń islep shıǵarıw kólemi belgili bir muǵdardan asqannan soń, qansha kóp islep shıǵarılmasın, ortasha qárejet páseyiw ornına arta beredi. Ónim islep shıǵarıw kóleminiń, tap usı muǵdarı, firma ushın eń maqul kórsetkish bolıp esaplanadı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Firmanıń tiykarǵı hám aylanba qarjıların túsindiriń.
2. Firmanıń ishki hám sırtqı qarjılandırıw dereklerin sanań.
3. Amortizaciya ajıratpası ne?
4. Qárejet qanday qásiyetine kóre barqulla ózgeriwshen dep ataladı?
5. Nanbayshınıń ózgermeli hám turaqlı qárejetlerin sanań?
6. Ortasha qárejet qanday esaplanadı?
7. Másele: Kárxana 400 000 000 sum ulıwma qárejet qılǵan. Onıń 38%li ózgeriwshen qárejetler. Turaqlı hám ózgeriwshen qárejetlerdi tabıń.

**Bunı este saqlań!**

- Firmanıń tiykarǵı hám aylanba qárejetleri bar.
- Firma qárejetleriniń ishki hám sırtqı derekleri bar.
- Firma tiykarǵı qurılmalardı jańalaw hám tiykarǵı qárejetlerdi tolıqtırıw ushın firma amortizaciya ajıratpasın qáliplestiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 6- TEMA JALPÍ DÁRAMAT, PAYDA HÁM SHÍǴÍN






## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Anvar aǵa hám Jamila apa shuǵıllanıw ushın isbilermenlik túrin tańlaw maqsetinde isbilermenlik tarawların iskerlik nátiyjelerin úyrenip shıqtı hám olardı óz ara salıstırdı.

Anvar aǵa: «Fotostudiya kem dáramat keltirip tur, biraq alǵan paydası anaǵurlım jaqsı, konditerlik cexınıń dáramatı anaǵurlım kóp. Biraq, usıǵan jarasıqlı onıń qárejetleri de kóp eken» dedi. Jamiyla apa bolsa: «Toy kiyimleri salonınıń qárejetleri kóp, biraq soǵan jarasıqlı ózine túser dáramatı da kóp boladı eken. Gózzallıq salonınıń qárejeti kem, biraq paydası anaǵurlım kóp» dep gápke aralastı.

1. Siz olardıń gúrrińinen neni túsindińiz dáramatı kóp, biraq qárejeti de kóp isbilermenlik túri jaqsı ma yamasa, qárejeti kem, biraq dáramatı kishi isbilermenlik túri jaqsı ma?
2. Ne ushın olar ayırım isbilermenlik túrleriniń dáramatlı qárejetli dep, al ayırımların bolsa, paydalıraq dep kósetedi?
3. Ayırım isbilermenlik túrleri haqqında adamlar «Isbilermenge zıyan keltirdi» dep kósetiwi neni ańlatıwın bilesiz be?
4. Ózińiz jasaytuǵın orınnıń imkaniyatlarınan kelip shıǵıp Anvar aǵa hám Jamila apaǵa qanday másláhatlar bergen bolar edińiz?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Kárxananıń belgili bir waqıt dawamında tovar hám xızmetlerdi satıwdan qolǵa kirgizgen jámi pul túsimi — jalpı dáramat dep aytıladı hám *TR* háripleri (inglisshe «total revenue» jalpı dáramat soziniń bas háripleri) menen belgilenedi. Eger satılǵan tovar muǵdarı (*q*) hám bir tovardıń ortasha satıw bahası (*p*) belgili bolsa, jalpı dáramat tómendegishe tabıladi:

**Jalpı dáramat** = **Tovardıń ortasha satıw bahası** × **Satılǵan tovar muǵdarı**

*Máselen, konditer ónimler firması bir ayda 8000 dana tort tayarlap, olardı 45000 sumnan satqan bolsa, firmanıń aylıq dáramatı 360000000 sumǵa teń boladı. Yaǵnıy jalpı dáramat - 45000·8000=360000000 sum.*

*Payda* — kárxananıń belgili bir waqıt dawamındaǵı jalpı dáramatı menen ulıwma qárejetleri arasındaǵı parq bolıp, *P* háribi (inglisshe "profit" (payda) sóziniń bas háribi) menen belgilenedi. Eger bul parq teris belgige iye bolsa, onda payda emes, *shıǵın* haqqında aytıladı.

**Payda** = **Jalpı dáramat** − **Ulıwma qárejet**

Joqarıda keltirilgen konditerlik cexınıń sol ayda qárejetleri 240000000 sumǵa teń bolsa, firma bir ayda 120000000 sum payda kórgen boladı. Yaǵnıy *payda* 36 0000000 sum - 24 0000000 sum = 12 0000000 sumǵa teń.

**Jalpı dáramat** — tovardı satıwdan túsken pul túsimi.
**Payda** — kárxananıń belgili bir waqıt dawamındaǵı jalpı dáramatı menen ulıwma qárejetleri arasındaǵı parq.

Máselen, joqarıda firmanıń keltirilgen aydaǵı qárejetleri 2400000000 sum emes, 39 0000000 sum bolsın. Ol jaǵdayda jalpı dáramat- ulıwma qárejettiń = 36 0000000 - 390000000 = - 3000000000 sumǵa teń minus nátiyjege iye bolamız. Bol bolsa, firma sol ayda 300000000 sum zıyan kórgenin ańlatadı.

**Zıyan** — kárxananıń belgili bir waqıt dawamındaǵı jalpı dáramat penen ulıwma qárejetler arasındaǵı parq.

Bazar ekonomikası sharayatında payda firma xızmetin bahalawshı hám ólshewshi áhmiyetli ekonomikalıq kórsetkish bolıp esaplanadı. Isbilermenlik penen shuǵıllaniwdıń tiykarǵı maqsetleriniń biri — bul payda alıw ekenligin esletiwdiń ózi jetkilikli. Paydanı isbilermenniń táwekelshilik etip, óz qarjısın iske salǵanı ushın berilgen sıylıq dep ataw múmkin. Ekinshi tárepten, payda kárxananıń ózine say «*termometri*» wazıypasın óteydi. Kárxana kóp muǵdarda payda alıp atır ma, demek, kárxana «*salamat*», jaqsı islep atır. Kárxana zıyan kórip atır ma, demek,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Formula**

**Jalpı dáramat**

$$TR = p \cdot q$$

**Payda**

$$P = TR - TC$$

«isler shataq». Úshinshi tárepten, payda neni, qansha hám qanday islep shıǵarıw kerek ekenliginde kórsetedi. Bazar ekonomikası sharayatında ne kóbirek payda alıp kelse, sol nárse kóbirek islep shıǵarıladı hám kerisinshe. Ekonomistler qanday da bir tarawdı rawajlandırıwǵa qarjı sarplawdı investiciya etiw yamasa kapital toplaw dep ataydı.

**Eki fotostudiyanıń avgust ayındaǵı pul túsimler kestesi**

| 1- fotostudiya | | Ónimniń atı | 2- fotostudiya | |
|---|---|---|---|---|
| **Sanı, dana** | **Narqı, sum** | | **Sanı, dana** | **Nırqı, sum** |
| 280 | 1 200 | Hújjet ushın foto | 350 | 1 000 |
| 480 | 800 | Kórkem foto | 200 | 700 |
| 120 | 3 000 | Portret (30x40 sm) | 80 | 3 000 |
| 4 | 250 000 | Toy fotoalbomı | 10 | 150 000 |
| 80 | 20 000 | Pitkeriwshiler vinetkası | 120 | 12 000 |
| 20 | 50 000 | Toy-márekelerge xızmet (saat) | 30 | 35 000 |
| ____________ sum | | **Jámi** | ____________ sum | |

**Fotostudiyalardıń avgust ayındaǵı qárejetleri kestesi**

| Muǵdarı, sum | Qárejet atı | Muǵdarı, sum |
|---|---|---|
| 1 500 000 | Ijara haqı | 800 000 |
| 1 200 000 | Materiallar | 1 650 000 |
| 180 000 | Kommunal tólewleri | 160 000 |
| 1 500 000 | Xızmetkerlerge is haqı | 1 250 000 |
| 100 000 | Reklama | 250 000 |
| 450 000 | Basqa qárejetler | 350 000 |
| ____________ sum | **Jámi qárejetler** | ____________ sum |

Birinshi fotostudiya qalanıń orayında, ekinshisi shetrekte jaylasqan.

1. Fotostudiyalardıń jalpı dáramatları hám qárejetlerin esaplań. Olardı salıstırıń.
2. Fotostudiyalardıń ónimleri quramın, bahaların salıstırıń. Olardıń parıqlanıw sebeplerin dálillep beriń.
3. Fotostudiyalardıń qárejetleri quramın dodalań.
4. Hár qaysı fotostudiya óz iskerligi nátiyjelerin jaqsılaw ushın nelerdi qılıw kerek dep oylaysız?
5. 5. Hár bir fotostudiyanıń paydasın esaplań hám óz ara salıstırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Hár bir firmanıń maqseti tek payda alıw emes, bálki imkanı barınsha kóbirek payda alıw, yaǵnıy paydanı maksimallastırıwdan ibarat. Paydanı bolsa eki túrli usılda kóbeytiw múmkin. Birinshisi, jalpı dáramattı kóbeytiw esabınan, ekinshisi bolsa ulıwma qárejetlerdi kemeytiw esabınan.

**Investiciya (qarjılandiriw)** — qarjını islep shıǵarıwdı rawajlandırıwǵa jumsaw.

Firmanıń paydası tómendegi maqsetlerge jumsaladı:

— paydanıń tiyisli bólegi salıq túrinde májbúriy túrde tólenedi;

— firma xızmetin rawajlandırıw ushın islep shıǵarıwdı keńeytiwge, túrli ásbap-úskeneler satıp alıwǵa, jańa imarat hám qurılıslar qurıwǵa sarplanadı;

— paydanıń qalǵan bólegi bolsa kárxana iyeleriniń paydası sıpatında ózlestiriledi, akcionerlerge dividend sıpatında bólistirilip beriledi.

**Shınıǵıw**

Firma hápte dawamında 2000 dana ónimniń 25% in 100 sumnan, 45% in 120 sumnan, qalǵanın bolsa 90 sumnan sattı. Firmanıń bul háptedegi dáramatı qanshanı quradı? Firma hár bir tovardı ortasha neshe sumnan satqan? Firma bul háptede 56000 sum payda alǵan bolsa, onıń bir háptelik ulıwma qárejetleri neshe sumdı quraǵan? Firmanıń bir dana tovar ushın sarplaǵan ortasha qárejeti neshe sumdı quraǵan?

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Payda menen dáramattıń qanday parqı bar?
2. Paydanıń isbilermenlik ushın zárúrligin kórsetiwshi eki faktordı aytıń.
3. Dáramatlardıń artıwı hár qashan da paydanıń artıwın ańlata ma?
4. Firmanıń ekonomikalıq jaǵdayın neden biliw múmkin?
5. Tovardıń bahasın túsirip te paydanı kóbeytiw múmkin be? Qalayınsha?
6. Firmanıń paydası qanday maqsetlerde isletiledi?

**Bunı este saqlań!**

• Payda isbilermenlerdi biznestegi joǵaltıwlar hám táwekelshilik arqalı zıyan kóriw qáwipine qaramastan iskerlik júritiwine májbúr etetuǵın eń tiykarǵı báseke bolıp esaplanadı.

• Firma iyesi ushın kóbirek dáramat qılıw emes, bálki kóbirek payda alıw áhmiyetli.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 7- TEMA EKONOMIKALÍQ XÍZMETTIŃ TALQÍLANÍWÍ






## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Ayaq kiyim cexi 2012-jılda 20 mln sum payda alǵan edi. Oıl 2015-jılda 23 mln sum, 2018-jılda bolsa 30 mln sum payda aldı.

Nırqlar 2012-jılǵa salıstırǵanda 2015-jılı 18%, 2018-jılda 30% qımbatlaǵan.

1. 2015-jılda 23 mln sum pulga isbilermen, 2012-jılda 20 mln sum pulǵa alǵan tovar hám xızmetleriń satıp ala alama? Nege bunday?
2. 2018-jılda 30 mln sum pulǵa 2012-jılda 20 mln sum pulga alǵan tovar hám xızmetleriń satıp ala alama? 2015-jılda 23 mln sumǵa alǵanınday tovar xızmetlerdi ne?
3. Usılardı itibarga alǵan jaǵdayda 2015-jılda firma paydası haqıyqattan da kóbeydi dep ayta alamızba? 2018-jılda ne?

Firmanıń tovardı satıwdan alǵan kirisin esaplaǵanda, satılǵan tovar muǵdarın bazar nırqına kóbeytedi. Firmanıń jıllıq dáramatı bolsa onıń mine usınday kirislerinin jıyındısınan ibarat. Firmanın usı jıldaǵı dáramatın onıń aldıńǵı jıllardaǵı dáramatı menen salıstırmaqshı bolsaq, biz qanday jol tutıwımız kerek boladı? Inflyaciya nátiyjesinde tovar nırqı ózgergen. Ol bolsa óz náwbetinde islep shıǵarılǵan tovar muǵdarı ózgermegen jaǵdayda hám firma dáramatınıń ózgeriwine alıp keledi. Nátiyjede firma paydasınıń ózgeriwine alıp keledi. Sonın ushın da real dáramat hám real payda túsiniklerin kirgiziwimizge tuwra keledi. Firmanıń usı nırqlarda dáramatı yamasa paydası firmanıń *nominal dáramatı yamasa nominal paydası* dep ataladı. Firma dáramatı yamasa paydasınıń nırqlar ózgergeni esapqa alǵandaǵı kuni firmanıń sáykes *real paydası* boladı. Bahanıń ózgeriwi dárejesin anıqlaytuǵın kórsetkish bul — *bahanıń ózgeriw indeksi* bolıp esaplandı. Bul indeks sol jıldaǵı ortasha bahanıń salıstırıw ushın alınǵan jıllıq ortasha bahalarǵa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bolǵan salıstırmalı arnawlı koeffisienti. Firma paydasınıń real muǵdarı tómendegi formula járdeminde esaplanadı:

$$P_r = \frac{P_n}{I}$$

Bul jerde: $P_r$ — paydanıń real muǵdarı;
$P_n$ — paydanıń nominal muǵdarı;
$I$ — bahanıń ózgeriw indeksi.

Firmanıń belgili dáwir dawamındaǵı xızmetin kórsetiwshi hár qıylı ólshemler bar. Olardıń biri *nátiyjelilik* (paydalılıq yaki rentabellik) túsinigi esaplanadı. Firmanıń ulıwma xızmetiniń nátiyjeliligi (paydalılıǵı) dep, onıń belgili dáwirde alǵan paydası muǵdarınıń, usı dáwirde sarplanǵan barlıq qárejetlerine qatnasına aytıladı.

**Paydanıń nominal muǵdarı** — paydanıń belgilengen nırqlarda kórsetilgen qunı.

**Paydanıń real muǵdarı** — paydanı qaysı bir jıldaǵı nırqlarǵa salıstırǵanda satıp alıw quwatı.

Máselen, «Sherdor» firması bir ay dawamında 3000000 sum qárejet jumsap, 750000 sum payda aldı. Demek, firma xızmetiniń bul aydaǵı paydalılıq dárejesi $R = P_r : TC = 7\ 500\ 000 : 30\ 000\ 000 = 0{,}25$ yaki 25% ke teń boladı. Ádette, nátiyjelilik procentlerde kórsetiledi. Kárxana xızmetiniń paydalılıq kórsetkishi 25% ke teń bolıwı jaqsi kórsetkish esaplanadı.

$$R = \frac{Pr}{TC} \cdot 100\ \%$$

Bul jerde: $R$ — nátiyjelilik;
$Pr$ — payda muǵdarı;
$TC$ — qárejetler muǵdarı.

**Tapsırma**

Firma birinshi jılı 2000000 sum qárejet jumsap, 2500000 sum payda aldı. Ekinshi jılı bolsa 2500000 sum qárejet jumsap, 3000000 sum payda aldı. Qaysı jılı firma xızmetiniń nátiyjeliligi joqarı bolǵan?

Firmanıń belgili muǵdardaǵı ekonomikalıq xızmetiniń nátiyjeleri firmanıń payda hám zıyan haqqındaǵı esabatında óz sáwleleniwin tabadı.

Kárxananıń islep shıǵarıw xızmetiniń rawajlanıwında aylanba qarjılardıń bir qálipte aylanıp turıwı úlken áhmietke iye. Bul ónimdi islep shıǵarıwdan baslap oni satiwǵa shekem bolǵan procesti aqılǵa muwapıq basqarıwdı talap etedi. Aylanba qarjı muǵdarınıń azayıp ketiwi islep shıǵarıw kóleminiń kemeyiwine alıp keledi. Aylanba qarjı qansha tez aylansa, kárxana sonsha kóp payda kóredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Solay etip, hár bir isbilermenniń eń úlken mashqalası aylanba qarjınıń bir qálipte aylanıp turıwın támiyinlewden, múmkinshiligi bolsa, onıń muǵdarın kóbeytiw hám aylanısın tezletiwden ibarat dew múmkin. Biraq kóp jaǵdaylarda uzaqtı gózlep is tutpaw aqıbetinde kárxana óz aylanba qarjılarınan ayrılıp qaladı. Bunday jaǵdaylarda keskin is-ilajalar kórilmese, basqa finanslıq derekler iske qosılmasa, kárxananıń islep shıǵarıw iskerligi toqtap qalıwı múmkin.

**Firma xızmetiniń nátiyjeliligi** — firmanıń belgili bir dáwirde alǵan paydası muǵdarınıń sol dáwirde sarplanǵan barlıq qárejetleri muǵdarına qatnası.

Kárxana ónim islep shıǵara ma, joq pa, ol turaqlı qárejetler ushın qarjı sarplawǵa májbúr bolatuǵıni belgili. Soǵan baylanıslı, kárxanada islep shıǵarıw procesiniń toqtawı, waqıt ótken sayın onıń qarızǵa batıwına alıp keledi. Qarızlar ósip sonday dárejege barip jetedi, nátiyjede kárxana bul qarızlardı tólew imkaniyatına iye bolmay qaladı. Bunday jaǵdaylarda kárxana bankrot («sindi») dep járiyalanadı. Kárxanaǵa tiyisli mal-múlk satıwǵa, ádette, kim zıyat sawdasına qoyıladı. Satıwdan túsken pullar mámleket hám basqa firmalar aldındaǵı qarızların qaplawǵa isletiledi.

Respublikamizda «Bankrotlıq haqqında» ǵı nızam 1994-jılı qabıl qılınǵan. Onda qarızların tólewge shaması kelmegen kárxanalardı «bankrot» dep járiyalaw jol-jorıqları belgilengen.

Kárxanalar, firmalar shólkemlestiriwshiler keńesi qararı boyınsha yaki bankrot dep járiya qılınǵan jaǵdayda jabılıwı múmkin. Firmanıń jabılıwı firma ustavında hám hárekettegi nızamlarda kózde tutılǵan jol-jorıqlar tiykarında ámelge asırıladı. Kárxana jawılıp atırǵan waqıtta, onıń mámleket hám basqa firmalar menen shólkemler aldındaǵı qarızları tólengennen soń, qalǵan mal-múlki hám pul qarjıları shólkemlestiriwshiler ortasında kárxana ustavında kórsetilgen usılda bólistiriledi. Kárxana qala (rayon) hákimiyatı tárepinen jabılıw haqqındaǵı qarar shıqqannan keyin ǵana jabılǵan esaplanadı.

**Bankrotlıq** — firmanıń basqa firmalar hám mámleket aldındaǵı qarızların tóley almaytuǵın jaǵdayı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Firma paydasınıń real muǵdarı ne? Ol qanday esaplanadı?
2. Firma xızmeti nátiyjesiniń talqılanıwı ne ushın kerek boladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Nátiyjelilikti basqasha jáne qanday táriyiplew múmkin?
4. Aylanba qarjınıń firmanıń ekonomikalıq xızmetindegi áhmiyetin túsindirip beriń.
5. Jıl nátiyjesine qaray, firmanıń paydası — 2300000 sumdı, xızmet nátiyjeliligi bolsa 20% ti quradı. Firmanıń jıllıq sarplaǵan qárejetleriniń muǵdarın tabıń.
6. Firmanı bankrotlıqqa alıp keliwshi sebeplerdi aytıp beriń.
7. Bankrot dep tabılǵan firmanıń qarızları qanday tártipte tólenedı?
8. Firma qashan jabılǵan dep esaplanadı?

**Tapsırma**

| Firmanıń jıllıq kórsetkishi (sum) | 1- jıl | 2- jıl | 3- jıl |
|---|---|---|---|
| Jalpı dáramat | 300 mln | 450 mln | 600 mln |
| Ulıwma qárejet | 150 mln | 200 mln | 300 mln |
| Paydanıń nominal muǵdarı | | | |
| Nırqlar ósiw indeksi (1 jıl bahası) | 1,0 | 1,25 | 1,5 |
| Paydanıń real muǵdarı | | | |

Joqarıda kestege tiykarlanıp:
1. Paydanıń real muǵdarın anıqlaw formulasınan paydalanıp, kesteniń bos keteklerin toltırıń.
2. Firma qaysı jılı jaqsıraq ǵızmet kórsetken? Nege?
3. Firma xızmetiniń nátiyjeliligini hár bir jıl ushın esaplań hám óz ara salıstırıń.
4. Firma ulıwma qárejetleriniń jıl sayın asıp barıwına neler sebep bolǵan dep oylaysız?
5. Ulıwma qárejetler qaysı aqshalar esabınan kóbeyttiriledi?

**Bunı este saqlań!**

- Firma paydasınıń real muǵdarı bahalar ózgeriwi itibarǵa alınǵan jaǵdayda esaplanadı.
- Firma xızmetiniń nátiyjeliligin esaplawda payda hám qárejetler muǵdarı itibarǵa alınadı.
- Aylanba qárejetler aylanıwınıń páseyiwi firma ushın zıyan bolıp esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 8- TEMA FIRMANÍ BASQARÍW - MENEDJMENT



1




2



3



4

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Birinshi súwrettegi konditer cexında 6 jumısshı ekinshi súwrettegi bankte 35 qániyge ushınshi súwrettegi toqımashılıq fabrikasında 300 qániyge tórtinshi súwrettegi zavodta bolsa 2000 jumısshı isleydi.

1. Bul kárxanalar qay jerde basqarıladı dep oylaysız?
2. Olarda jumısshılardı basqarıw menen shuǵıllanatugın xızmetkerler sanı nege baylanıslı bolıwı múmkin dep oylaysız?
3. Menejment hám menejer atamalarınıń mánisin bilesizbe?
4. Kárxana ushın basqarıw sisteması qanshelli áhmiyetli dep oylaysız?

Hár bir firma xızmeti belgili bir maqsetti ámelge asırıwǵa qaratılatuǵını belgili. Al, bul maqsetke erisiw ushın bolsa firmanı basqarıw kerek boladı. Basqarıw procesi — *menedjment* dep te aytıladı (inglisshe «management» sózi «basqarıw» degen mánisti ańlatadı). Basqarıw haqqındaǵı pán de *menedjment* dep ataladı hám ol basqarıw usılları, formaları hám quralların úyrenedi.

Firmada tovar islep shıǵarıw kóp qırlı process bolıp, onıń hár bir shaqabshası basqarıwdı talap etedi. Máselen, jumısshı-xızmetkerlerdi basqarıw, islep shıǵarıw quralların basqarıw, materiallıq resurslardı basqarıw, maǵlıwmatlardı basqarıw, finanslıq qarjılardı basqarıw hám basqalar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Menejment** — qanday da bir gózlengen maqsetke erisiw usılları, formaları, quralları hám basqarıw principlerin úyrenetuǵın pán.

Basqarıw tikkeley adam tárepinen iske asırıladı. Firmada isleytuǵın, arnawlı basqarıw ilimin iyelegen, is júrgiziwshi hám basqarıwshı — *menedjer* dep ataladı. Hár qanday basshı adam yamasa menedjer jumıs waqtınıń 70—80 procentin adamlar menen qatnas jasawǵa sarplaydı. Sonıń ushın da, menedjment haqıyqıy maǵanada qol astında islep atırǵan adamlar xızmetin óz ara qatnas arqalı basqarıw dep te aytıw múmkin.

Menedjer aldında turǵan maqsetine erisiw ushın tómendegi wazıypalardı izbe-iz orınlawı kerek boladı: 1. Jobalastırıw; 2. Shólkemlestiriw; 3. Basshılıq qılıw; 4. Qadaǵalaw.

**Menejer** — arnawlı basqarıw ilimin iyelegen is júrgiziwshi yamasa basqarıwshı.

Jobalastırıw basqıshında menedjerler kárxana maqsetinen kelip shıǵıp, keleshekke joba hám baǵdarlama islep shıǵadı. Jobanı ámelge asırıw ushın kárxananıń hámme bólimleriniń jumısı óz ara muwapıqlastırıladı. Olardıń jumısın shólkemlestiredi, tikkeley basshılıq etip, jumıstıń orınlanıwın qadaǵalap baradı. Menedjerler xızmetkerlerdi kárxana aldında turǵan belgili maqsetke erisiwge shaqırıwshı hám jámáátti buǵan atlandırıwshı, baǵdarlawshı adamlar.

Firmanı basqarıwda menedjerlerdiń úlken múmkinshilikke iye ekenligi, ekonomikalıq bilimlerdi jaqsı biliwi, óziniń imidjine iye bolıwı, ruwxıy jetikligi, qatnas, sóylesiw mádeniyatınıń joqarılılıǵı úlken áhmiyetke iye.

Firmanıń úlken-kishiligine qarap, basqarıwdıń túrli shólkemlestiriw sistemaları dúziledi. Kishi dúkanda onıń iyesi hám jáne bir adam isleydi dep oylayıq. Bul jaǵdayda, basqarıwshı hám basqarılıwshı arasındaǵı óz ara qatnas 8.1-sızılmadaǵıday boladı. Bul sistema — ápiwayı shólkemlestiriw sisteması delinedi. Bir neshe bólimlerden quralǵan supermarkettegi basqarıw strukturasın kóz aldımızǵa keltiretuǵın bolsaq, onıń dúziliwi (basqarıw buwınları) bir qansha quramalı boladı. Onı sxema túrinde 8.2-sızılmadaǵıday súwretlew múmkin. Jańa sistemanıń dáslepkisinen tiykarǵı parqı tek xızmetkerleri sanınıń kópliginde bolmastan, al bir neshe tómen dárejeli bólimlerden quralǵanlıǵında. Endi jumısshı hám xızmetkerlerdiń bir bólegi tikkeley dúkan iyesine emes, al kishi bólimlerdi basqarıwshı menedjerlerge boysınadı.

Egerde firma sawda-satıqtan tısqarı islep shıǵarıw menen shuǵıllansa, onıń shólkemlestiriwshilik dizimi jánede quramalasıp baradı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




8.1-sızılma




8.2-sızılma

**Avtokratiyalıq,** yaǵnıy jeke hákimshilik usılı. Bul jaǵdayda basshı basqalardıń pikirin sorap otırmaydı, bálki buyrıq berip onıń orınlanıwın qadaǵalap otıradı. Bunday usıldı qollanatuǵın firmalardıń jámáátleri oraylasqan boladı, al xızmetkerler arasında bolsa baylanıslar derlik bolmaydı.

**Byurokratiyalıq** (qaǵazpazlıq) usılı. Bul usıl da joqarıdaǵı usıldıń bir kórinisi bolıp, firma xızmeti joqarıdan kelgen buyrıqlar, jol-jorıqlar hám rásmiy qaǵazlar tiykarında basqarıladı. Bul kárxanalarda shólkemlestiriwshilik uqıpqa emes, qaǵazǵa kóbirek itibar beriledi.

**Demokratiyalıq usıl.** Bul jaǵdayda, jámááttiń barlıq aǵzaları sheshim qabıl etiw procesinde qatnasadi. Jámááttiń hár bir aǵzasınıń pikiri esapqa alınıp, olar ulıwma iske qanday da bir úles qosıp atırǵanınan qanaatlanadı. Bunday jámáátte, ádette, adamlar óz isine sadıq boladı. Basshınıń tiykarǵı wazıypası jámáát aǵzaların baslamashı bolıwǵa baǵdarlawdan ibarat bolıp qaladı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Menedjment degende neni túsinesiz?
2. Menedjerler qanday kásip iyeleri? Olardıń xızmetleri haqqında aytıp beriń.
3. Sizge mektepte «Nawrız» bayramın ótkeriw tapsırıldı. Siz isti neden baslap, ne menen tamamlaǵan bolar edińiz?
4. Basqarıwdıń tiykarǵı qaǵıydalarınan biri «maqset — háreket jónelisin anıqlaydı» degen qaǵıydanı qalay túsinesiz? Basqarıwda nege maqset usı dárejede zárúr?
5. Mektepti basqarıwdıń strukturasın sızıń hám túsindiriń.
6. Hár bir basqarıw usıllarınıń abzallıq hám kemshilik táreplerin aytıń.
7. Áskeriy bólimdi basqarıw ushın qaysı usıldı tańlaǵan bolar edińiz? Nege?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsırma**




8.3-sızılma




8.4-sızılma

Aytayıq, siz úsh túrli konditer ónimlerin islep shıǵarıp, óz dúkanı arqalı satatuǵın firmanıń basshısısız. Qol astıńızda 30 qániyge isleydi. Firmańızdıń sırtqı sisteması 8.3-sızılmada keltirilgen. Onnan paydalanıp, kárxanada islep shıǵarıw procesı qanday shólkemleskenligi haqqında aytıp beriń.

1. Firma neshe hám qanday bólimlerden ibarat boladı?
2. Hár bir bólimde qansha isshi isleydi?
3. Bul bólimlerdegi jumısshılardı kim basqaradı?
4. Bólim baslıqları kimge boysınadı?
5. Kim kimge qanday izbe-izlikte boysınıwdı kórsetiwshi, 8.4-sızılmaǵa uqsas basqarıw sistemasın sızıń hám dodalań.

**Bunı este saqlań!**

- Firma qansha úlken tarmaqlı bolsa onıń basqarıw sisteması da sonshelli quramalı boladı.
- Basqarıwdıń avtokratiyalıq byurokratiyalıq, demokratiyalıq usılları bar.
- Firmanı basqarıwshılar menedjerler dep ataladı.
- Menedjment — basqarıw haqqındaǵı pán.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 9- TEMA MARKETING



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Joqarıdaǵı súwretlerde keltirilgen tovarlardan birin tańlań. Onı islep shıǵarıp atırǵan firma bul tovardı bazarda satıw ushın qanday ilájdı ámelge asırıwı kerek dep oylaysız?
2. Bul ilájlardıń qaysı biri tovardı islep shıǵarıwdan aldın, qaysı biri keyin ótkeriliwi tiyis?
3. Bul tovar reklamaǵa mútáj be? Onı qalay reklama qılǵan bolar edińiz?

Marketing sózi inglisshe “market” sózinen alınǵan bolıp, «bazarǵa baylanıslı xızmet» degen mánisti ańlatadı. Ekonomikada *marketing* dep, bazar shárayatında tutınıwshılardıń mútájin úyreniwden, tovar hám xızmetlerdi olarǵa jetkeriwge shekem bolǵan xızmetke aytıladı. Firma ushın marketing xızmetinen názerde tutilǵan tiykarǵı maqset— tutınıwshılardıń mútájin anıqlap, onı tolıq qanaatlandırıw esabınan kóbirek payda alıwdan ibarat, dep aytıw múmkin. Marketing xızmeti menen shuǵıllanıwshılar — *marketologlar* dep ataladı.

**Marketing** — bazar shárayatında tutınıwshılar mútájin anıqlaw hám onı qanaatlandırıwǵa baǵdarlanǵan xızmet.

**Marketolog** — marketing xızmeti menen shuǵıllanıwshı, arnawlı bilimge iye qániyge.

Firmanıń jalpı islep shıǵarıw xızmeti marketing izertlewine tayanǵan halda shólkemlestiriliwi kerek. Marketing izertlewlerinen gózlengen maqset firma aldında turǵan ne islep shıǵarıw, qansha islep shıǵarıw, qanday bahada satıw, kim ushın islep shıǵarıw, qaysı bazarǵa jetkeriw hám satıw kerek degen sorawlarǵa juwap tabıw. Marketing izertlewi tiykarınan tórt: *ónimdi (bazardi) úyreniw, baha qoyıw, reklama qılıw, bazarda ornalasıw* basqıshlarına bólinedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Ónimdi úyreniw* basqıshında, tutınıwshılardıń qalay hám qaysı tovarlardı satıp alıwǵa niyetiniń bar ekenligi anıqlanadı, bazar úyreniledi, anketa sorawları, awızeki soraw-juwaplar uqsaǵan izertlewler ótkeriledi, tutınıwshılar talapların qanaatlandıratuǵın tovarlardı islep shıǵarıw jobalastırıladı hám rawajlandırıladı.

*Baha qoyıw* basqıshı basqıshta tovardıń satıw bahası belgilenedi. Tovardıń satıw bahası sonday belgileniwi kerek, tovar óz waqtında satılsın, yaǵnıy tutınıwshınıń bul tovardı satıp alıwǵa qúdireti jetsin. Sonıń menen birge, tovardı islep shıǵarıwshı yamasa satıwshı firma da belgili muǵdarda payda alsın.

*Reklama* basqıshında firma hám tovar haqqındaǵı maǵlıwmatlard ǵalaba xabar quralları hám hár túrli ilájlar arqalı tutınıwshılarǵa jetkeriw ámelge asırıladı. Durıs berilgen reklama iláji tovardıń satıw kólemin keskin ósiriwi múmkin. Firma, tovar hám ilájlar haqqındaǵı hár qıylı maǵlıwmatlar radio, televidenie, internet hám basqa baylanıs tarmaqları, gazeta hám jurnallar, kóshelerde ornatılǵan baǵana hám imarat diywallarındaǵı shaqırıqlar, daǵazalar, plakatlar arqalı qarıydarlar itibarina usınıladı. Tovardıń salıstırmalı arzan bahası, júdá jaqsı túsiniksiz hám tovar jarlıqlarındaǵı jazıwlar da ózine tán reklama esaplanadı.

Tovardı reklama qılıwdan názerde tutılǵan tiykarǵı maqset:

— tutınıwshılarǵa satıwǵa shıǵarılǵan tovar haqqında xabar beriw;

— tovar tutınıwshılardıń qaysı mútájligin qanaatlandırıwı haqqında maǵlıwmat beriw;

— tutınıwshılardı tovardı satıp alıwǵa shaqırıw hám olardıń beyimliligin asırıw.

**Reklama** — tutınıwshılarǵa tovar haqqında maǵlıwmat beriw arqalı olardıń tovarǵa bolǵan talabın kóteriwge qaratılǵan úgitlew ilájları.

Bazarda ornalasıw basqıshında tovardı satıw ushın satıwshıǵa, qarıydarǵa qolay bolǵan orın hám waqıt tańlanadı. Sonıń menen birge, bazarda firma óz ornın tawıp, ornalasıp alıwına qaratılǵan, uzaqtı kóre bilgen ilájlar ámelge asırıladı. Tovardı bazarǵa jetkeriw, onı saqlaw hám satıw orınları anıqlanadı. Qarıydardıń itibarın tovarǵa qaratıw hám olardıń tovardı satıp alıwǵa bolǵan ıqlasın arttırıw yamasa saqlap turıw maqsetinde, tovardı satıwdan aldıńǵı hám satıwdan keyingi servis xızmet túrleri kórsetiledi. Zamanagóy informaciyalıq texnologiyalardıń, atap aytqanda, internet tarmaǵınıń tez pát penen keńeyip barıwı, marketingtiń rawajlanıwına úlken túrtki boldı. Házirgi kúnde, marketing xızmeti jedellesip, onıń nátiyjeliligi artıp barmaqta.

Tovardı satıw boyınsha satıwshı kárxana ádette, eki túrli strategiya joldı qollaydı. Olardıń birishisi, bul PUSH (bul — iglizshe súriw mánisin ańlatadı). PUSH marketingde tovardıń ózin tikkeley tutınıwshıǵa usınıw hám sol jol



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

menen sol tovardı ótkeriwge háreket etiledi. PUSH marketinge eń ápiwayı mısal retinde dúkan vitrinasında tovarlardı dizip qoyıw, tovarlarǵa shegirmeler usınıs etiw sıyaqlı ámellerdi keltiriw múmkin.

**Bul haqqında oylap kóriń!**

Televidenieden berilip atırǵan reklamanı tamashalaysız ba? Olardıń sapası haqqında ne ayta alasız? Reklamalar ótken kúnlerde qaysı tovardı satıp alıwıńızǵa sebepshi boldı?

PUSH marketingde tovardı islep shıǵarıwshıdan qarıydarǵa jetkeriw xızmeti menen jetkerip beriwshi sawda kárxanaları da shuǵıllanadı. Tovardı islep shıǵarıwshıdan satıp alıp, iri-iri kólemdegi satıwshılar *kótere sawda kárxanaları* dep ataladı. Olar tovardı kótere narqta satadı. Tovardı danalap yamasa, kishi kólemde tutınıwshılarǵa satıwshılar *kótere sawda kárxanaları* dep ataladı. Sawda dúkanları kótere sawda kárxanaları boladı. Islap shıǵarıwshı ónimlerin arqayın tutınıwshıǵa yamasa kótere sawdegerge satqanda ol tovardıń ózine túser bahasın hám óz procentin qosadı hámde *islep shıǵarıw bahasında* satadı. Kótere sawdager bolsa bul bahaǵa óziniń úlesin qosadı hám onı kótere bahada satadı. Kótere sawda menen shuǵıllanıwshılar bolsa, bul nırqqa óziniń ústemesin qosadı hám kótere bahada satadı. Solay etip, tovar narqı artıp bara beredi. Ádette tovardıń ózine túser bahası kótere bahasınan islep shıǵarıw bahasınan joqarı boladı.

Satıwdı shóklemlestırıw boyınsha ekinshi strategiya (jol) — bul PULL — marketing esaplanadı (PULL — inglizshe tartıw mánisin ańlatadı). PULL — marketingtiń tiykarǵı maqseti tutınıwshını satıwshı aldına kelıwde úndew esaplanadı. Siz televideniye arqalı tovarlar maqtalıp, olardıń sıpatları sáwlelengenligin kóp kórgensiz. Máselen, balalar kiyimleri, parfyumeriya hám kosmetika ónimleri. Bunday maǵlıwmatlardı úyrengen tutınıwshıda usı ónimdi satıp alıw niyeti payda boladı hám ol usı tovar satılatuǵın jerge barıwǵa asıǵadı. Tutınıwshı bul tovardan paydalanǵannan hám onıń paydasın sezgennen keyin usı tovar markasına — brendine baylanıp baslaydı. Yaǵnıy ol keyıngı saparı tap usı tovar belgısı astındaǵı ónimlerdi satıp alıwǵa umtıladı. Kerısınshe, tutınıwshını tovar tárepke keliwine baǵdarlanǵan esaplanadı.

**Marketingte blokcheyn texnologiyasın qollaw.**

**Blokcheyn** — bul hár túrli maǵlıwmatlardıń úlken bazası (seyisxana) bolıp, bul maǵlıwmatlar ayrıqsha “bloklar”ǵa jayǵastırıladı hám úzliksiz baylanısadı. Bulardıń barlıǵı kompyuterler hám internet sisteması arqalı ámelge asırıladı. Blokcheynda kiritilgen maǵlıwmatlardıń óshirip



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

taslanıwı, ózgertiriliwine jol qoyılmaydı. Bul texnologiya maǵlıwmat almasıwın, máselen, qanday da bir tovardıń satılıwın, oǵan pul ótkeriliwin tez, anıq hám tınıq ámelge asırılıwın támiyinleydi. Sonıń ushın da zamanaǵoy marketingte blokcheyn texnologiyasın qollaw keńeyip barmaqta.

2018-jıl 2-oktyabr kúni mámleketimizde dáslepki ret “Raqamli ishonch” fondı hám Rossiyanıń Blockchain Industrial Allianse kompaniyası menen birge islesiwge baylanıslı qurallar, medicinalıq buyımlar hám medicinalıq texnika ónimleri bazasında blokcheyn texnologiyası usınıs etıldı. Bul maǵlıwmatlar menen barlıq qániygeler, shıpakerler, tovar jetkerip beriwshiler hám nawqaslar tanısıwları hám paydalanıwları múmkin. Keyinshelik blokcheyn platformasında tovardıń tolıq ómir súriw dáwiri sáwleleniwi názerde tutılǵan.

Bul zamanaǵoy texnologiyanıń zárúrge alıp, mámleketimizde birinshi blokcheyn — akademiyasın shólkemlestırıw boyınsha Respublika joqarı biznes mektebi hám KOREA GROUP kompaniyası ortasında memorandumǵa qol qoyıldı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Marketing túsinigıniń mánisin aytıń.
2. Marketing xızmetinen gózlengen tiykarǵı maqsetti sanań.
3. Marketing izertlew basqıshların sanań.
4. Tovardı reklama qılıwdan gózlewden tiykarǵı maqsetlerin sanań.
5. Reklamanıń abzallıq hám kemshiliklerin aytıp beriń.
6. Zamanagóy xabar texnologiyasınıń rawajlanıp barıwı marketing sistemasına qanday tásir qılmaqta?
7. Tovardı satıw jolları haqqında nelerdi bilesiz?
8. Bazarda jaylasıw degende neni túsinesiz?
9. Kótere hám usaqlap satıw shólkemlestiriwshi haqqında neler bilesiz?

**Bunı este saqlań!**

• Marketing tutınıwshılar zárúrligin anıqlaw hám qanaatlandırıw boyınsha jumıs alıp baradı.

• Marketing jumısı menen arnawlı bilimge iye marketologlar shuǵıllanadı.

• Marketing izertlewleri ónimlerdi úyreniw, bahalaw, reklama qılıw hám bazardı úyreniw basqıshların óz ishine aladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 10- TEMA ÓNDIRIS HÁM EKOLOGIYA



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwrette kórsetilgen zavod xızmetinen jámiyet hám ekonomikaǵa tiygizip atırǵan unamlı hám unamsız aqibetlerdi óz aldına baǵana etip jazıń.
2. Sonsha unamsız aqıbetler bolsa da, zavodtıń islep atırǵanın qalay túsindiresiz?
3. Bul aqıbetlerdiń qalay aldı alınıwı múmkin?

Dáslepki waqıtlarda adamlardıń bunday xızmeti nátiyjesinde tábiyattaǵı turaqlılıqtıń buzılıwı, oǵan tiygizgen zıyandı tábiyat qaplawǵa, ornın qaytadan tiklewge tiykarınan muwapıq bolǵan.

Keyingi júz jıllıqqa kelip, insannıń tábiyattaǵı proceslerge aralasıwı, tábiyiy resurslardan paydalanıw kólemi sheksiz dárejege barıp jetti hám tábiyat ózin-ózi tikley almay qaldı. Sebebi islep shıǵarıw texnologiyaları rawajlandı, jetilistirildi, lekin tábiyatqa záhárli gazler, patas suwlar, shıǵın-dılar úlken kólemde shıǵarıp taslaw tolıq baqlawǵa alınbadı.

*Ekologiya* adamzattı, onı qorshap turǵan sırtqı ortalıq penen óz ara qatnasıqları haqqındaǵı pán boladı. Ol tábiyattaǵı resurslardan únemlep, aqılǵa muwapıq paydalanıw, olardı qorǵaw, qayta tiklew mashqalaların úyrenedi. Adamzattıń zárúrlikleri sheksiz bolıp, adamlar olardı qanaatlan-dırıw procesinde tábiyiy resurslardan paydalanatuǵını belgili. Dáslep, adamlardı tábiyattıń ózi baqqan bolsa, keyinshelik zárúrliktiń kóbeyiwi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

nátiyjesinde adamlar tábiyat inamları menen sheklenbesten, kerekli nárselerdi tábiyattan ózleri alıwǵa, tábiyiy resurslardan túrli ónimlerdi ózleri islep shıǵarıwǵa ótti. Buniń menen tábiyattaǵı teńsalmaqlılıqqa sezilerli tásir kórsete basladı. Sonlıqtan, ekologiyalıq mashqalalar payda bola basladı.

Ekonomikanıń, eń aldı menen, islep shıǵarıwdıń rawajlanıwı aqıbetinde qorshaǵan ortalıqtıń pataslanıwı menen baylanıslı tómendegi ekologiyalıq mashqalalarǵa dus keldi:

— hawanıń záhárleniwi;
— dárya hám suw saqlaǵıshlardıń pataslanıwı;
— topıraq quramınıń ózgeriwi hám jerlerdiń shorlanıp barıwı;
— ekologik taza azıq-awqat ónimleri muǵdarınıń kemeyip barıwı;
— atmosferadaǵı azon qatlamınıń jemiriliwi;
— insan salamatlıǵına zıyan tiygizetuǵın shawqımlı texnika qurılmalarınıń kóplep isletiliwi.

**Bilesiz be?**

Ilimpazlardıń pikirinshe, sanaatta, suwıtıw qurılmalarında qollanılatuǵın freon gazi bizdi quyash nuri radiaciyasınan qorǵawshı atmosferanıń azon qatlamın jemirip barmaqta. Eger awhal usı tárizde dawam ete berse, jaqın keleshekte Jer atmosferası temperaturası kóterilip, tábiyattaǵı teńsalmaqlılıq buzılıwı, qurǵaqlıqtıń kóp bólegi suw astında qalıwı boljanbaqta.

Tábiyatti qorǵaw isleri menen tiykarınan mámleketlik baqlaw organları shuǵıllanadı. Hár bir mámlekette qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw boyınsha túrli iláj kóriledi, nızamlar qabıl etiledi. Mısalı, zavod hám fabrika morılarına túrli záhárli zatlardı uslap qalatuǵın, hawanı tazalaytuǵın ásbaplar ornatıw, aqaba suwlardı dáryalarǵa aǵızıwdı qadaǵan etiw sıyaqlı sharalar ámelge asırıladı. Mámleketlik shólkemler menen bir qatarda, mámleketlik emes, jámiyetlik shólkemlerde bar, olar tek bir mámleket aymaǵında emes, bálki pútkil dúnyadaǵı qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mashqalası menen shuǵıllanadı. Mısalı, «Green peace» xalıqaralıq jámiyeti, xalıqaralıq ekologiya hám salamatlıq qorı solar qatarına kiredi.

Ózbekstanda hám ótken dáwirlerde úlken ekologiyalıq mashqasalalar jámlenip qaldı. Hawanıń pataslanıwı, topıraqtıń zıyanlanıwı hám kebir tartıp ketiwi, sanaat shıǵındıları, aqaba suwlar menen baylanıslı mashqalalar usılardan ibarat. Ózbekstanda eń úlken mashqalalar álbette suw menen baylanıslı. Aydarkól átirapındaǵı ekoturizmdi qorǵaw qubla



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

oblastlarda suw jetispewshiligi mashqalaları buǵan mısal bola aladı. Biraq mámleketimizdiń global áhmiyetine iye bolǵan ekologiyalıq mashqalası bul — Aral mashqalası.



Aral teńizine quyılatuǵın suw muǵdarı kemeyip, teńiz házirgi kúnde kishkene kólge aylanıp qalǵan. Teńiz ornındaǵı duzlar samal menen hawaǵa kóterilip, teńiz átirapındaǵı aymaqlardı qaplay basladı. Toǵayzar hám sheńgelzardiń ornında shól payda bolıp, bul jerlerde jasaytuǵın haywanlar sanı keskin kemeydi. Hawa rayı hám ishimlik suwdıń pataslanıwı nátiyjesinde xalıqtıń jasaw shárayatları awırlastı. Aral teńizi suwınıń keskin kemeyiwi Aral boyı aymaǵınıń ekonomikasına da unamsız tásirin kórsetti.




Aral mashqalasınıń sheshiminiń aktuallıǵı hám global áhmiyetke iye ekenliligi Prezidentimiz SH.Mirziyoyev tárepinen BMSH 72-Bas Assambleyasındaǵı shıǵıp sóylewinde de atap ótildi.

Mámlektimizde ekologiyalıq mashqalalardı sheshiw boyınsha sistemalı ilájlar ámelge asırılmaqta. Tiykarınan Ózbekstan Resrublikası Prezidentiniń 2017-jıl 21-apreldegi pármanı menen Ózbekstan Respublikası Tábiyattı qorǵaw komiteti, ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw mámleketlik komiteti etip qayta dúzildi. Komitetike ekologiya, qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, tábiyiy resurslardan aqılǵa muwapıq paydalanıw hám olardı qayta tiklew tarawında mámleket basqarıwın ámelge asırıw menen baylanıslı wazıypalar júklendi. Ózbekstan ekologik partiyası dúzildi hám 2019-jıl 8-yanvarda onıń shólkem syezdi bolıp ótti.

Sońǵı jıllarda mámleketimizdegi ekologiyalıq jaǵdaylardı jaqsılaw barısında mısal qılıp shıǵındılardı qayta islew quyash, samal hám biologiyalıq energiyalardan paydalanıwdı rawajlandırıw shóllerdi toǵaylıqlarǵa aylandırıw kóller átirapın toǵayzarlıqlarǵa aylandırıw sıyaqlı ilájlardı mısal etiw múmkin.

Mámleketimiz tárepinen Aral mashqalasın sheshiwge ayrıqsha áhmiyet bermekte. 2019-jılda “Aralqum” shólinde 500 000 gektar maydanda jasalma toǵaylardı jaratıw kóplegen artezian qudıqlardı qazıp ashıw dushshı suw shıǵarıw sol tárizde Aral aymaqların qayta tiklew jumısları ámelge asırılmaqta.

Jáne bir ekologiyalıq áhmiyetke iye iri joybar bul — Ózbekstanda Rossiya menen birge islesiwde ámelge asırıla baslaǵan Atom elektr

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

stanciyası qurılıwı boladı. Sebebi, Atom energiyası eń ekologiyalıq taza energiya bolıp hawaǵa kóp muǵdardaǵı zıyanlı gazler shıǵarılıwınıń aldın aladı. Atom elektr stansiyasınıń iske túsiriliwi menen jılına 3,7 mlrd kub metr gaz únemlep qalınadı.

Sonıń menen birge, qorshaǵan ortalıqti qorǵaw — hár bir puqaranıń minneti bolıp esaplanadı. Bunıń ushın hár birimiz kúndelikli turmısımızda azada júriw, ózimiz jasap atırǵan jerdi azada tutıw sıyaqlı ápiwayı qaǵıydalarǵa boysınıwımız zárúr.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Ne sebepten házir ekologiyalıq mashqalalar júdá zárúrli bolıp qaldı?
2. Ekonomikanıń rawajlanıwı barlıq waqıtta da ekologiyalıq mashqalalardı keltirip shıǵara ma?
3. Hawanıń, suwdıń pataslanıwı, topıraq quramınıń ózgeriwi menen baylanıslı ekologiyalıq mashqalalarǵa eki mısal keltiriń.
4. Avtomobillerden shıǵatuǵın gaz hawanı záhárlewin bile turip, nege olardan bári bir paydalanıp kelmektemiz?
5. Aral teńiziniń ulıwma qurıp qalıwı jáne qanday ekologiyalıq mashqalalarǵa alıp keliwi múmkin?
6. Qorshaǵan ortalıqti qorǵaw menen nege tiykarınan mámleket shuǵıllanadi?
7. Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw ushın mámleket qanday usıllardan paydalanadı?
8. Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw isinde siz qaysı is-háreketlerińiz benen úles qosıwıńız múmkin?

### Tapsırma

1. Rayonıńızdaǵı bar bolǵan ekologik mashqalalardı anıqlap, olar haqqında qısqasha reforat jazıń. Bul mashqalalardıń kelıp shıǵıw sebeplerin tabıń hám sheshiw jol-jobaların usınıs etiń. Bul mashqalalardı joq qılıwda siz hám teńleslerińiz qanday úles qosıwıńız múmkinliligi haqqında aytıń.

### Bunı este saqlań!

- Barlıq ekologik mashqalalar, insan ekologiyalıq iskerliginiń deregi esaplanadı.
- Ekonomika hám ekologiya ortasındaǵı qarama-qarsılıqtı jumsartıw hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, tiykarınan, mámleket óz qaramaǵına aladı.
- Qorshaǵan ortalıqtıń qorǵaw hár birimizdiń waziypamız bolıwı kerek.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# I BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Isbilermenlik qábileti bar adamdı súwretleń.
2. Isbilermenliktiń bazar ekonomikasındaǵı áhmiyetin táriyiplep beriń.
3. Ekonomikalıq xızmettiń isbilermenlikke tán qanday túrlerin bilesiz?
4. Isbilermenlik xızmeti túrleriniń jetiskenlik hám kemshiliklerin aytıp beriń.
5. Firma hám onı shólkemlestiriwdiń shólkemlestiriw-huqıqıy túrlerin sanań.
6. Akcionerlik jámiyettiń shólkemlestiriw mánisi ne hám onıń qanday túrlerin bilesiz?
7. Firma qarjıları qanday túrlerge bólinedi?
8. Qanday óndirislik qárejetlerdi bilesiz?
9. Ózgermeli hám turaqlı qárejetler bir-birinen nesi menen parq qıladı?
10. Ulıwma dáramat, payda, zıyan hám taza payda ortasında qanday qatnas bar? Olardı ápiwayı mısallarda túsindiriń.
11. Paydanıń ekonomikalıq xızmetke iytermelewshi áhmiyetin túsindirip beriń.
12. Firma ekonomikalıq xızmeti nátiyjeliligi qalay tabıladı?
13. Menedjmenttiń mánisi, maqseti hám wazıypaların túsindirip beriń.
14. Marketingtiń mánisi, wazıypası hám firma xızmetindegi áhmiyetin aytıń.
15. Ekologiyalıq mashqalalar insan ekonomikalıq xızmetiniń nátiyjesi ekenin qalay túsinesiz?

## B. TAPSÍRMA

### ATAMALAR:

1. Isbilermenlik;
2. Firma;
3. Akciyanıń nominal bahası;
4. Firmanıń nızamı;
5. Aylanba qárejet;
6. Kommerciya;
7. Turaqlı qárejet;
8. Sap payda;
9. Ulıwma qárejet;
10. Bankrotlıq;
11. Menejment;
12. Marketing;
13. Akciya kursı;
14. Amortizaciya ajıratpası;
15. Ortasha qárejet;
16. Jeke tártiptegi firma.

### TALQÍLAWLAR:

a) firmanıń ishki hám sırtqı xızmetiń tártipke salıwshı huqıqıy kúshke iye bolǵan normativ hújjet;
b) shiyki zat hár túrli tovarlar satıp alıw hám jumısshı kúshin sarıplawǵa jumsalǵan qárejetler;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

d) firma paydasınıń barlıq salıq hám tólemler tólengennen qalǵan bólegi;
e) turaqlı hám ózgeriwsheń qárejetler jıyındısı;
f) isbilermenlik iskerligi tiykarında ámelge asırılatuǵın kárxana;
g) akciya ústine jazıp qoyılǵan baha;
h) tutınıwshılar talapları anıqlaw hám olardı orınlaw boyınsha alıp barılatuǵın iskerlik;
i) adamlardıń payda alıw maqsetinde, táwekelshilik tiykarında óz maqseti, múlki bilim hám imkaniyatların iske salıp tovar islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw iskerlıgı;
j) belgili bir gózlengen maqsetke erisiw usılları, túrleri, quralları hám basqarıw iskerliklerin úyrenetuǵin pán;
k) firmanıń óz qarjıların tóley almaslıq jaǵdayı;
l) Aksiyanıń bazardaǵı bahası;
m) islep shıǵarıw kólemine baylanıslı bolmaǵan qárejetler;
n) tovardı satıp alıw, qayta satıwdan ibarat isbilermenlik iskerligi;
o) tiykarǵı islep shıǵarıw quralларınıń góneriwi nátiyjesinde olardıń bahasınıń islep shıǵarılǵan bahasına ótken bólegi;
p) bir birlik ónimdi islep shıǵarıw ushın sarplanǵan qárejet;
q) jeke shaxs múlki tiykarında shólkemlesken hám basqarılatuǵın firma.

**D. 7-bet. I-bap titulındaǵı súwretler boyınsha**

Súwretlerdiń qaysıları baptaǵı qaysı temaǵa tiyisli ekenligin aytıń. Usı súwretler tiykarında temalardıń mazmunın sóylep beriń.

**E. TESTLER**

**1. Isbilermenlik xızmeti nátiyjesinde qanday kóriniste dáramat alınadı?**
A) procent; B) Renta;
D) Is haqı; E) Payda.

**2. Sheriklik tiykarında dúzilgen firmanıń paydası ...**
A) shólkemlestiriwshiler ortasında teń muǵdarda bólistiriledi.
B) ustav fondına qosılǵan úleske proporcional bólistiriledi.
D) tek firmanı keńeytiwge sarplanadı.
E) shólkemlestiriw shártnamasında kórsetilgen kelisim tiykarında bólistiriledi;

**3. Firmanıń finanslıq qarjı derekleri tómendegishe:**
A) taza payda;
B) amortizaciya ajıratpası;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

D) ustav fondi;
E) joqarıda keltirilgen derekler.

**4. Ápiwayı akciya iyesi firmanı basqarıwda ...**
A) ulıwma qatnaspaydı.
B) ulıwma májilıste dawis beriw arqalı qatnasıwı múmkin.
D) qatnasıwı shárt.
E) akciya paketine iye bolǵan jaǵdayda ǵana qatnasıwı múmkin.

**5. Akcionerlik jámiyettiń jalpı dáramatı 5 million sumdı, ulıwma qárejetleri 3 million sumdı, salıqlar muǵdarı 1 million sumdı hám dividendler 500 mıń sumdı quraydı. Onıń taza paydası qansha?**
A) 500 mln; B) 2 mlrd;
D) 3 mlrd; E) 1 mlrd.

**6. Firma jıl dawamında 5 000 000 000 sum qárejet jumsap, 1250000000 sum taza payda aldı. Firmanıń jıllıq xızmetiniń nátiyjeliligin tabıń.**
A) 125 %; B) 50 %;
D) 25 %; E) 150 %.

**7. Akcionerlik jámiyettiń jıllıq paydası muǵdarınıń ósiwi, qaysı akciya bahasınıń ósiwine alıp keliwi múmkin?**
A) Ápiwayı akciyanıń;
B) Jeńillikke iye akciyanıń;
D) Hám ápiwayı, hám jeńillikke iye akciyanıń;
E) Hesh bir qımbat bahalı qaǵazdıń.

**8. Tómendegi ózgesheliklerdiń qaysı biri isbilermenlikke tán?**
A) Tawekelshilik;
B) Erkin ekonomikalıq qábilet;
D) Payda alıwǵa umtılıw;
E) Joqarıdaǵılardıń hammesi.

**9. Firma 1-jılı 1,5 million sum, 2-jılı bolsa 2 million sum payda aldı. Bahalar 2-jılı 1-jılǵa salıstırǵanda 1,25 ese ósken bolsa, firmanıń 2-jılı 1-jılǵa salıstırǵanda real paydası qanshaǵa ózgergen?**
A) 100 mln sumǵa azayǵan;
B) 500 mln sumǵa azayǵan;
D) Ózgermegen;
E) 100 mln sumǵa ósken.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## BOLAJAQ ISBILERMENGE

Óz biznesin baslamaqshi bolǵan óziniń biznes ideya hám tayar biznes jobası bolǵan jas isbilermen aldında turǵan eń úlken mashqala — bul álbette qanday qılıp dáramat tabıw. Ásirese sawda-satıq yamasa ulıwmalıq awqatlanıw uqsaǵan ápiwayı isbilermenlik tarawları emes bálki zamanagóy texnologiyalar menen baylanıslı táwekelshilik dárejesi joqarı bolǵan tarawlarǵa baylanıslı bolǵanda anaǵurlım sezilerli boladı.

Rawajlanǵan mámleketlerde bunday biznes jobalardıń qadirine jetedi hám olardı izleydi. Sebebi, bunday adamalar táwekelshilikke tiykarlanǵan jańa biznes jobalar ǵana úlken kólemdegi paydanı beriw múmkin. Sonıń ushın da ayırım iri kompaniyalar bunday biznes ideyalardı yamasa tayar biznes jobalardı satıp aladı yamasa sheriklik shárti menen olardı qarjı menen táminiyleydi. Bunday biznes ideya biznes jobalardı qarjı menen táminiylew arnawlı fondlar hám rawajlanǵan mámleketlerdegi biznes sistemanıń ajıralmas bólegine aylanǵan. Qarjı menen támiylengen óz iskerligi baslanǵan bunday jańa biznes túrleri bul mámleketlerde startaplar dep ataladı.

Sońǵı jıllarda óz iskerligin baslaǵan hám úlken jetiskenliklerge erisken startaplarǵa mısal etip Facebook, Uber, Space X, Xiaomi, Instagramm sıyaqlı kompaniyalardı keltiriw múmkin.

Bunday biznes túrlerine táwekelshilik dárejesi joqarı bolǵanlıǵı ushın hám olar kóbinese venshur fond dep atalıwın investiciyalanǵan fondlar qárejetleri esabınan jumıs baslaydı.

Venshur fondları (ing.verture-táwekel qaltıs is) — (qaltıslıǵı) táwekelshiǵi joqarı dárejede bolǵan investiciyalıq fondlar bolıp olar tiykarınan investiciyalıq kárxana (startap)lar menen birge islesiwge baǵdarlanadı. Venshur fondları táwekelshilik dárejesi júdá joqarı hám ayrıqsha dárejedegi joqarı payda alıw kútiletuǵın kárxanalarǵa investiciya kiritedi.

Sońǵi jıllarda Ózbekstanda da startaplar haqqında kóplep aytıla basladı. Elimizde keleshekte úlken payda keltiretuǵın, biraq táwekelshiligi










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

de joqarı bolǵan biznes túrleri menen shuǵıllanbaqshı bolǵan jas isbilermenler xızmet kórsetpekte. Olarǵa tek ǵana pul - dáslepki kapital kerek. Solay etip, bizde venshur investiciyalar kiritiw onshelli rawajlanbaǵan bolsa, onda isbilermen ne islewi kerek?

Buniń ushın bolajaq investorlar bir nárseni túsinip alıwı kerek boladı. Startapqa investiciya kiritiw — bul beriw emes. Yaǵnıy, kiritilgen investiciyalar kredit ushın tólenlenliǵi sıyaqlı kishkene kishi payız benen qaytarılmaydi, bálkim, bul qárejet birneshe iri kóplegen halda qaytarıladı. Biraq, bul jerde qáwipli, yaǵnıy qárejetlerińizdi pútkilley joǵaltıp qoyıwıńız qáwpide birneshe ese joqarı boladı.

Ózbekstanda startap ushın qárejetti jas isbilermen qayerden tabadı?

Buniń birneshe jolları bar:

1. Eń ápiwayı jol — bul tuwısqanlar hám doslarǵa múrájáát etiw, olardı ideyańızǵa qızıqtırıw.

2. Bankten kredit alıw.

3. ***Kraudfanding*** — ideyańızǵa qızıǵıp qalǵan anaǵurlım kóp sanlı adamlardıń onshelli kóp bolmaǵan qárejetlerin toplaw hám olardı birge islesiwge shaqırıw. Bunday xızmet ádette internette shólkemlestirilgen arnawlı kraudfanding maydanshaları arqalı shólkemlestiriledi yamasa sociallıq tarmaqlar daǵazalarında ideyalar járiyalanıp olarǵa qızıǵıwshılar izlenedi.

4. Jeke menshik kárxanalar hám mámleketlik grantlar.

5. Biznesmenler menen tuwrıdan-tuwrı birge islesiw, olardı ideyaǵa qızıqtırıw hám qarjı menen támiyinlewge tiykar salıw.

6. *Startap — akseleratorlar. Startap — akseleratorlar* — bul tek ǵana startaplardı qarjı menen támiyinlewge qatnasadı, sonday-aq, startap shólkemlestiriwshiler ózine tán mektep wazıypasın da atqaradı. Startap — akseleratorlar ózine bolajaq startap ideyaların izlegen investorlardı birlestirgen jas kompaniyalardıń ósiwine hám rawajlanıwına kómeklesiwshi sociyalıq shólkem. Eger siz startap — akseleratorlardı biznes jobańızǵa qızıqtırıp, birge islesiwge kóndire alsańız onda startap — akseleratorlar sizdi kerekli maǵlıwmatlar menen támiyinlep, másláhátler berip, ayaqqa turıp alıwıńızǵada járdem beredi.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Startap shólkemleri bolǵan jas isbilermenler ushın zárúr nárselerdiń eń áhmiyetlileriniń biri (qárejetten tısqarı) — bul biznes iskerligin baslaw hám is júritiw ushın ofistiń kerekligi boladı. Bunda házir mámleketimizdiń túrlı qala hám rayonlarında shólkemlestirilgen jańa hám jas isbilermenler ushin mólsherlengen arnawlı orınlar — *kovorkinglar* kerek boladı. Kovorking (ing. *Co-working* - birgeliktegi is) bul taza isbilermenler ushin ulıwma birgelikte paydalanatuǵın ofis wazıypasın atqaradı. Bul orında óz iskerligin baslaǵan jańa startapshılar yamasa baslamaqshı bolǵan jaslar birgelikte ushırasıp bir-biri menen óz ara paydalı kelisimler ornatıwları múmkin. Nátiyjeli biznestiń eń kerekli táreplerinen biri — bul kerekli adamlar menen óz ara mápdar pitimler dúziwi (“tor”in) jaratiw emespe? Zamanagóy tilde bunday qatnaslar ornatıw *networking* (ing. *networking* — tor toqıw) dep júritiledi. Networking arqalı jas isbilermenler jańa qarıydarlardı tabıw, jaqsı xızmetkerlerdi jumısqa tartıw, investorlardı qızıqtırıw, ámeldegi mashqalalarǵa sheshim islew sıyaqlı paydalı islerde iseniwshilik, birge islesiwshi menen qatnas ornatıw múmkin. Biznestiń milliy mentalintetimizge tán bolǵan iseniwshilik, qollawshılıq, razılıq sıyaqlı qádiriyatları hám mine usı sıyaqlı networking dep atalatuǵın — biznes atamaǵa iye boladı.

## SORAWLAR HÁM TAPSÍRMALAR

1. Oqıp shıǵıw ushın joqarıda berilgen materialdan sizge aldın tanıs emes atamalardı ajratıp jazıń.
2. Bul atamalardıń hár birine teksten óz túsingenlerińiz tiykarında tárip beriń.
3. Bul atamalardı bir-biri menen logikalıq úzliksizlikte, sxemalı túrde tutastırıń. Qaysı atama bir-biri menen baylanıslı, qaysı atama bir-birin toliqtıradı, qaysıları bir-birinen kelip shıqqan? Usı tárizde bir qaraǵanda quramalı kóringen baylanıslar siz ushın logikalıq mazmunǵa iye processtiń sáwlesi sıpatında ápiwayılastırılǵan tárizde júzege keledi.








*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Ekonomikanı basqarıwda mámleket aralasıwın keskin kemeytiw kerek.***

***Shavkat Mirziyoyev***




# II bap. Mámleket hám ekonomika

























*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 11- TEMA MÁMLEKETTIŃ EKONOMIKALÍQ WAZÍYPALARÍ



















## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Bazar ekonomikası sharayatında ekonomikalıq iskerlik qatnasıwshılarınıń erkinligi hám sap báseke ortalıǵınıń saqlanıwın kim támiyinleydi?
2. Hár bir mámlekette kem támiyinlengen shańaraqlar, kekseler, jas balalar bar. Olardıń sociallıq támiyinattı menen kim qay tárizde shuǵıllanadı?
3. Tábiyattı qorǵaw menen kim shuǵıllanatuǵınlıǵın bilesizbe? Bunda qanday ilájlar kóriliwi haqqında bilgenlerińizdi aytıń.
4. Mektebińiz qanday qárejetler esabınan qurılǵan hám úskenelengen? Muǵallimlerge aylıq is haqını kim tóleydi? Bunıń ushın qárejet qay jerden, qay tárizde alınıwın bilesizbe?

Hár qanday mámleket óz puqaralarınıń ekonomikalıq iskerlik júritiwi ushın ılayıqlı shárt-sharayatlar jaratıp beriwdi óz aldına maqset etip qoyadı. Sebebi, olardıń nátiyjeli iskerlik júritiwinen tek ǵana mámleket mápdar bolıp qalmastan jámiyette mápdar boladı.

Hár qanday eldiń ekonomikası aldında tómendegi maqsetler turadı:

- **Ekonomikalıq erkinlik** — ekonomika qatnasıwshılarınıń óz betinshe hám erkin ekonomikalıq sheshim qabıllawı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

- **Ekonomikalıq nátiyjelik** — minimal qárejet jumsap, maksimal payda alıw.
- **Ekonomikalıq teńlik** — barlıq ekonomikalıq is-háreketlerdi ádil túrde ámelge asırıw.
- **Ekonomikalıq qáwipsizlik** — xalıqti ekonomikalıq dağdarıs, jarlılıq, jumıssızlıq, inflyaciya aqıbetlerinen qorğaw.
- **Ekonomikalıq ósiw** — tovar hám xızmetler islep shığarıwdı barğan sayın asırıw.

Sonday bir mashqala hám wazıypalar bar, olardı bazardiń ózi sheshe almaydi. Sonlıqtan, bul wazıypalar mámleket moynına júklenedi. Bular tómendegiler: hadal báseki ortalığın jaratıw, bazar haqqında mağlıwmatlar alıwda hámmege birdey imkaniyat jaratıw, qosımsha sırtqı tásirlerdi tártipke salıw, *sociallıq tovar hám xızmetlerdi* islep shığarıw. El qáwipsizligin támiyinlew, qorshağan ortalıqtı qorğaw, bilimlendiriw, ilim hám densawlıqtı saqlaw tarawların rawajlandırıw sıyaqlı bir qatar sociallıq xızmetler bar, olardı shólkemlestiriw hám basqarıw úlken qarjı hám oraylasqan halda ámelge asırıwdı talap etedi. Olardan tek birgelikte paydalanıw múmkin. Sonday-aq, bul xızmetlerdi tek haqısın tólegenge kórsetip, basqalardı bolsa bunnan paydalana almaytuğın etip shekley almaysań. Bul ekonomikalıq tovardıń *sheklep bolmas ózgesheligi*. Bunnan tısqarı, bunday xızmet nátiyjesi hár dayım da tikkeley payda alıwğa qaratılmağan boladı. Sonıń ushın da, bunday sociallıq ónimdi jaratıw, bazar ekonomikası sharayatında isbilermenler itibarınan shette qaladı hám onıń menen mámleket shuğıllanadı.

Joqarıdağı pikirlerden kelip shıqqan halda, mámleket óz moynına tómendegi ekonomikalıq wazıypalardı aladı:

**Sociallıq ónimler** — bazar usına almaytuğın, mámleket tárepinen islep shığarılatuğın hám mámleket xalqı tárepinen paydalanılatuğın tovar hám xızmetler.

**Tovardıń birgelikte paydalanıw ózgesheligi** — tovar hám xızmetlerdiń kóplep adamlar tárepinen bir waqıttıń ózinde paydalanılıwı.

**Tovardıń paydalanıwın sheklep bolmaytuğın ózgesheligi** — haqı tólenbegen jağdayda adamlardı bul tovar hám xızmetlerdi paydalanıwın sheklep qoya almaslıq.

**1. Jámiyettiń huqıqıy hám sociallıq tiykarın saqlap turıw.** Mámleket insanlardıń jámiyette jasawı, miynet etiwine baylanıslı hám olar ortasındağı qatnasıqlardı belgilewshi nızam hám huqıqıy normativlerdi ornatadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**2. Básekini qollap-quwatlaw.** Mámleket monopoliyaǵa qarsı gúresedi, básekini qorǵaydı hám qollap quwatlaydı.

**3. Sociallıq ónimler—tovar hám xızmetler menen támiyinlew.** Mámleket bazar támiyin ete almaytuǵın, lekin jámiyet ushın kerekli bolǵan qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw, qorǵanıw, densawlıqtı saqlaw, bilimlendiriw sıyaqlı tarawlarda tovar hám xızmetlerdi islep shıǵaradı hám xalıqqa usınadı.

**4. Qosımsha sırtqı tásirlerdi tártipke salıw.** Hár qanday tovar hám xızmettiń tikkeley islep shıǵarıwshısı hám tutınıwshısı bolatuǵını belgili. Lekin, sonday islep shıǵarıw procesleri de bar, olar islep shıǵarıwshı hám tutınıwshıǵa baylanıslı bolıp qalmay, bálki bul proceske tikkeley baylanıslı bolmaǵan úshinshi tárepke de tásir etedi. Mısalı, zavod morısınan shıǵıp atırǵan tútin, bul zavodtaǵı óndirislik proceske hesh qanday qatnası bolmaǵan, zavod átirapında jasap atırǵan xalıqtıń densawlıǵına tásir etedi. Bul jaǵday ekonomikada qosımsha sırtqı tásir dep aytıladı. Bunday sırtqı tásirlerdi de tártipke salıw mámlekettiń moynına júklenedi. Eger sırtqı tásir unamsız bolsa, onda onıń aldın alıw ilajları kóriledi. Eger unamlı bolsa, onda bunday islep shıǵarıw qollap-quwatlanadı. Máselen, mámleket qorshaǵan ortalıqtı pataslap, tábiyatqa unamsız tásir kórsetiwshi kárxanalarǵa járiyma hám salıqlar belgileydi, bilimlendiriwdi rawajlandırıp, pútkil ekonomikaǵa unamlı tásir kórsetiwshi mákemelerge bolsa finanslıq jeńillikler beredi.

***Qosımsha sırtqı tásir*** — tovardı islep shıǵarıw yaki tutınıw procesinde islep shıǵarıwshı hám tutınıwshıdan basqa, úshinshi táreptiń kóretuǵın payda yaki zıyanı.

**5. Dáramat hám baylıqlardı bólistiriw.** Mámleket kem támiyinlengen shańaraqlardı sociallıq qorǵaw, bay adamlardan dáramatına ılayıq salıq óndiriw, studentlerge stipendiya beriw arqalı dáramatlardı bólistirip turadı.

**6. Ekonomikanı turaqlastırıw.** Mámleket inflyaciyanı qadaǵalap barıw, jumıssızlıqtıń aldın alıw, mámleket byudjeti hám pul kólemin baqlaw menen ekonomikanı teńsalmaqlılıqta saqlap turadı.

**Bilesiz be?**

Mámlekettiń ekonomikada tutqan ornı haqqında hár túrli bir-birine qarama-qarsı pikirler bar. Birinshi táreptiń pikirinshe, mámlekettiń roli keskin qısqartılıwı kerek, sebebi mámlekettiń ekonomikaǵa kereginen artıq aralasıwı ekonomikalıq erkinlikti sheklep qoyıwı múmkin. Ekinshi tárep mámlekettiń rolın asırıw tárepdarı. Sebebi, sonday mashqalalar bar, bazar olardı mámlekettiń qatnasısız sheshe almaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Mámleket

- **BAZAR UNAMSÍZ AQÍBETLERDIŃ ALDÍN ALÍW**
  - Bazarlardı monopollastırıwǵa qarsı góresiwi
  - Sociallıq tovarlar hám xızmetler júritiw
  - Qosımsha sırtqı tásirlerdi tártipke salıw hám qadaǵalaw
- **BAYLÍQ HÁM DÁRAMATLARDÍ QAYTA BÓLISTIRIW**
  - Dáramat hám mulkti salıqqa tartıw
  - Sociallıq qorǵaw hám transfertlar

Joqarıdaǵı mámleketlerdiń túrli iskerlik baǵdarları keltirilgen.

1. Mámlekettiń hár bir iskerlik baǵdarlarına mısal keltiriń.
2. Keltirilgen mısallarıńızdaǵı mámlekettiń ekonomikalıq wazıypaların zárúrlik dárejesi kemeyip barıw tártibinde jazıp shıǵıń.
3. Mámleket bul wazıypalardı orınlawdan sizge qanday payda bar?
4. Ne ushın mámleket bunday iskerlik túrleri menen shúǵıllanıwı kerek?
5. Mámlekettiń jáne qanday ekonomikalıq wazıypaların bilesiz?

### BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mámleket aldında qanday sociallıq maqsetler turadı? Olardı túsindiriń.
2. Mámlekettiń ekonomikanı tártipke salıp turıwshı wazıypaları haqqında ne bilesiz? Ne sebepten mámleket bul wazıypalardı óz moynına aladı?
3. Mámlekettiń ekonomikalıq wazıypalardı orınlawǵa qaratılǵan xızmetine mısallar keltiriń.
4. Unamlı hám unamsız qosımsha sırtqı tásirge mısallar keltiriń.
5. Sociallıq tovarlar qanday ózgeshelikke iye bolıwı kerek?
6. Eger jeke firma sociallıq tovar islep shıǵarsa, ol qanday qıyınshılıqqa dus keliwi múmkin?

### Bunı este saqlań!

- Tovar hám xızmetler eki túrli boladı: sociallıq ónimler hám jeke firmalar tárepinen islep shıǵarılatuǵın tovar hám xızmetler.
- Sociallıq ónimler mámleket tárepinen islep shıǵarıladı.
- Bazar ekonomikası shárayatında mámlekettiń kerekli wazıypaları bar.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 12- TEMA MÁMLEKET BYUDJETI



















## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Siz mektebińiz haqqında “Mektep mámleket byudjeti esabınan qurılǵan” degen gáplerdi esitkensiz. Sonday-aq, emlewxana, poliklinika, mámleket mákemeleri hám shólkemleri “mámleket byudjeti tárepinen qarjılandırıladı” degen gápler de qulaǵıńızǵa shalınǵan sózler.

1. Mámleket byudjeti haqqında nelerdi bilesiz?
2. 3—6-súwretlerde sáwlelengen adamlar iskerligi kim tárepinen hám neniń esesine támiyinlenedi, dep oylaysız?
3. Ótken sabaqta siz mámleket wazıypaları menen tanıstıńız. Mámleket óz wazıypaların orınlaw ushın qárejetti qay jerden aladı?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Mámleket byudjeti* mámlekettiń bir jıllıq dáramatları hám qárejetleri jobalastırılǵan tiykarǵı finanslıq hújjet esaplanadı. Mámleket byudjetin dúziwdegi gózlengen tiykarǵı maqset: mámleket aldında turǵan ekonomikalıq hám sociallıq wazıypalardı orınlaw ushın finanslıq tiykardı qáliplestiriw, mámleket ekonomikasın rawajlandırıwdıń keleshektegi jobasın ámelge asırıw, xalıq dáramatların qayta kórip shıǵıw boladı. Mámleket byudjeti dáramat hám qárejet bólimlerinen quraladı.

**Mámleket byudjeti** — mámlekettiń bir jıllıq dáramatları hám qárejetleri jobalastırılǵan tiykarǵı finanslıq hújjeti.

Mámleket byudjetiniń dáramat dereklerine tómendegiler kiredi:
— puqaralar dáramatınan alınatuǵın salıqlar;
— kárxanalar paydasınan alınatuǵın salıqlar;
— mámleketlik kárxanalardıń paydası;
— mámleketke qımbatlı bahalı qaǵazlardı satıwdan túsken pul;
— mámleket múlkin satıwdan túsken qarjılar;
— hár túrli bajı hám salıqlardan tısqarı basqa túsimler.

**Bajı** — mámleket tárepinen kórsetiletuǵın bazi bir xızmetler ushın yamasa mámleketimiz shegarasına ayırım túrdegi tovarlardı alıp kirgeni ushın tuwrıdan-tuwrı tólenetuǵın haqı.

Mámleket shegarasına ayırım túrdegi tovarlardı alıp kirgeni ushın yaki mámleket mekemeleri tárepinen kórsetiletuǵın bazı bir xızmetler ushın mámleketke tólenetuǵın haqı mámleketlik baji dep ataladı. Sonı atap ótiw lazım, salıqlar mámleket byudjeti dáramat bóliminiń tiykarǵı dáregi esaplanadı. Bul derekler tiykarında mámleket óz pul qarjılarınıń oraylasqan fondı — mámleket byudjetiniń dáramat bólimin payda etedi hám onı jıl dawamında qárejet qıladı.

Byudjet qarjıları tómendegi tarawlarǵa jumsaladı:
— bilimlendiriw hám ilim, mádeniyat hám kórkem-óner;
— sport hám densawlıqtı saqlaw;
— milliy qáwipsizlik;
— kekselik hám mayıplıq pensiyaları menen stipendiyalar;
— jumıssızlıq napaqaları hám kem támiyinlengen shańaraqlarǵa materiallıq járdem beriw;
— qorshaǵan ortalıqti qorǵaw;
— jámiyetlik tártipti saqlaw;
— mámleket kárxanaları, keńse hám basqarıw organlarınıń finanslıq támiyinleniwi;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

— bazı bir mámleketlik áhmiyetke iye bolǵan tarawlardı finanslıq jaqtan qollap-quwatlaw hám basqalar.

Kórip turǵanıńızday, mámleket byudjeti qarjıları tiykarınan jámiyet ushın zárúr tovar hám xızmetler satıp alıwǵa hám xalıqtıń túrli qatlamların qollap-quwatlawǵa arnalǵan transfer tólemlerine sarplanadı eken.

**Bilesiz be?**

Ózbekstan Respublikasınıń mámleketlik byudjeti Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Májlisinde dodalanadı hám tastıyıqlanadı. Jıl juwmaqlanǵannan soń húkimet byudjettiń orınlanıwı boyınsha Oliy Májiliske esabat beredi.

**Transfer tólemleri** — mámleket byudjetinen xalıqtıń materiallıq jaqtan kem támiyinlengen qatlamların qollap-quwatlaw ushın jumsalatuǵın qarjılar.

Ádette, mámleket byudjetiniń dáramat hám qárejet bólimleri óz ara teń bolmaydı. Kóbinese dáramatqa qaraǵanda qárejet kóbirek boladı. Mámleket qárejetleri hám dáramatları arasındaǵı parqtı *byudjet jetispewshiligi* dep ataydı. Jıllar dawamında toplanıp kelgen byudjet jetispewshiliginiń jámi muǵdarı *mámleket qarızın* quraydı. Mámleket qarızı ishki hám sırtqı qarız kórinisinde bolıwı múmkin. Ishki qarız mámlekettiń óziniń puqaraları, firma hám shólkemler aldındaǵı minneti bolsa, sırtqı qarız sırt eller, xalıqaralıq bankler hám finanslıq mákemeler aldındaǵı qarız. Mámleket byudjetiniń dáramatları qárejetlerinen artıq bolǵan halda mámleket byudjetti proficiti júzege keledi.

**Byudjet jetispewshiligi** — mámleket budjetiniń qárejetleri dáramatınan kóp bolǵan haldaǵı qárejetler hám dáramatlar arasındaǵı parıq.

**Byudjet proficiti** — mámleket byudjetti dáramatlarınıń qárejetlerinen kóp bolǵan haldaǵı dáramatlar hám qárejetler arasındaǵi parq.

**Mámleket qarızı** — jıllar dawamında jıynalıp qalǵan byudjet jetispewshiliginiń jámi muǵdarı.

**MÁMLEKET BYUDJETINIŃ QÁREJETLERI HÁM DÁRAMATLARÍ**



Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ózbekstan Respublikasınıń Mámleket byudjetiniń 2019-jıl ushın tiykarǵı kórsetkishleri (mlrd. sum esabında)**

| ***Dáramat derekleri*** | ***Muǵdarı*** |
|---|---|
| Tuwrı salıqlar | 29125,5 |
| Aylanba salıqlar | 47029,8 |
| Múlk salıǵı hám resurs tólemleri | 16906,0 |
| Basqada dáramatlar | 9566,3 |
| Jámi dáramatlar | 102627,6 |

**Qárejetler bólimi (mlrd. sum esabında)**

| | |
|---|---|
| Sociallıq taraw hám xalıqtı qorǵaw | 58012,1 |
| Puqaralıq jámiyetti rawajlandırıw ushın qárejetler hám grantlar | 28,6 |
| Ekonomika | 14099,8 |
| Oraylastırılǵan investiciyalar | 3906,2 |
| Mámleket basqarıwı | 3749,4 |
| Basqa qárejetler | 27322,3 |
| Jámi qárejetler | 107118,4 |

1. Ózbekstan Respublikasınıń 2019-jılǵi mámleket byudjeti dáramat bólimleriniń hár bir banttin payızlarda sáwlelendiriń hám dóńgelek diagrammada súwretleń.
2. Mámleket byudjeti qárejet bólimin hár bir banttin payızlarǵa sáwlelendiriń hám dóńgelek diagrammada súwretleń.
3. Mámleket byudjetinen eń kóp qárejet qaysı tarawǵa sarplanıp atır?
4. Mámleket byudjetiniń dáramat hám qárejet bólimlerin óz ara salıstırıń.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mámleket byudjeti ne hám ol ne ushın kerek?
2. Mámleket byudjetiniń dáramat bólimi dereklerin sanań. Bul dáramatlar qanday maqsetke isletiledi?
3. Mámleket byudjetiniń qárejet bólimi, dáramat bóliminen kóp bolsa ne boladı? Kem bolsa she?
4. Byudjet jetispewshiligin kemeyttiriwdiń qanday jolları bar?
5. Mámleket qarızı degen ne? Onıń qanday kórinisleri bar?

**Bunı este saqlań!**

• Mámleket byudjeti mámlekettiń jıllıq tiykarǵı finanslıq jobası bolıp, bunda mámlekettiń dáramat derekleri hám qárejetleri kórsetilgen boladı.

• Mámleket byudjetiniń dáramat bólegi, tiykarınan salıqlar esabınan qáliplestiriledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 13- TEMA BANK SISTEMASÍ

**ISBILERMEN**
**Biznes ideyasına iye.**

Pul qarjısına zárúrligi bar.

Qarjını islep tapqan dáramatıń qarjı iyesi menen bólisiwge tayar.




**AMANATSHI**
**Pul qarjısına iye.**

Pul qarjısınan dáramat aliw niyeti bar.

Belgili haqı esabına pul qarjısınan paydalanıwǵa ruqsat beriwge tayar.

**Oraylıq bank**



**Naq pullar** →

**Baqlaw** →

← **Awısıq pul**

**Qarız** →

**Kommerciyalıq banklari**




↑ **Xalıq hám firmalardıń amanatı**

↓ **Xalıq hám firmalarǵa qarız**

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdaǵı súwretti dıqqat penen kózden ótkeriń hám tómendegi sorawlarǵa juwap beriń:

1. Bankler puldı qay jerden aladı?
2. Banklerdiń qanday wazıypaların bilesiz?
4. Banklerdiń mámleket ekonomikasındaǵı rolı neden ibarat?
5. Respublikamizda xızmet kórsetip atırǵan qanday banklerdi bilesiz?

Mámlekette bazar qatnasıqlarınıń tereńlesiwi bazar infrastrukturasınıń kópligi hám olardıń xızmetiniń qanshelli tuwrı shólkemlestirilgenine baylanıslı boladı. Bazar infrastrukturasınıń tiykarǵı buwınlarınan biri — bank boladı.

Júdá erte zamanlardan-aq amanatqa alıw hám qoyıw ámeliyatta qollanılǵan. Sonıń menen birge, ayrıqsha adamlar yaki diniy shólkemler shuǵıllanǵan. Máselen, bunday ámeliyat penen áyyemgi grek ziyarat-xanaları shuǵıllanǵanlıǵı tariyxtan belgili. Olarda amanat, qarızǵa beriw hátte payız óndiriw sıyaqlı iskerliklerin ámelge asırǵan. Keyinrek pul almastırıwǵa hám zárúrlik payda bola basladi. Evropadaǵı dáslepki pul



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

almastırıwshılar sawda maydanlarınıń adam tıǵız jerlerinde otırǵısh qoyıp islegen. Sonıń ushın hám bank sózi italyanchadan *«banco»* — yaǵnıy *kursı* sózinen kelip shıqqan.

Bank xalıq, firma hám kárxanalarǵa pul hám qımbat baha qaǵazlar menen baylanıslı bolǵan hár túrli xızmetler kórsetiwshi finanslıq mákeme esaplanadı.

Ózbekstannıń bank sistemasında rawajlanǵan mámleketler bank sistemasındaǵı barlıq ámeliyatlar ámelge asırıladı. Atap aytqanda, mámleketimizde bankler:

— pul hám qımbat bahalı qaǵazlardı shıǵaradı;
— xalıq hám firmalar qarjıların saqlap beredi;
— xalıq hám firmalarǵa belgili procent esabına pul qarız beredi;
— túrli qımbat bahalı buyımlardı saqlap beredi;
— basqa mámleketler pulların satıp aladı hám satadı;
— qımbat bahalı qaǵazlardı satıp aladı hám satadı;
— tólem hám esap-kitap isleri boyınsha xızmet kórsetedi.

Bank ózine tán ulıwma fond bolıp, xalıq qolında «paydalanılmay jatırǵan» pullardı «paydalanıwǵa» májbúr etedi. Toplanǵan pullardı, pulǵa mútáj bolǵan isbilermenlerge belgili procent esabına qarızǵa beredi. Isbilermenler bolsa, óz náwbetinde, bul pullardı óndiriske sarplap, ekonomikalıq ónim jaratadı. Solay etip, bank mámleket ekonomikasınıń rawajlanıwına úles qosadı.

Ádette, bankler eki túrge bólinedi: oraylasqan bank hám kommerciyalıq bankler. Oraylıq hám kommerciyalıq bankleri birgelikte mámlekettiń eki basqıshlı bank sistemasın quraydı. Oraylıq bank mámleketke qaraslı bolıwı da, qaraslı bolmawı da múmkin. Oraylıq bank mámleketke qaraslı bolǵan jaǵdayda, oǵan mámlekettiń tiykarǵı banki sıpatında mámleketlik áhmiyetke iye huqıq hám wazıypalar júklenedi. Oraylıq bank tómendegi wazıypalardı orınlaydı:

— mámlekettiń milliy valyutasın hám qımbat bahalı qaǵazların aylanısqa shıǵaradı;
— mámlekette pul qatnasın tártipke salıp, qatnastaǵı pul muǵdarın qadaǵalap turadı;
— kommerciyalıq banklerge belgili procentte qarız beredi;
— sırt el valyutalarınıń milliy valyutaǵa salıstırǵandaǵı kursın belgileydi;
— kommerciyalıq bankler xızmetin qadaǵalaydı;
— mámlekettiń pul hám altın qorların saqlaydı.

Sonlıqtan, oraylıq bank — «banklerdiń banki» esaplanadı hám ol tek kommerciyalıq banklerge xızmet kórsetedi.

Ózbekstanda Oraylıq bank mámleketke tiyislı.

Kommerciyalıq bankler bolsa xalıq, firma hám shólkemlerge xızmet kórsetedi. Kommerciyalıq bankler:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— oraylıq bankten qarızǵa pul aladı;
— klientlerdiń pul qarjıların saqlaydı hám toplawǵa kómeklesedi;
— pulǵa mútáj bolǵan klientlerge pul qarız (kredit) beredi;
— sırt el valyutaların satıp aladı hám satadı;
— qımbat bahalı qaǵazlardı satıp aladı hám satadı;
— óz klientleriniń pul menen baylanıslı bolǵan túrli esap-kitap islerin, tiykarınan tólem islerin orınlaydı.

Bankke qoyılǵan qarjı amanat yaki depozit dep júritiledi. Bankke qarjı qoyǵan klientler amanatshılarǵa aylanadı. Eger bank amanatshılarınıń pul qarjıların olarǵa belgili haqı (procent) tólew shárti menen belgili bir múddetke saqlap beriw minnetlemesin alsa, bunday amanatlar múddetli depozitler dep júritiledi. Eger bank amanat ushın hesh qanday haqı tólemesten, amanattı qálegen payıtta amanatshıǵa qaytarıw minnetlemesin alǵan bolsa, bunday amanat hárekettegi depozit dep júritiledi. Birinshi jaǵdayda bank klientiniń pul qarjıların toplawǵa hám bunıń esabına procent kórinisindegi dáramat alıwǵa kómeklesse, ekinshi jaǵdayda bolsa qarjını saqlawǵa, klienttiń birinshi talabına bola qaytarıwǵa yaki qálegen bir tólemdi ámelge asırıwǵa járdem beredi.

**Kommerciyalıq bank** — xalıq, firma hám shólkemlerge xızmet kórsetiwshi bank.

**Depozit** — amanat yaki bankke qoyılǵan qarjı.

“Qarız” bank tilinde *kredit* dep ataladı (latinshada creditum — qarız mánisin ańlatadı). Álbette, bank klientlerine qarız berip turǵanlıǵı ushın klient bankke qarız haqı tóleydi. Qarız haqı — *kredit procenti* dep ataladı. Kredit procenti muǵdarı jıllıq procent stavkasına qarap belgilenedi.

$$\text{Kredittıń jıllıq procent stavkası} = \frac{\text{Kredit haqı}}{\text{Kredit muǵdarı}} \cdot 100\%$$

Máselen, kishi kárxana bankten 4 million sumdı bir jıl múddetke 20% jıllıq procent stavkası menen alǵan bolsın. Demek, kárxana bir jıldan soń 4 million sumdı qaytarıw menen birge, bankke qarız haqı sıpatında qarızdiń 20 procent muǵdarında, yaǵnıy 4 000 000 x 20% = 800 000 sum muǵdarında qosımsha kredit procent te tóleydi. Eger bul qarızdı eki jılǵa alǵan bolsa, kredit procenti muǵdarı eki márte kóp boladı, yaǵnıy 1 600 000 sumdı payda etedi hám taǵı basqalar.

Ulıwma alǵanda, alınǵan qarız, kredit muǵdarı — *P*, jıllıq procent stavkası — *r*, alınǵan qarızdı qaytarıw muǵdarın — *t* dep alsaq, ol jaǵdayda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kredit procenti muǵdarı — $I$ tómendegi formula járdeminde tabıladı: $I = P \cdot r \cdot t$. Bankke ulıwma qaytarılatuǵın pul muǵdarı $S$ bolsa, $S=P+I$ formula menen anıqlanadı.

Aytayıq, «Ziyo» firması «Sawdagerbank» ten 1 000 000 sumdı yarım jılǵa 20% jıllıq procent stavkası menen alıp atırǵan bolsın. Bul firma bankke

$$I = P \cdot r \cdot t = 100\,000\,000 \cdot 20\% \cdot 0{,}5 = 100\,000\,000 \cdot 0{,}2 \cdot 0{,}5 = 10000000 \text{ sum}$$

kredit procentin tólep, yarım jıldan soń bir million sum puldı, jámi $S=P + I = 100\,000\,000 + 10\,000\,000 = 110\,000\,000$ sum qılıp qaytaradı.

Bul kredit procentin esaplawdıń *apiwayı procent usılı* dep ataladı.

Jáne sonı da aytıp ótiw kerek, bankler kredit procenti muǵdarın jáne basqa usıllar menen de esaplaydı. Máselen, bank jıllıq kredit procentti tiykarǵı qarızǵa qosıp, keyingi jılı kredit procentin usı summadan esaplap barıwı múmkin. Bul jaǵdayda, jıllıq procent stavkası — $r$ bolǵan, $n$ — jılǵa alınǵan $P$ sum muǵdardaǵı qarızdı $n$ jıldan soń $P_n=P \cdot (1 + r)^n$ sum qılıp qaytarıwı lazım boladı. Bul usıl *quramalı procentler usılı* dep ataladı.

**Kredit** — bank tárepinen klientlerge berilgen qarız.

**Kredit procenti** — berilgen qarızdan paydalanǵanı ushın tólenetuǵın qosımsha haqı.

**Kredittiń jıllıq procent stavkası** — jıl dawamında qarızdan paydalanǵanı ushın tólenetuǵın qosımsha haqınıń tiykarǵı qarız muǵdarına salıstırǵandaǵı procent muǵdarı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Banktiń payda bolıwına ne sebep bolǵan?
2. Bankke pul qay jerden túsedi?
3. Banktiń mámleket ekonomikasında tutqan ornın túsindirip beriń.
4. Oraylıq hám kommerciyalıq banklerdiń ayırmashılıǵı nede?
5. Oraylıq banktiń mámleket ekonomikasındaǵı áhmiyetin túsindirip beriń.
6. Kommerciyalıq banklerdiń wazıypaların aytıp beriń.

**Bunı este saqlań!**

- Banklerdiń eń tiykarǵı wazıypası amanatlardı saqlaw hám qarız beriw, bul mámleket ekonomikasında áhmiyetli rol oynaydı.
- Mámleketimizde eki basqıshlı bank sisteması engizilgen, Oraylıq bank kommerciyalıq banklerge, kommerciyalıq bankler bolsa kárxana, firma hám xalıqqa tiyisli xızmetlerdi kórsetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 14- TEMA MÁMLEKETTIŃ EKONOMIKALÍQ SIYASATÍ

| | | |
|---|---|---|
| Kemeyedi | Xalıqtıń jumıs penen támiyinlengenlik dárejesi | ? |
| Arttı | Nırq-baha | ? |
| Kemeyedi | Tovar islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw kólemi | ? |
| Kemeyedi | Tovar hám xızmetlerge bolǵan jalpı talap | ? |
| Kemeyedi | Xalıq hám firmalar iqtiyarındaǵı pul qarjılanıń muǵdarı | ? |
| Arttı ← | Salıq stavkası | → Kemeyedi |

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdaǵı sızılmada mámleket tárepınen salıq stapkası artıwı nátiyjesinde mámleket ekonomikasında júzege keletuǵın ózgerisler súwretlengen. Siz salıq stavkası kemeytirilgen halda mámleket ekonomikasında júzege keletuǵın ózgerisler joybar qılınǵan.

Bazar ekonomikası sharayatında mámleket óziniń ekonomikalıq siyasatın administrativlik jol menen emes, bálkım, bazar mexanizmi arqalı ámelge asırıladı. Sonıń ishinde mámlekettiń byudjet salıq (fiskal) hám pul-kredit (monitar) siyasatların salıstırıw qabıl etilgen.

Bizlerge málim, mámleket byudjetiniń dáramat bólimi, tiykarınan salıqlardan, qárejet bólimi bolsa mámleket talapları ushın zárúr tovar hám xızmetler satıp alıw qárejetleri hám xalıqqa tólenetuǵın transfer qárejetlerinen ibarat boladı. *Mámlekettiń byudjet - salıq (fiskal) siyasatı* tiykarında tap sol salıqlar, mámleket qárejetleri hám transfer tólemleri muǵdarın ózgertiw járdeminde *jalpı talap* hám *jalpı usınıs* kólemine tásir etiw jatadı.

Máselen, eger salıqlar stavkası asırılsa, xalıq hám firmalar qaramaǵında kemirek pul qaladi. Bul jaǵdayda tovar hám xızmetlerge bolǵan jalpı talap



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kemeyedi. Bul bolsa, óz náwbetinde, tovar hám xızmetler islep shıǵarıwdıń kemeyiwine, xalıqtıń jumıs penen támiyinleniw dárejesiniń tómenlewine alıp keledi. Kerisinshe, eger salıqlar stavkası kemeytilse, xalıq hám firmalar qaramaǵında kóbirek pul qaladı. Bul jaǵdayda tovar hám xızmetlerge bolǵan jalpı talap artadı. Bul óz náwbetinde, tovar hám xızmetler islep shıǵarıwdıń kóbeyiwine, xalıqtıń jumıs penen támiyinlengenlik dárejesiniń artıwına alıp keledi.

Tap usı sıyaqlı, eger mámleket salıqlarǵa tiymesten, óz qárejetlerin yaki transfer tólemlerin asırsa, tovar hám xızmetlerge bolǵan jalpı talap artadı. Bul bolsa, óz náwbetinde, tovar hám xızmetler islep shıǵarıwdıń kóbeyiwine, xalıqtıń jumıs penen támiyinlengenlik dárejesiniń asıwına yaki inflyaciya dárejesiniń asıwına alıp keledi. Kerisinshe, eger salıqlar ózgerissiz qalıp, mámleket qárejetleri yaki transfer tólemleri kemeytilse, tovar hám xızmetlerge bolǵan jalpı talap kemeyedi. Bul bolsa, tovar hám xızmetler islep shıǵarıwdıń kemeyiwine, xalıqtıń jumıs penen támiyinleniw dárejesiniń páseyiwine yaki inflyaciya dárejesiniń páseyiwine alıp keledi. Kópshilik jaǵdaylarda, mámleket bir waqıttıń ózinde hám mámleket qárejetlerin, hám salıqlar stavkasın ózgertiw menen ekonomikanı turaqlastırıwǵa urınadı.

**Mámlekettiń byudjet-salıq (fiskal) siyasatı** — mámleket byudjetiniń dáramat hám qárejet bólimlerin ózgertiw arqalı ekonomikanı tártipke salıw.

**Jalpı talap** — mámlekette belgili waqıt dawamında jámi satıp alınatuǵın tovar hám xızmetler qunı.

**Jalpı usınıs** — mámlekette belgili waqıt dawamında, jámi islep shıǵarılatuǵın tovar hám xızmetler qunı.

Mámleket byudjeti qıtshılıǵınıń muǵdarı, mámlekette islep shıǵarılǵan bir jıllıq jalpı ónim kóleminiń 2-3 procent muǵdarında bolıwı normal jaǵday esaplanadı. Lekin, qıtshılıq kólemi hádden tıs artıp ketkende, onı kemeytiw is-ilajların kóriwi lazım boladı. Mámleket byudjetiniń qıtshılıǵın tómendegi jollar menen kemeytiw múmkin: 1. Mámleket qárejetlerin kemeytiw; 2. Qosımsha dáramat dereklerin tabiw; 3. Tovar hám xızmetler menen támiyinlenbegen, artıqsha puldı aylanısqa shıǵarıw; 4. Óz puqaralarınan, firmalardan, sırt el húkimetleri, xalıqaralıq bank hám finanslıq shólkemlerden qarız alıw.

Mámleket óziniń *pul-kredit siyasatın* oraylıq bank arqalı alıp baradı. Oraylıq bank hám kommerciyalıq bankler birgelikte mámlekettiń eki



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

basqıshlı bank sistemasın payda etedi. Oraylıq bank mámleketke tiyisli bolıp, ol arqalı mámleket elimizdegi aylanıstağı pul massasın tártipke salıp turadı. Oraylıq banktiń wazıypalarınan biri, pul massası — elimizdegi aylanısta bolǵan jámi pul qarjılarınıń jıyındısı. Aylanısqa pul shıǵarıw *pul emissiyası* dep ataladı. Qaǵaz pul hám tiyin kórinisindegi naq pullardı tek oraylıq bank shıǵaradı hám tarqatadı.

**Pul massası** — elimizdegi aylanısta bolǵan jalpı pul qarjılarınıń jıyındısı.

**Mámlekettiń pul (kredit siyasatı)** — mámlekette aylanısta bolǵan pul massasınıń hám kredit procent stavkasın tártipke salıw arqalı ekonomikanı turaqlastırıw.

**Pul emissiyası** — mámleket tárepinen aylanısqa pul shıǵarıw.

Oraylıq bank kommerciyalıq banklerge belgilengen procent stavkalarda puldı qarızǵa beredi. Kommerciyalıq bankler bolsa bul puldı óz klientleri: firma hám xalıqqa joqarıraq procent stavkasında qarızǵa beredi. Solay etip, eki basqıshlı kredit sisteması júzege keledi. Bul jaǵdayda, eger mámleket aylanıstağı pul muǵdarın kemeytip, inflyaciyanıń aldın almaqshı bolsa, oraylıq banktiń kommerciyalıq banklerge beretuǵın qarızlardıń procent stavkası asırıladı. Óz-ózinen kommerciyalıq bankler de klientlerine beretuǵın qarızlarınıń procent stavkasın asıradı. Nátiyjede, kommerciyalıq bankler klientleri, firma hám xalıq joqarı procent stavkalı qarızlardı almay qoya baslaydı. Aylanıstağı pul muǵdarı kemeye baslaydı. Qarjı joq bolǵanlıǵı sebepli isbilermenler iskerligi de páseye baslaydı. Kerisinshe, eger mámleket aylanıstağı pul muǵdarın asırıp, isbilermenlerdi qarjı penen támiyinlep, olardıń iskerligin asırmaqshı bolsa, oraylıq bank qarızlarınıń procent stavkası kemeytiledi.

Oraylıq bank aylanıstağı pul muǵdarın kommerciyalıq banklerdiń zapas normaların belgilew arqalı da qadaǵalap barıw imkaniyatına iye. Kommerciyalıq banklerdiń qarjıları eki bólekten ibarat bolıp, birinshisi kreditke beriw múmkin bolǵan qarjı bolsa, ekinshisi banklerdiń zapas qarjıları. Kommerciyalıq banklerdiń zapas qarjıları túrli kútilmegen jaǵdaylarda paydalanıwǵa mólsherlengen, hár itimalǵa qarsı oraylıq bankte toplanıp qoyılatuǵın qarjılarınan ibarat boladı.

Kommerciyalıq bankler barlıq qarjılarınıń qansha bólegin (qansha procentin) zapasqa alıp qoyıwı da oraylıq bank tárepinen belgilenedi hám bul kórsetkish banklerdiń zapas norması dep júritiledi. Oraylıq bank kommerciyalıq banklerdiń zapas normasin asırıw yamasa kemeytiw



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

arqalı da aylanistağı pul muğdarın kemeytip yamasa asırıp, tártipke salıp turıw imkaniyatına iye. Máselen, eger oraylıq bank kommerciyalıq banklerdiń zapas norması muğdarın arttırsa, kreditke beriletuğın qarjı muğdarı kemeyedi. Nátiyjede, aylanıstağı pul muğdarı kemeye baslaydı. Kerisinshe, eger oraylıq bank zapas norması muğdarın azaytsa, kommerciyalıq banklerdiń kreditke beriwi múmkin bolğan derekler muğdarı asadı, aylanısqa kóp pul shığarıladı. Kórip turğanımızday zapas normasınıń ózgeriwide mámlekettiń bank sisteması arqalı ekonomikağa, tiykarınan inflyaciyanıń aldın alıw, bahalardı tártipke salıp turıw hám isbilermenlikti rawajlandırıw máselelerine tásir etiwine xızmet qıladı.

**Banktiń zapas qarjısı** — banktiń zapası sıpatında oraylıq bankte saqlanıwı kerek bolğan pul qarjısı.

**Banktiń zapas norması** — oraylıq bank tárepinen belgilenetuğın, bank zapas qarjılarınıń barlıq qarjısına salıstırğanda procent muğdarı.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mámlekettiń byudjet-salıq siyasatınıń áhmiyeti nede?
2. Mámleket óz byudjet-salıq siyasatın qaysı usıllar járdeminde qalay júrgizedi?
3. Eger mámleket xalıqtıń jumıs penen támiyinleniw dárejesin asırmaqshı bolsa, qanday is-ilájlar kóriwi kerek?
4. Mámlekettiń transfer tólemlerin asırıwı mámleket ekonomikasında qanday ózgerislerge alıp keledi?
5. Mámleket byudjetiniń qitshiliğın kemeytiwdiń qaysı jolı nátiyjeli?
6. Oraylıq bank elimizdegi pul massasın qanday jollar menen tártipke salıwı múmkin?
7. Banklerdiń zapas normasın belgilew ne ushın kerek?
8. Eger oraylıq bank kredit procenti stavkasın kóterse, mámlekette islep shığarıw páti qalay ózgeredi?

**Bunı este saqlań!**

• Mámlekttiń byudjet-salıq siyasatına nırqlar turaqlılığı, tolıq bántlik hám ekonomikalıq ósiwge qaratilğan salıqqa tartıw hám mámleket byudjetin muwapıqlastırıw is-ilájları kiredi.

• Mámlekettiń pul — kredit (monetar) siyasatı oraylıq bank tárepinen aylanıstağı pul massası hám kredit beriw imkaniyatlarınıń ózgeriwi arqalı ámelge asırıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Ekonomikanıń mámlekettimizdegi ornı hám maqsetlerin túsindirip beriń.
2. Bazar ekonomikasınıń qolaysızlığın sanań.
3. Mámlekettiń qanday ekonomikalıq wazıypaları bar?
4. Mámleket byudjetiniń dáramat hám qárejet bólimleriniń quramın aytıń.
5. Mámleket qarızınıń payda bolıw sebeplerin túsindiriń.
6. Banklerdiń mámleket ekonomikasındağı áhmiyeti nede?
7. Mámlekettiń bank sisteması haqqında aytıp berin?
8. Ápiwayı mısallarda kredit procenti muğdarın esaplap beriń.
9. Mámlekettiń byudjet-salıq siyasatı haqqında túsindirip beriń.
10. Mámlekettiń pul-kredit tarawındağı siyasatınıń mazmunın túsindiriń.

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamağa mas talqılawdı tabıń.

### ATAMALAR:

1. Mámleket byudjeti;
2. Mámleket qarızı;
3. Kommerciyalıq bank;
4. Depozit;
5. Kredit procenti;
6. Jalpi usınıs;
7. Banktiń zapas qarjısı;
8. Banktiń zapas norması;
9. Mámlekettiń pul-kredit siyasatı.

### TALQÍLAWLAR:

a) mámlekettiń bir jıllıq dáramatları hám qárejetleri jobalastırılğan tiykarğı finanslıq hújjeti;
b) jıllar dawamında jıynalıp qalğan byudjet jetispewshiliginiń jámi muğdarı;
d) xalıq, firma hám shólkemlerge xızmet kórsetiwshi bank;
e) amanat yaki bankke qoyılğan qarjı;
f) berilgen qarızdan paydalanğani ushın tólenetuğın qosımsha haqı;
g) mámlekette belgili bir waqıt dawamında, jámi islep shiğarılatuğın tovar hám xızmetlerdiń qunı;
h) banktiń zapası sıpatında Oraylıq bankte saqlaw lazım bolğan pul qarjısı;
i) Oraylıq bank tárepinen belgilenetuğın, bank zapas qarjısınıń jámi qarjığa salistirğandağı procent muğdarı;
j) Elimizde aylanısta bolğan pul massasın hám kredit procent stavkasın tártipke salıw arqalı ekonomikası turaqlastırıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**D. 55-bet. II-bap titulındaġı súwretler boyınsha**

Súwretlerdiń qaysıları baptaġı qaysı temaġa tiyisli ekenligi aytıń. Usı súwretler tiykarında temalardıń mazmunın sóylep beriń.

**E. TESTLER**

**1. Transfer tólemleri mámleket tárepinen qaysı tarawlarġa jiberiledi?**
A) Sociallıq ónimlerdi islep shıġarıw ushın;
B) Kem támiyinlengen shańaraqlardı qollap-quwatlaw ushın;
D) Básekini qollap-quwatlaw ushın;
E) Isbilermenlikti qollap-quwatlaw ushın.

**2. Mámleket ekonomikası aldında qanday maqset turadı:**
A) Ekonomikalıq erkinlik;
B) Ekonomikalıq nátiyjelilik;
D) Ekonomikalıq teńlik hám qáwipsizlik;
E) Joqarıdaġılardıń barlıġı.

**3. Bazardıń jarlılıġı degende ne túsiniledi?**
A) Barlıq sociallıq ónimlerdi jarata almaslıq;
B) Inflyaciyaġa qarsı gúrese almaslıq;
D) Monopoliyalarġa qarsı gúrese almaslıq;
E) Joqarıdaġılardiń barligı.

**4. Mámleket byudjetiniń qárejet bólimi ...**
A) dáramat bólimine teń boladı.
B) dáramat bóliminen kishi boladı.
D) dáramat bóliminen úlken boladı.
E) dáramat bóliminen úlken de, kishi de, teń de bolıwı múmkin.

**5. Aylanba salıq neden alınadı?**
A) Dáramattan;
B) Múlkten;
D) Jerden;
E) Tovardan.

**6. Mámleket byudjetiniń dáramat bóliminiń dereklerine ne kirmeydi?**
A) Transfer tólemler;
B) Mámleket múlkin satıwdan túsken qarjılar;
D) Mámleketke tiyisli qımbat bahalı qaġazlardan túsken dividendleri;
E) Salıqlar.

**7. Tómendegilerdiń qaysı biri tuwrı salıq túrine kirmeydi?**
A) Jer salıġı;
B) Dáramat salıġı;
D) Múlk salıġı;
E) Qosımsha qun salıġı.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**8. Tómendegi wazıypalardıń qaysı biri tek oraylıq bankke tiyisli?**
A) Pul qarjıların qarızǵa beriw;
B) Pul emissiyası;
D) Pul qarjıların qarızǵa alıw;
E) Sırt el valyutaların satıp alıw hám satıw.

**9. Qaysı ilaj mámlekettiń pul-kredit siyasatına tiyisli emes?**
A) Pul emissiyası;
B) Kredit procent stavkasın tártipke salıw;
D) Mámlekettiń qárejetlerin qısqartıw;
E) Mámlekettiń bahalı qaǵazların shıǵarıw.

**10. Qaysı ilaj mámlekettiń byudjet-salıq siyasatına baylanıslı emes?**
A) Pul emissiyası;
B) Mámleket byudjetiniń qárejet bólimin qısqartıw;
D) Mámleket byudjetiniń dáramat bólimin kóbeytiw;
E) Xalıqaralıq fondlardan qarız alıw.

**11. Sociallıq tovarlar — bul ...**
A) bir adamnıń paydalanıwı menen basqalardıń paydalanıw imkaniyatları kemeymeydi.
B) tovardı tutınıwshı, tovar ushın haqı tólegenlerdiń tutınıwı menen sheklep bolmaytuǵın tovar.
D) *A* hám *B* tastıyıqlawlar durıs.
E) tek mámleket tárepinen islep shıǵarılatuǵın tovarlar.

**12. Tómendegilerdiń qaysı biri sociallıq tovar bola almaydı?**
A) Qalanı órtten saqlaw xızmeti;
B) Úylerdi jaqtılandırıw;
D) Qalanı selden saqlaw xızmeti;
E) Kóshelerdi jaqtılandırıw.

**13. Salıqlar stavkasın asırıw nege mısal bola aladı?**
A) Kredit-byudjet siyasatına;
B) Byudjet-salıq siyasatına;
D) Pul-kredit siyasatına;
E) Pul-finanslıq siyasatına.

**14. Tómendegi ilajlardıń qaysısı byudjet-salıq siyasatına tiyisli emes?**
A) Bank paydasına salınatuǵın salıqlar stavkasınıń ózgertiliwi;
B) Oraylıq bank tárepinen bank zapası normalarınıń ózgertiliwi;
D) Jańa islep shıǵarıwǵa qarjı kirgizip atırǵan kárxanalar ushın salıq jeńillikleriniń beriliwi;
E) Kem támiyinlengen shańaraqlar ushın sociallıq tólemlerdiń kóbeytiliwi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## ǴÁREZSIZ ISKERLIK — BANK

**Bank** — kommerciyaliq shólkem bolıp, bank iskerligi dep tómendegishe iskerlik túrlerin kompleksin ámelge asıratuǵın yuridik shaxs bolıp esaplanadı:

— yuridikalıq hám fizikalıq shaxslardan amanatlar qabıl etip alınǵan qárejetlerden táwekel etıp kredit beriw yamasa investiciyalaw ushın paydalanıw;

— tólemlerdi ámelge asırıw.

*Ózbekstan Respublikasınıń "Bankler hám bank iskerligi haqqında"ǵı nızamınan.*

1. Banklerdi qaysı bir túrdegi firma dep atasaq bolama?
2. Siz ekonomikamızdı banksiz kóz aldıńızǵa keltiresizbe?
3. Eger bankler bolmaǵanda ekonomikamızda qanday mashqalalar bolar edi?

Bank kredit bergende bul qárejetlerdiń tolıq qaytarılıwı bank ushın júdá áhmiyetli esaplanadı. Keri jaǵdayda bank sınadı. Sol sebepli bank qarız alıwshıdan belgili bir múlkti girewge qoyıwın talap etedi. Eger girew sıpatında kredit pullarına satıp alınatuǵın úskeneniń ózi qoyılsa, bunday kreditshilerge *lizing* dep ataladı. Eger girewge kredit pullarına qurılatuǵın úy, imarat yaki qurılıs qoyılsa, bunday kredit *ipoteka kredit* dep ataladı.

2018-jılda baslanǵan dúnya júzlik finans-ekonomikalıq krizis AQShta ipotekaliq kredit sistemasında júzege kelgen sharasızlıqtan kelıp shıqqan.

1. Girewge qoyılıwı múmkin bolǵan múlklerge mısal keltiriń.
2. Lizingke mısal keltire alasızba? Ipoteke kreditine she?






*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Shınıǵıw.** Jıl basinda Alliev 40 000 000 sum puldı 17% jıllıq payız stavkası menen, Balliev bolsa, 60 000 000 sum puldı 16% jıllıq payız stavkası menen bankke qoydı.

"Samo" firması 100 000 000 sum puldi 18% jıllıq payız stavkası menen bankten aldı.

1. Alliev bank penen birge islesiwde jılına qansha dáramat kóredi? Balliev — she?
2. "Samo" firmasınıń bul puldı islep shıǵarıwǵa jumsaw nátiyjesinde bir jıllıq dáramatı keminde qansha dáramat qurawı múmkin? Firma bankke qansha pul qaytaradı?
3. Bank joqarıda keltirilgen "xızmetten"jılına qansha dáramat kóredi?
4. Bul bank operaciyasınan kim kóbirek payda kóredi?

## BANKTEN QARÍZ ALAMÍZ

Aytayıq, «Ipoteka» banki 2018-jılı dekabr ayında klientlerge «Shodlik» hám «Kafolat» dep atalǵan tómendegi amanatlardı saqlaw túrlerin usınıs etip atırǵan bolsın.

«Shodlik» amanat túri: jıllıq procent stavkası 18%, saqlaw múddeti 8 ay, procent ápiwayı procentlerde tólenedi.

«Kafolat» amanat túri: jıllıq procent stavkası 12%, saqlaw múddeti 8 ay, procent quramalı procentler usılında tólenedi.

Eger sızıń 100 000 000 sum pulıńız bolǵanda, bul eki amanat túriniń qaysı birinen paydalanǵan bolar edińiz? Keliń, birge pikir júrgizip kóreyik.

«Shodlik» amanat túri hárbir ayda 18:12=1,5% muǵdarda ápiwayı procent tóleydi. Demek, formula boyınsha banktiń 8 ay ushın tóleytuǵın procent muǵdarı: $I = P \cdot r \cdot t = 100\,000\,000 \cdot 0{,}015 \cdot 8 = 12\,000\,000$ sum.

Segiz aydan keyin bank qaytaratuǵın jámi pul muǵdarı:

$S = P + I = 100\,000\,000 + 12\,000\,000 = 112\,000\,000$ sumdı quraydı.

«Kafolat» amanat túri hárbir ayda 12:12=1% muǵdarında quramalı ápiwayı procentlerde, yaǵnıy hárbir aydaǵı procent muǵdarın amanatıńızǵa qosıp, keyingi ayda kóbeygen amanattan procent esaplaydı. Demek, formula boyınsha:

$P_8=P \cdot (1+r)^8 = 100\,000\,000(1+0{,}01)^8 \approx 100\,000\,000 \cdot 1{,}083=108\,300\,000$ sumdi quraydi. Demek, bul jaǵdayda «Kafolat» amanat túri paydalıraq eken. Amanatshı ushın bolsa, tábiyǵıy, "Shodlik" amanat túri paydalıraq.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

> ***Puqaralarımız salıqtan qashıwı emes, onı waqtında tólewden mápdar bolıwı kerek.***
>
> ***Shavkat Mirziyoyev***

# III bap. Salıq túrleri




*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 15-TEMA DÁRAMAT SALÍǴÍ



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerdeǵi puqaralardıń qanday dáramat derekleri bolıwı múmkin.
2. Bul puqaralar óz dáramatlarınan mámleketke salıq tólewi shárt?
3. Fizikalıq táreplerden óndiriletuǵın dáramat salıǵı onı tólewshilerge qanday kórinislerde qaytip keledi?
4. «Kim kóp dáramat tapsa, sol kóbirek salıq tólewi lazım» degen pikirge óz kózqarasıńızdı bildiriń.

Hár bir puqara óz dáramatlarınan salıq tólewi shárt. Salıq tólemleri mámleket byudjetine kelip túsedi hám salıq tólewshilerge bilimlendiriw, medicinalıq járdem, qorǵanıw, jámiyetlik tártipti saqlaw, pensiya, napaqa, stipendiya hám basqa mámleketlik kárxanaları tárepinen kórsetiletuǵın xızmetler hám járdem pullar kórinisinde qaytıp keledi. Sol sebepli, salıqlardı óz waqtında tólew har bir puqara ushın hám qarız, hám parız.

Dáramat salıǵı mámleketlik salıǵı bólıp, tuwrı salıqlar túrine kiredi. Dáramat salıǵı fizikalıq tareplerdiń jámi jıllıq dáramatınan alınadı. Demek, fizikalıq tareplerdiń jámi jıllıq dáramatı salıq salıw obyekti esaplanadı. Hár bir adamnıń jıllıq dáramatı is haqı, xoshametlewler, mulk arendasınan alınǵan dáramat, bankke qoyılǵan amanatlardan keletuǵın procentler, akciyadan alınǵan dividendler hám isbilermenlik isinen alınatuǵın dáramatlardan quralıwı múmkin.

2019-jılǵa shekem fizikalıq shaxslar dáramatına 4 baǵanalı salıq salınatuǵın edi. Bunda dáramattıń 22,5% ke shekemgi bólegi salıq



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

sıpatında óndiriletuǵin edi. 2019-jıldan baslap is haqı fondına salıq júgin páseytiriw hám fizikalıq shaxslardıń dáramatları boyınsha dáramat salıǵın esaplawdı ápiwayılastırıw maqsetinde 12%lik jalǵız stavka belgilendi.

| Salıqqa tartılatuǵın dáramat | Fizikalıq shaxslar dáramat salıǵı stavkaları | |
|---|---|---|
| | 2018- jıl | 2019- jıl |
| Eń kem aylıq is haqı muǵdarına shekem bolǵan | 0% | 12% |
| Eń kem aylıq is haqınıń 5 esesine shekem bolǵan | 7,5% | |
| Eń kem aylıq is haqınıń 10 esesine shekem bolǵan | 16,5% | |
| Eń kem aylıq is haqınıń 10 esesinen kóp bolǵan | 22,5% | |
| Dividendler hám amanat payızları kórinisindegi dáramatlardan | 10% | 5% |

Fizikalıq shaxslar akciya hám basqa qımbat bahalı qaǵazlardan alatuǵın dividendlerinen, amanat payızlarınan 2019-jılǵa shekem 10 payızlı stavkadan óndırılıp kelgen bolsa, 2019-jıldan bul stavka 5%ke túsirildi. Yaǵnıy salıq stavkası eki ese páseytirildi. Jerǵilikli hákimiyat tárepinen berilǵen arnawlı ruxsatnama — patent tiykarında jeke tártipte isbilermenlik penen shuǵıllanıwshı fizikalıq tárepler isbilermenlikten alǵan dáramatlarınan qatań belǵilenǵen salıq tóleydi. Yaǵnıy bul puqaralar isbilermenlik isinen qansha dáramat alıwına qaramastan, olardan belǵilenǵen kólemde dáramat salıǵı óndiriledi. Biraq, 2019-jıldan, yaǵnıy jańa salıq túrlerinen keyin tıyıslı organlarǵa jeke isbilermenler tárepinen qatań belgilengen stavka boyınsha salıqqa tartılıwshı iskerlik túrlerin qayta kórip shıǵıw hám olardıń sanın kemeytiriw tapsırıldı.

Dáramat salıǵın tólewshiler, dáramat salıǵı stavkaları hám onı esaplaw menen baylanıslı tártip hám qaǵıydalar salıq kodeksinde kórsetip ótilǵen.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Áyne usı maqsette salıq óndiriwshileri menen bir waqıtta ámeldegi salıq kodeksine hám zárúr ózgeris hám qosımshalar kiritiledi.

Fizikalıq shaxslardan óndiriletuǵin dáramat salıǵı stavkalarınıń 2018-jılǵı hám 2019-jılǵı stavkaların 81-bettegi keste boyınsha salıstırıp kóriw múmkin.

Is haqıdan alınatuǵın salıqlardı hám basqa sociallıq tólemlerdi kárxana esapshısı esaplaydı. Esaplanǵan salıqlar is haqıdan alınıp mámleket byudjetine ótkeriledi. Sonday bolsa da, dáramattan óndiriletuǵin salıqtı esaplay alıw hár bir puqara ushın zárúr.

***Ámeliy shınıǵıw.*** *Firma óz xızmetkerlerine 2019-jılı yanvar ayı ushın 2 000 000 sum is haqı esapladı. Jumısshıda ózi isleytuǵın kárxananıń akciyaları hám bar ol bul akciyalardan dividend kórinisinde 450 000 sum dáramat qıladı. Onıń banktegi amanatları 350 000 sum amanat payızı sıpatında dáramat keltiredi. Jumısshı mámleketke qansha dáramat salıǵın tólewi kerek?*

Firma jumısshınıń is haqıda tólenetuǵin salıq:

2 000 000 · 12% = 240 000 sum; onıń akciyaları dividendlerinen tólenetuǵın salıq: 450 000 · 5% = 22 500 sum;

Onıń amanatları payızlardan tólenetuǵin salıq:

350 000 · 5% = 17 500 sum;

Onıń amanatları payızlardan tólenetuǵin salıq 240 000 + 22 500 + 17 500 = 280 000 sum dáramat salıǵı tólewi kerek.

***Esletpe:*** *Fevral ayı ushın salıq kólemin esaplawda, tap joqarıdaǵıday is tutıladı. Biraq, salıq tek fevral ayı ushın emes, al jıl basınan berli ótken 2 ay ushin esaplanadı hám yanvar ayında tólenǵen salıq kólemi ayrıladı.*

Fizikalıq tárepler sıyaqlı yuridikalıq tárepler de ózleriniń xızmeti nátiyjesinde alǵan dáramatlarınan dáramat (payda) salıǵına tartıladı.

Mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan salıq óndiriwshiler nátiyjesinde 2019-jıl 1-yanvardan baslap yuridik shaxslardan óndiriletuǵın payda salıǵı:

— kommerciyalıq bankler ushın 22 den 20% ǵa;

— basqa yuridik shaxslar ushın 14 den 12% ǵa túsiriledi.

Salıq stavkasınıń túsiriliwi salıq tólewshilerge salıq júgin kemeyttiriw hám payda bolǵan qosımsha qárejetlerdi kárxananı rawajlandırıwǵa hám investiciyalarǵa jóneltiriwge imkan jaratadı.

Sonıń menen bir qatarda, ayırım túrdegi yuridik shaxslar ushın payda salıǵınıń ayrıqsha stavkaları belgilendi. Bunı tómendegi kestede kóriw múmkın.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| Salıq tólewshiler | Yuridik shaxslar payda salıǵı stavkaları | |
|---|---|---|
| | 2018- jıl | 2019- jıl |
| Yuridik shaxslar (tómende ajıratıp kórsetilgenlerden tısqarı) | 14% | 12% |
| Kommerciyalıq bankler | 22% | 20% |
| Sement (klinker) hám polietilen granulaları islep shıǵarıwshı yuridik shaxslar | 14% | 20% |
| Ónimlerdiń júdá úlken payda keltiriwshi ayırım túrleri boyınsha | 50% | 20% |
| Tıykarǵı iskerlik túri mobil baylanıs xızmeti kórsetiw bolǵan yuridik shaxslar: 20% ǵa shekem bolǵanda | 14% | 20% |
| Rentabelligi (nátiyjeliligi) 20% ten joqarı bolǵanda | 50% | 20% |

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Fizikalıq táreplerdiń jámi dáramatlar quramına ne kiredi?
2. Fizikalıq táreplerdiń dáramatlarınan qanday dáramat salıǵı óndiriledi?
3. Fizikalıq táreplerdiń dividendleri hám procentler kórinisinde alǵan dáramatlarınan qanday stavkada salıq alınadı?
4. Yuridikalıq shaxslardan alınatuǵın dáramat (payda) salıǵı stavkaları haqqında ne bilesiz? Olardıń páseyttiriliwiniń sebebi nede?
5. 2019-jıldan baslap yuridik shaxslardan óndiriletuǵin payda salıǵı boyınsha qanday ózgerisler júz berdi?
6. Yuridik shaxslardan óndiriletuǵın payda salıǵı boyınsha jeńillikler salıq tólewshi yuridik shaxslar ushın qanday imkaniyatlar jaratadı?

**Bunı este saqlań!**

- Fizikalıq shaxslardıń dáramatlarınan dáramat salıǵı alınadı.
- Yuridik shaxslar óz dáramatlarınan payda salıǵın tóleydi.
- 2019-jıl 1-yanvardan baslap Ózbekstan Respublikasında fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardan óndiriletuǵın dáramat salıqları stavkaları boyınsha keskin ózgerisler júz berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 16- TEMA MAL-MÚLK SALÍĞÍ



















## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretler ishinen mal-mulk salıǵı bola alatuǵın múlklerdi ajıratıp kórsetiń? Ne sebepten bunı tańlaǵanıńızdı túsindirip beriwge háreket qılıń.
2. Jay yamasa imarat mal-mulk salıǵı obekti bolıwı ushın óz iyesine dáramat keltiriwi shárt pe? Bul haqqında pikir júrgiziń. Óz pikirińizdi klaslaslarıńız benen talqılań.
3. Bul salıq muǵdarın belgilewde nelerdi esapqa alıw lazım?
4. Qaysı súwretlerde mal-múlk salıǵına tartılmaytuǵın obyektler súwretlengen?
5. Súwretlerdegi múlklerdiń qaysı biri iyesine kóbirek dáramat keltiredi?
6. Mal-múlk salıǵı ne ushın kerek?

Ózbekstan aymaǵında jaylasqan turaq-jaylar, úyler, imaratlar, garajlar hám basqa imaratlar, jaylar, qurlıslardan mal-múlk salıǵı tólenedi. Mal-múlktiń salıqqa tartılatuǵın bólimi sıpatında 2017-jılǵa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shekem inventarizaciya (esapqa alıw) bólimi alınar edı hám bul bóliminde bazar bahalarınıń ózgeriwi sáwlelenbes edi. 2018-jıldan baslap mal-múlk salığı múlktiń kodastr (bazar nırqın esapqa halda) qunınan kelıp shığıp esaplap shığılmaqta.

Múlktiń kodastr qunı, ádette, investiciya qunına salıstırğanda bir qansha qımbat boladı. Sonıń ushın da 2018-jılda mal-múlk salığı keskin asıp ketpewi ushın salıq stavkaları 2017-jıldağığa salıstırılğanda bir qansha kemeytırıldı.

2018-jılı mámleketimizde fizikalıq shaxslardan óndiriletuğın mal-múlk stavkası (eger mal-múlktiń ulıwma maydanı 200 $m^2$ dan aspasa) mal-múlktiń esaplanğan kodastr qunına salıstırğanda múlkten 0,2% etıp belgilengen.

Ulıwma maydanı 200 $m^2$ tan 500 $m^2$ qa deyın bolğan hám qalalarda jaylasqan úy-jaylar, kvartiralar — 0,25 %, ulıwma maydanı 500 $m^2$ tan artıq bolğan hám qalalarda jaylasqan úy-jaylar, kvartiralar — 0,35 %, ulıwma maydanı 200 $m^2$ tan artıq bolğan hám qaladan basqa elatlı funktlerde jaylasqan mal-múlkler 0,25 % stavkada salıqqa tartıladı.

Mal-múlk salığın esaplaw ushın kadastr qunınıń eń kem summası 42 mln sum dep belgilengen. Yağnıy mal-múlktiń kadastr qunı 42 mln sumnan kem qılıp kórsetiliwi múmkin emes. Fizikalıq táreplerdiń mal-múlkine salınıwshı salıq mámleketlik salıq mákemeleri tárepinen esaplanadı. Imarat, jaylardan tólenetuğın salıqlardıń kólemi olardıń hár jıl 1 yanvardağı bahasına tiykarlanip belgilenedi. Imarat, úy-jaylardıń iyeleri bir neshe bolsa, olardan tólenetuğın salıq muğdarı hár bir adamnıń úlesine qarap belgilenedi. Jańa qurılğan yamasa satıp alınğan imaratqa salıq keyingi jıl basınan esaplanadı.

Mal-múlk joq qılınğan, pútkilley wayran bolğan jağdaylarda mal-múlk salığın tólew olar joq qılınğan yamasa pútkilley wayran bolğan aydan baslap toqtatıladı.

Miyras bolıp qalğan múlkten mal-múlk salığı, miyras alınğan waqıttan baslap tólenedi. Eğer múlktiń iyesi almassa, onıń aldıngı iyesi sol jıldıń 1-yanvarınan baslap iyelik huqıqın joğaltqan waqıtqa (ayğa) shekem salıqtı tóleydi. Múlktiń jańa iyesi bolsa iyelik huqıqın alğan aydan baslap tóleydi.

Eğer múlk iyesi salıq tólewde ayırım jeńilliklerğe iye bolıw huqıqın qolğa kirğizse, mal-múlk salığı sol huqıq payda bolğan aydan baslap qayta esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mal-múlk salıǵın tólew haqqında tólew xabarnamaları mámleketlik salıq mákemeleri tárepinen tólewshilerge hár jılı 1-maydan keshiktirmey tapsırıladı. Fizikalıq tárepler sıyaqlı yuridikalıq tárepler de mal-múlk salıǵın tóleydi:

• Tiykarǵı qurallar, sonıń ishinde, qarjı ijarası (lızıng) shártnaması boyınsha alınǵan tiykarǵı qurallar (máselen intellectual múlk);

• materiallıq emes aktivler;

• qurılısı pitpeǵen obektler;

• belǵilenǵen múddetlerde ornatılmaǵan úskeneler.

Mal-múlk salıǵı kárxana múlkiniń ortasha jıllıq qaldıq qunınan alınadı. Ortasha jıllıq qaldıq qunı hár aydıń aqırǵı sánesine salıq salınatuǵın obyektlerdiń qaldıq qunlarınıń jıyındısı 12 ge (12 ayǵa) bóliw jolı menen anıqlanadı.

2019-jılda yuridik shaxslar mal-múlk salıǵınıń stavkası salıq salıw bazasına salıstırǵanda 2 % muǵdarında belgılengen. Usı salıq stavkası kárxana múlkiniń qayta bahalanǵan qaldıq qunınan óndiriledi.

Ayırım túrdegı fizikalıq shaxslar (urıs mayıpları, qatnasıwshıları, kóp balalı hayallar, pensionerler hám basqalar) ushın mal-múlk salıǵı boyınsha jeńilliklerdi qollaw maqsetinde salıq salınbaytuǵın maydan 2019-jılǵa deyin 60 kv m quraytuǵın edi. Jańa salıq nızamshılıǵı boyınsha bul ólshem ózgermey qaldı. Egerde fizikalıq shaxs tárepinen ózine tıyıslı mal-múlk isbilermenlerge ıjaraǵa berilse, yamasa onnan múlk iyesi isbilermenlik maqsetinde paydalansa, aldınǵı jıllarda usı mal-múlkke salıstırǵanda jeńıllıkler qollanılmas edı. 2019-jıldan baslap bul qaǵıyda bıykar qılındı. Yaǵnıy, bunday mal-múlkke de jeńıllıkler saqlap qalınatuǵın boldı.

Mal-múlk salıǵı boyınsha jeńıllıkler salıq kodeksiniń 275-statyasında kórsetip ótilgen.

Mal-múlk salıǵına tartılıw zárúr bolǵan mal-múlk iyesi bolǵan yuridik shaxs mal-múlk salıǵı subyekti esaplanadı. Yuridik shaxslardıń mal-múlki salıqqa tartılatuǵın mal-múlikleri bolsa mal-múlk salıǵı obyekti boladı.

Hár qanday fizikalıq shaxstiń belgili muǵdarda mal-múlki boladı. Nızamǵa kóre, mal-múlkinen salıq tólewshi shaxs mal-múlk salıǵın tólewshi (subyekti) esaplanadı. Fizikalıq shaxslardan alınatuǵın salıq tólewshileri tómendegi shaxslar esaplanadı:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— Múlkinde salıqqa tartılıwı kerek bolǵan mal-múlk iyeleri bolǵan Ózbekstan Respublikası puqaraları;

— Ózbekstan aymaǵında salıqqa tartılıwı kerek bolǵan mal-múlk iyeleri bolǵan shet el puqaraları. Bunda ayırım jaǵdaylarda xalıqara shártnamalarǵa tiykarlanıp basqasha tártip ámel qılıwı múmkin;

— Yuridik shaxs shólkemlestirgen hám shólkemlestirilmegen halda dúzilgen diyqan xojalıqları. Fizikalıq shaxstıń mal-múlki bolsa salıq salıw obyekti boladı.

**Tapsırma**

Puqaranıń dala hawlısı qunı 2019-jıl 1-yanvarda mámleket tárepinen 162 000 000 sum dep bahalandı. Puqara mámleketke usı jılı qansha mal-múlk salıǵın tóleydi?

Eger dala hawlı qunı salıq tólewshı tárepinen 35 000 000 sum dep kórsetilgen bolsa ne?

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mal-múlk salıǵı nelerden tólenedi?
2. Fizikalıq shaxslar mal-múlk salıǵın qanday stavkalarda tóleydı?
3. Fizikalıq shaxslardıń mal-múlkine salınıwshı salıq qanday esaplanadı?
4. Yuridik shxslardan mal-múlk salıǵı qanday stavkada tólenedi?
5. Mal-múlk salıǵı boyınsha jeńillik sıpatında salıq salınbaytuǵın mal-múlk maydanı qansha etıp belgilengen?
6. Mal-múlk salıǵı obyektleri haqqında nelerdı bilesiz?
7. Mal-múlk salıǵı subyektleri kimler?

**Bunı este saqlań!**

• Salıqqa tartılıwı shárt bolǵan mal-múlk iyesi bolǵan fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar mal-múlk salıq tólewshisi-subyekti esaplanadı.

• Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń salıqqa tartılatuǵın mal-múlki — mal-múlk salıq obyekti boladı.

• Salıqqa tartılatuǵın mal-múlktiń qunı hár jılı 1-yanvar jaǵdayına qarap esaplanadı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 17- TEMA JER SALÍǴÍ








## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Súwretlerdegi jerlerdiń qaysı biri kimge tıyıslı bolıwı múmkin?
2. Súwretler ishinen, siziń pikirińizshe, jer salıǵına tartılsa bolatuǵın jerlerdi ajıratıp kórsetiń. Ne ushın bılay tańlaǵanıńızdı túsindirip beriwge háreket etiń.
3. Qanday da maydan jer salıǵına tartılıw ushın óz iyesine dáramat keltiriwi shárt dep oylaysızba? (Bul haqqında pikirińizdi klaslaslarıńız benen talqılań).



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

4. Súwrettegi jerlerdiń qaysı biri iyesine kóbirek dáramat keltiredi dep oylaysız?
5. Sizińshe, jer salıǵı ne ushın kerek?

Mámleketimiz salıq sistemasında jer salıǵı jerǵilikli salıq hám jıyınlar túrine tiyisli. Jer salıǵı basqa salıq turlerinen ayrıqsha, ózine tán ózǵesheliklerǵe iye. Usı salıq turi qatań tólem boladı. Yaǵnıy jer iyeleri hám paydalanıwshılar óz iskerligi dawamında qansha payda yaki zıyan kórǵenine qaramastan, jer salıǵın tólewi shárt. Sebebi, usı salıqtı enǵiziwden tiykarǵı maqset — jerden aqıllıq penen paydalanıw, onı abaylaw, talan-taraj qılınıwına jol qoymaw.

Fizikalıq shaxslar ushın jer salıǵı stavkaları Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararına tiykarlanıp belgilenedi.

Múlk huqıqı, iyelik qılıw huqıqı, paydalanıw huqıqı yamasa ijara huqıqı tiykarında jer uchastkalarına iye bolǵan yuridikalıq tárepler jer salıǵın tólewshiler bólıp esaplanadı.

Jekke salıq tólewǵe ótken yamasa ayrıqsha túrlerine ótken kárxanalar, sawda mekemeleri jer salıǵın tólewshiler bolmaydı.

Yuridikalıq tárepler ajıratıp berilǵen jerler ushın jerden paydalanǵan yamasa paydalanbaǵanına qaramastan, jer salıǵın tóleydi.

Ózbekstan Respublikasında jer salıǵında tómendegi stavkaları qollanıladı:

1. Jekke jer salıǵın tólewde awıl xojalıǵı tovarların islep shıǵarıwshıları ushın jer salıǵı stavkası;

2. Jekke jer salıǵın tólewǵe ótpeǵen awıl xojalıǵı kárxanaları ushın jer salıǵı stavkaları.

Jer salıǵı stavkası hám jekke jer salıǵı stavkası Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararına tiykarlanıp belgilenedi.

Adamlardıń dala háwlileri hám jámiyetlik imaratları bánt etken jerler bahasın 2 ge kóbeyttirilǵen (2 koefficient qollanılǵan) halda bahalanadı hám sol bahada jer salıǵın tóleydi.

Fizikalıq táreplerdiń salıq salınbaytuǵın jer ushastkalarına tómendeǵi jerler kiredi.

Jeke tártipte úy-jay qurıw hám jekke járdemshi xojalıqtı júrǵiziw ushın nızam hújjetlerinde belǵilenǵen kólemde berilǵen jerler — jer uchastkası berilǵen waqıttan berli eki jıl dawamında salıq salınbaydı. Eger jerden óz ornında paydalanılmasa, bul jeńillik qollanılmaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Diyqan xojalıqlarınan óndiriletuǵın jer salıǵı stavkaları, jer sapasına baylanıslı túrde belǵilenedi.

Tómendeǵi jer maydanları jer salıǵınan azat etiledi:

- qalalar, qala qorǵanları, awıl puqaralarınıń ulıwma paydalanıwdaǵı jerleri (maydanlar, kósheler, ótiw jerleri, jollar, salma jaǵaları, salmalar, qoyımshılıq hám taǵı basqalar);
- baǵshılıq, júzimshilik, palızshılıq jámáátleri ushın ulıwma paydalanıwǵa berilǵen jerler;
- tábiyattı qorǵawǵa mólsherlenǵen jerler;
- tariyxıy — mádeniy áhmiyetke iye bolǵan jerler;
- suw fondı jerleri (dáryalar, kóller, suw saqlaǵıshlar, kanallar, teńizler hám sol sıyaqlı ulıwma paydalanatuǵın jerler).

Tómendeǵi jer maydanları jer salıq obyektleri esaplanadı:

- diyqan xojalıǵı alıp barıw ushın miyras qılıp qaldırılatuǵın ómirlik iyelik qılıwǵa belgilengen jer maydanları;
- jeke tártipte úy-jay qurıw ushın miyras qaldırılatuǵın ómirlik iyelik etiwge berilgen jer ushastkaları;
- jámáát baǵbanshılıǵı, júzimshiligin hám palızshılıǵın alıp barıw ushın jer uchastkaları;
- xızmet boyınsha berilgen shek jerler;
- miyras boyınsha, sawǵa qılınǵan yamasa satıp alıw nátiyjesinde úy-jay hám imaratlar menen birgelikte múlk huqıqı, iyelik qılıw hám paydalanıw huqıqı ótken jer uchastkalari;
- nızam hújjetlerinde belgilengen tártipte múlk etip alınǵan jer uchastkaları;
- isbilermenlik júrgiziw ushın turaqlı paydalanıwǵa yakı ijaraǵa berilgen jer uchastkaları.

Jer salıǵı tólewshileri bolǵan barlıq fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar jer salıǵı subyektleri esaplanadı.

Yuridik shaxslar ushın tómendegi jer maydanlari jer salıǵı obyekti esaplanadı:

- nızamda belgilengen tártip boyınsha óz múlki qılıp alınǵan jer maydanları;
- toǵay xojalıǵı ushın iyelik qılıwǵa berilgen jerler;
- kárxanalarǵa, imaratlar, qurılıslarǵa yakı basqa maqsetler (awıl xojalıǵı maqsetlerinen tısqarı) ushın paydalanıwǵa berılgen jerler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Bilesiz be?**

Berilgen jerlerden eki jıl dawamında paydalanbaǵan fizikalıq tareplerden jer salıǵı úsh ese kóp kólemde óndiriledi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Fizikalıq shaxslarǵa tiyisli bolǵan qanday jer uchastkaları jer salıǵına tartıladı?
2. Qanday fizikalıq shaxslar jer salıǵın tólewshiler esaplanadı?
3. Jer salıǵı stavkaları kim tárepinen belgilenedi?
4. Jer salıǵın tólewshiler ushın qanday jeńillikler bar?
5. Qanday yuridikalıq shaxslar jer salıǵın tólewshiler boladı?
6. Jer salıǵı ne ushın kerek? Juwabıńızdı tiykarlań.
7. Jer salıǵı qanday salıq hám qanday jıyınlar túrine tiyisli?
8. Jer salıǵı subyektleri dep qanday yuridik hám fizikalıq shaxslarǵa aytamız?
9. Jer salıǵı obyektleri degende qanday jer maydanların názerde tutıladı?

**Bunı este saqlań!**

- Salıqqa tartılıwı shárt bolǵan jer iyesi jer salıǵı tólewshisi esaplanadı. Olar *jer salıǵı subyektleri* de esaplanadı.
- Fizikalıq hám yuridikalıq shaxstıń salıqqa tartılatuǵın jerleri saliq salıwshı obyekti boladı.
- jer salıǵı jergilikli salıqlar túrine kiredi.
- jer salıǵı hám jeke jer salıǵı stavkaları bir-birinen parqlanadı.
- jerden únemli paydalanbay atırǵan jer iyeleri asırılǵan stavkalar boyınsha jer salıǵın tóleydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 18- TEMA AKCIZ HÁM QOSÍLǴAN BAHA SALÍǴÍ



Ózbekstan Respublikasında islep shıǵarılıp atırǵan tovarlar




Shet elden Ózbekstan Respublikası aymaǵına alıp kelingen tovarlar




## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdaǵı 2—4- súwretlerde mámleketimizde 5—7-súwretlerde bolsa, shet elde islep shıǵarılǵan hám mámleketimizǵe alıp kelinǵen tovarlar súwretlenǵen. Olardı ulıwmalastırıwshı zat — bul akciz salıǵı. Olardıń hámmesine akciz salıǵı salınatuǵın tovarlar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

1. Siziń pikirińizshe bul tovarlarǵa qosımsha akciz salıǵı salınıwına sebep nede? Sorawǵa juwap beriwdi usı tovarlardıń bazardaǵı ornı hám tutınıwshı qásiyetlerine itibar beriń. Sonday-aq, spirtli ishimlikler hám temeki ónimleriniń insan den sawlıǵı hám jasawına unamsız tásirin tiygiziwin umıtpań.
2. Akciz markası qanday tovarlarǵa jabıstırılıwın bilesız be? Sonday akciz markaǵa qanday tovarlarǵa jabıstırılıwınıń sebebi nede dep oylaysiz?
3. Qosılǵan baha salıǵı dep atalıwshı salıq tovarlarına ne sebepten salınıwı haqqında pikir bildiriwǵe háreket qılıń. Bunda salıqtıń atına itibar beriń.

Akciz salıǵı aylanba salıq bolıp, ayırım ónimlerden ǵana alınadı. Akciz salıǵın tólewshiler akciz tólenetuǵın ónimler islep shıǵarıwshı hám import qılıwshılar. Akciz salıǵı mámleketimizde islep shıǵarılǵan alkogolli ónimler, temeki ónimleri, etil spirti, spirtli ishimlikler, altın, gumisten tayarlanǵan ónimler, neft gaz ónimleri (benzin, dizel, gaz) sıyaqlı ónimlerge salınadı. Mine usı akciz salıǵı salınatuǵın tovarlar akciz salıǵı obyektleri boladı.

**Ayırım ónimler ushın akciz salıǵı stavkaların keltiremiz:**

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Konyak kóylek (1 dekalitr ushın) | 92 500 sum |
| 2 | Araq (1 dekalitr ushın) | 84 500 sum |
| 3 | Filtrli sigaretaler (1000 danası ushın) | 117 900 sum |
| 4 | Etil spirti (1 dekalitr ushın) | 9 800 sum |
| 5 | Benzin (1 tonna ushın) | 32 143 sum |
| 6 | Suyıltırılǵan gaz ushın (1 tonna ushın) | 540 645 sum |
| 7 | Zergerlik buyımları ushın (satılıwı bahası procentleri) | **25%** |
| 8 | GM Ózbekstan avtomobilleri (satılıwı bahasına keri procentlerde) | **3%** |

2019-jıl 1-yanvardan baslap akciz salıǵın esaplaw hám tólew boyınsha da bir qatar ózgerisler kiritildi. Solardan:

1. tólengen akciz salıǵı summası islep shıǵarıw hám satıw shınjırın da esapqa almaytuǵın boldı;
2. akciz salıǵı salınatuǵın jańa tovarlar túrleri kiritildi;
3. alkogol ónimleri ushın akciz salıǵı indeksaciya qılındı.

2019-jıl 1-yanvardan baslap ayırım akciz salıǵı salınatuǵın tovarlar boyınsha akciz salıǵı stavkaları kemeyttirildi. Ayırım tovarlar bolsa, ak-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ciz salınatuğın tovarlar diziminen shığarılıp jiberildi. Usınıń menen bir waqıtta bir qansha tovarlar akciz salınatuğın tovarlar dizimine kiritildi.

2019-jılğa deyın benzin, dizel janılğısı hám gaz ushın tutınıw salığı tólenetuğın edi. Bunda bul salıq hár bir litr janılğı nırqına anıq ústeme qosılğan halda óndiriler edi. 2019-jıl 1-yanvardan baslap bolsa bul tutınıw salığı biykar qılındı hám onıń ornına hár bir litr janılğı ushın akciz salığı kiritildi. Akciz salığı tutınıwshılarğa janılğını satıwshı yurıdık shaxslardan óndirilip alınadı. Bul yurıdık shaxslar tiykarğı tutınıwshığa satqan janılğı nırqında bul akciz salığı da qosılğan boladı. Bul óz náwbetinde salıqlar sanın kemeyttırıw hám salıq sistemasın ápiwayılastırıwğa xızmet etedı.

Shet elden mámleketimiz aymağına alıp kiriletuğın hám akciz sańlığı salınatuğın tovarlar dizimi bir qansha kóp. Mámleketimizde Ózbekstan Respublikası Prezidenti qararı menen 2019-jıl 1-yanvardan baslap jáne 65 túrdegi tovarlar importı ushın akciz salığı kiritildi. Bunda salıq ayırım tovarlar bajıxana qunınan procent esabında óndirilse, ayrımlarınan bolsa bir birlik tovar ushın belgili muğdarda shet el valyutasında óndiriledi. Bunda akciz sańlığına eń kóp tartılğan tovarlar muzlatqıshlar, kondicioner, mikrotolqınlı peshler sıyaqlı elekro texnika tovarları. Olarğa akciz salığı stavkası 10—15% etip belgilendi.

Bunnan tısqarı pechene, shokalad hám basqa da mazalı zatlarğa 10—20% stavkada akciz salığı kiritildi.

Sonıń menen bir waqıtta mıń dana sigaret ushın akciz salığı 60 dollardan 40 dollarğa páseyttirildı.

Ónim (xızmet) di islep shığarıw, satıw yamasa onı import qılıw procesinde ónim (xızmet) nırqına qosılğan qunınıń bir bólimi mámleketke tólenedi. Áne usı tólew qosılğan qun salığı esaplanadı. Qosılğan qun salığı tólewshileri - Ózbekstan Respublikası aymağında isbilermenlik iskerligin ámelge asırıwshı yurıdık shaxslar hámde ónimler importı menen shuğıllanıwshı yurıdıklıq hám fizikalıq shaxslar.

Qosılğan qun salığınıń obyektı bolıp, ónimler (xızmetler)dı realizaciya qılıw (satıw) yamasa import ónimleri aylanba qarjıları esaplanadı.

Qosılğan qun salığın tólewshi hár qanday shaxs satılğan (realizaciya qılınğan) ónim yamasa xızmetler ushın alınatuğın tólew qárejetleri qashan kelıp túsiwine qaramastan, byudjetke qosılğan qun salığın tólewi shárt boladı.

Salıq nızamshılığına kóre, mámleketimizde qosılğan qun salığı stavkası 20 % qılıp belgilengen. Biraq 2019-jıl 1-yanvarda ayırım, 3 mldr sumğa deyın aylanbağa iye bolğan kárxanalar qosılğan qun salığın tólewdiń ápiwayılastırğan tártibine ıqtıyarlı túrde ótiwi múmkin. QQS tólewdiń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bul tártibine ótkende kárxana kemeyttirilgen stavkalarda salıq tóleydi, biraq bul tólengen salıqtı satıp alınǵan tovarlar boyınsha tólengen QQS esabında ótkiziw imkaniyatına iye bolmaydı. QQS tólewdiń bul tártibi tek kishi kárxanalar ushın hám waqtınsha, yaǵnıy 2021-jıl 1-yanvarǵa shekem ámel qıladı.

QQS tólewdiń bul tártibine ótken kishi kárxanalar tómendegi stavkalarda QQS tóleydi: sanaat kárxanaları -7 %, sawda da -6 %, qurılısta -8 %, ulıwma awqatlanıw hám miymanxanalarda -10 %.

Qosılǵan qun salıǵın esaplawda sonı esapqa alıw kerek, salıq tólenetuǵın baza (qun) etip ónimniń tolıq qunı emes, bálki usı salıq tóleytuǵın kárxanada jaratılǵan jańa qun alınadı. Bunda, aralıq tutınıw, yaǵnıy mine usı ónimdi islep shıǵarıw ushın esabat dáwiri esabında isletilgen tovarlar hám xızmetler shıǵarılıp jiberiledı. Bul halda QQS nı esaplap shıǵarıw formulası tómendegi kóriniste boladı:

QQS = Qosılǵan qun ·20% = Qun (nırq)·20% - aralıq tutınıw qunı·20%

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Akciz salıǵı deǵen ne? Ol qanday ónimlerden alınadı?
2. Qanday ónimler akciz salıǵınan azat etiledi?
3. Qosılǵan qun salıǵı qanday salıq?
4. Kimler qosılǵan baha salıǵınıń tólewshileri boladı?
5. Qosılǵan qun salıǵınıń obyektin aytıń?
6. Qosılǵan qun salıǵınıń procenti qaysı nızam hújjetlerinde belǵilep beriledi?
7. Qosılǵan qun salıǵınıń tólewshileri boladı?
8. Qosılǵan qun salıǵın tólewdıń ápiwayilastirilǵan tártibi boyınsha qanday yurıdık shaxslar tólew huqıqına iye?
9. Qosılǵan qun salıǵın tólewdıń ápiwayılastırılǵan tártibi boyınsha kimge qanday stavkalar qollanıladı?

**Bunı este saqlań!**

- Akciz salıǵı aylanba salıq.
- Akciz salıǵı ma'mleketimizde islep shıǵarılǵan yaki import qılınǵan ayırım tovarlarǵa salınadı.
- Qosılǵan qun salıǵı ónim (xızmet) islep shıǵarıw, satıw yaki import etiw procesinde onıń bahasına qosılǵan bahasınıń bir bólimi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Fizikalıq táreplerden alınatuǵın dáramat salıǵı stavkasın túsindirip beriń.
2. Respublikamızda fizikalıq táreplerden alınatuǵın dáramat salıǵı stavkalarınıń páseyip barıwınıń sebebi nede?
3. Ullı babamız Zahriddin Muhammed Baburdıń salıq haqqındaǵı pikirleri haqqında ne bilesiz?
4. Yuridikalıq shaxslardan alınatuǵın payda salıǵı stavkaları haqqında nelerdi bilesiz?
5. Salıq kodeksi qanday qatnasıqlardı tártipke saladı?
6. Qosılǵan qun salıǵı haqqında ne bilesiz?
7. Qanday ónimlerǵe qosılǵan qun salıǵı salınadı?
8. Akciz salıǵı qanday salıq túrine kiredi?
9. Jer salıǵı qanday maqsette salınadı?

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamaǵa sáykes talqılawdı tabıń.

### ATAMALAR:

1. Fizikalıq táreplerden óndiriletuǵın dáramat salıǵı obyekti;
2. Jer salıǵın tólewshiler;
3. Qosılǵan qun salıǵı;
4. Akciz salıǵın tólewshiler.

### TALQÍLAWLAR:

a) múlk, iyelik qılıw, paydalanıw huqıqı yamasa ijára huqıqı tiykarında jer uchastkalarına iye bolǵan tárepler;
b) fizikalıq táreptiń jámi bir jıllıq dáramatı;
d) akciz tólenetuǵın ónimler islep shıǵarıwshı hám import qılıwshılar;
e) ónim islep shıǵarıw, satıw yamasa onı import qılıw procesinde ónim nırqına qosılǵan baha.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**D. 77-bet. III-bap titulındaǵı súwretler boyınsha**

Súwretlerdiń qaysıları baptaǵı qaysı temaǵa tiyisli ekenligin aytıń. Usı súwretler tiykarında temalardıń mazmunın sóylep beriń.

**E. TESTLER**

**1. 1. Tómendeǵilerdiń qaysı biri dáramat salıǵı obekti bola aladı?**
A) Is haqı;
B) Akciyadan alınǵan dividend;
D) Bank amanat procentleri;
E) Joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

**2. Jeke turar jaylardan hám daladaǵı úylerden qanday procent stavkasında mal-múlk salıǵı óndiriledi?**
A) 3–3,5%; B) 2%;
D) 0,5%; E) 0,2–0,35%.

**3. Ónimdi islep shıǵarıwda, satıwda yamasa import etiwde ónim nırqına qosılǵan qunnıń bir bóleǵi mámleketke tólenetuǵın salıq túri qaysı juwapta berilǵen?**
A) Qosılǵan qun salıǵı;
B) Mal-múlk salıǵı;
D) Akciz salıǵı;
E) Bajıxana tólemi.

**4. Respublikamızda 2000-jıldan baslap qosılǵan qun salıǵı stavkası neshe procent etip belǵilenǵen?**
A) 10%; B) 15%;
D) 18%; E) 20%.

**5. Qaysı juwapta akciz salıǵı salınatuǵın ónim túri berilmeǵen?**
A) Kiyim-kenshekler;
B) Temeki ónimleri;
D) Neft, gaz ónimleri;
E) Altın hám gúmısten tayarlanǵan ónimler.

**6. Aylanba salıq neden alınadı?**
A) Dáramattan; B) Múlkten;
D) Jerden; E) Tovardan.

**7. Puqaralardan qanday salıq óndiriledi?**
A) tek dáramat salıǵı;
B) tek dáramat hám múlk salıǵı;
D) dáramat, múlk hám jer salıǵı;
E) dáramat, múlk hám ekoloǵiya salıǵı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ǴÁREZSIZ ISKERLIK

## SALÍQ REFORMALARÍ

Mámleketimizde salıq reformalarına deyıngı bolǵan dáwirdegi jaǵdaydı eslesek, salıq júgi bizde, ekonomikası biziń dárejemizde rawajlanǵan mámleketler menen salıstırǵanda, anaǵurlım joqarı edı. Bul bolsa salıqtan qashıw halların kóbeytip, jasırın ekonomikanıń rawajlanıwına sebep bolıp atır edi. Salıq sistemasında kishi bizneske ornatılǵan salıq penen orta hám arnawlı bizneske ornatılǵan salıq júgi arasındaǵı parıq júdá úlken edı. Bul bolsa kishi biznes wákilleriniń rawajlanıp orta hám úlken biznes dárejesine ótiwlerinen qaytarıp turar edı.

Aldıńǵı salıq sistemasındaǵı jáne bir kemshilik sonnan ibarat jalpı dáramattı salıqqa tartıw ámeliyatı keń tarqalǵan edi. Biraq bul xalıqara ámeliyatqa keri jaǵday. Sebebi bunnan jańa qun jaratıw shınjırı payda bolmaydı. Yaǵnıy, jańa qun jaratqan kárxana salıq tólew boyınsha abzalıqlardan paydalana almaǵanlıǵı sebeplı ılajı barınsha ulıwma dáramattı ǵana qadaǵalap hám onı kemeytıp kórsetıwge urınadı. Bul jaǵday ekonomikanıń ósiwine tosqınlıq qıladı.

Joqarıdaǵı aytılǵanlardıń barlıǵı hám kárxanalardı tańlap jeńillik berıw ámeliyatı kúsheyip ketkenligi sebep mámleketimiz salıq sistemasın túpten reformalastırıwdı qarar qıldı. Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyev 2019-jıl 29-iyundaǵı buyrıǵı menen “Salıq sistemasın jetılıstırıw” koncepciyası qabıl qılındı.

Koncepciyaǵa muwapıq salıq sisteması túpten reforma qılındı. Bunda salıq júgin jeńillestiriw hám kishi kárxanalardı xoshametlew tiykarǵı maqset etıp qoyılǵan. Mine usı maqsette tómendegi isler ámelge asırıldı:

- salıqlar sanın kemeyttırıw, olardı ápiwayılastırıw, túsinikli qılıw.
- salıq stavkarınıń sanın qısqarttırıw, olardı investicion qılǵan salıq tólewshiler ushın xoshametlewge jóneltirilgen qılıw;
- birden bir social tólewlerdiń sanın keskin qısqartıw;
- dáramat salıǵın ápiwayilastırıw, stavkalar sanın kemeyttiriw;
- kárxana hám shólkemlerge beriletuǵın jeńilliklerden waz keshıw;
- salıq tólew, salıq esabatı boyınsha sistemanı ápiwayılastırıw.

### SORAWLAR HÁM TAPSÍRMALAR

1. Salıq reformaları menen ekonomikamızdıń keskin rawajlanıw ortasında qanday baylanıs bar?
2. Shańaraǵıńızda jası úlkenlerden jańa salıq sisteması olardıń salıq tólewlerine qanday tásir kórsetkenligin bılıp alıń.
3. Salıq reformalarınıń unamlı nátiyjeleri átirapıńızlardan kimlerge birinshi náwbette tásir ótkerdi?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Biz makroekonomikalıq turaqlılıqtı hám joqarı ekonomikalıq ósiw tezligin támiyinlewimiz kerek.*

*Shavkat Mirziyoyev*






# IV bap. Ekonomikalıq ósiw










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 19- TEMA TIYKARǴÍ MAKROEKONOMIKALÍQ KÓRSETKISHLER



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. 1.AQSH, Germaniya, Yaponiya, Koreya sıyaqlı mámleketlerdiń ádette bay mámleketler dep ataydı. Bir qatar Afrika mámleketlerin bolsa, kerisinshe jarlılıǵı dep ataydı. Sizińshe mámleketler baylıǵı yaki jarlılıǵı nelerde kórinedi?
2. Súwretlerde kórinisler menen mámleketimiz baylıǵı arasında qanday baylanıs bar dep oylaysız?
3. Mámleketimizdiń shet ellerde jumıs islep atırǵan puqaraları óz mámleketi baylıǵına úles qosıwı múmkinbe? Qanday jol menen?
4. Mámleketimizde jumıs alıp barıp atırǵan shet el kompaniyalari-she?

Mámleket ekonomikasınıń nátiyjeleri hár qıylı kórsetkishler járdeminde ólshenedi. Jalpı ishki ónim (JIÓ) — elimiz aymaǵında bir jıl dawamında islep shıǵarılǵan, tolıq kóriniste tovar hám xızmetlerdiń bazar nırqlarındaǵı ulıwma bahası. Jalpı ishki ónim — bul mámleket rawajlanǵanlıq dárejesin kórsetiwshi eń tiykarǵı kórsetkishlerden biri. Jalpı ishki ónim kórsetkishi hár qanday mámleket aymaǵında hár jılı bir mártebe esabat jılınan keyingi jıldıń basında esaplap shıǵıladı. Ol ekonomikanıń qay dárejede ósip atırǵanlıǵı hám rawajlanıp atırǵanlıǵın sáwlelendiriwshi kórsetkish. JIÓ esaplanıp atırǵanda islep shıǵarıwdıń aralıq basqıshında tayarlanǵan shiyki zat, kerekli bólekler, tuqımlar, janar may, energiya, materiallar, transport xızmeti, kótere sawda xızmeti, kommerciya hám basqa aralıq ónimler hám xızmetler esapqa alinbaydı. JIÓ ge tolıq kóriniste tutınıwǵa tayar tovarlar bahası ǵana



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qosıladı. Máselen, traktor dóńgeleǵi traktor islep shıǵarıw procesinde isletilip, traktordıń quramlıq bóleǵine aylansa, JIÓ ǵe kirǵizilmeydi, sebebi, ol tolıq ónim bolmay qaladı. Traktor bolsa JIÓ ǵe kirǵiziledi, sebebi, ol tolıq ónim esaplanadı. Eǵer dóńgelek JIÓ ǵe kiritilǵende, onıń bahası eki márte: birinshi ret dóńgelek sıpatında, ekinshi ret bolsa traktordiń bóleǵi sıpatında JIÓ ǵe kirǵizilǵen bolar edi. Soǵan baylanıslı, JIÓ esaplanıp atırǵanda tek tolıq kórinisteǵi tovarlar inabatqa alınadı. JIÓ mámleket aymaǵında jaylasqan, qaysı mámleketke tiyisli bolıwına qaramastan, barlıq kárxana, firma hám xalıq tárepinen jaratılǵan ónimniń bazar nırqlarındaǵı bahası boladı. Jalpı ishki ónim ádette, milliy valyutada esaplanadı. Máselen, Ózbekstannıń jalpı ishki ónimin sumda kórsetedi. Xalıqaralıq kólemde bolsa hár qıylı mámleketlerdiń JIÓ dollarǵa ótkiziledi hám ózara salıstırıladı. Máselen, Jahan bankı bazasında dúnyaniń barlıq mámleketlerdiń JIÓ bar. Kórsetkishler hár jılı jańalanıp hám basılıp barıladı.

*Jalpı milliy ónim (JMÓ)* — jıl dawamında mámleket puqaraları tárepinen (jer júziniń qay jerinde bolıwına qaramastan) jaratılǵan barlıq tovar hám xızmetlerdiń bazar nırqlarındaǵı ulıwma qunı boladı. Eǵer JIÓ nıń belǵili bir mámleket aymaǵında sırt elli puqaralar hám firmalar tárepinen islep shıǵarılǵan tovarlar qunınan ayırıp, bul mámleket puqaraları hám firmaları tárepinen basqa mámleketler aymaǵında jaratılǵan tovarlar qunına qossaq, belǵili bir mámlekettiń ulıwma milliy ónimi (JMÓ) muǵdarı payda boladı.

*Sap ishki ónim (SIÓ)* — JIÓ nen amortizaciya ayırmasınıń alınǵanına teń. Bizǵe belǵili, islep shıǵarıw procesinde ásbap-úskene, imarat

> **Jalpı ishki ónim (JIO)** — mámleket aymaǵında bir jıl dawamında islep shıǵarılǵan tolıq kórinisteǵi tovar hám xızmetlerdiń bazar nırqlarındaǵı ulıwma bahası.
>
> **Milliy dáramat (MD)** — mámleket xalqınıń bir jıllıq jámi is haqı, procent, renta sıyaqlı dáramatları hám barlıq kárxanalar paydasınıń jalpı muǵdarı.

sıyaqlı tiykarǵı qurılmalar tozıp, olardıń nırqınıń bir bóleǵi, sol qurallar qatnasında tayarlanǵan tovarlar nırqına ótedi. Bunı amortizaciya dep ataǵan edik. Sonlıqtan, JIÓ nen jámi amortizaciya ayırmasın alıp taslasaq, sap ishki ónim (SIÓ) muǵdarı shıǵadı. SIÓ elimizde bir jılda



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

jańadan jaratılǵan tovar hám xızmetlerdiń bazar nırqlarındaǵı qunın kórsetedi.

Sap milliy ónim (SMÓ)nıń qunı JMÓ qunınan amortizaciya ajıratpasın ayırıw jolı menen anıqlanadı.

*Milliy dáramat (MD)* — mámleket xalqınıń bir jıllıq jámi is haqı, procent, renta sıyaqlı hámme dáramatları hám kárxanalar paydasınıń jalpı jıyındısınan ibarat. Ol, SIÓ nen hámme aylanba salıqlardı ayırıw jolı menen anıqlanadı.

Túrli mámleketlerdeǵi ekonomikalıq iskerliktiń nátiyjeliliǵin hám xalıqtıń turmısın salıstırıwda xalıqtıń jan basına esaplanǵan JIÓ qollanıladı.

*Xalıqtıń jan basına tuwrı keletuǵın JIÓ (JMÓ)* — JIÓ (JMÓ) qunın mámleket xalqı sanına bólǵende shıǵadı.

Xalıq jan basına tuwrı kelgen JIÓ mámlekettegi adamlardıń turmıs dárejesin sáwlelendiriwshi tiykarǵı kórsetkishlerden biri. AQSH, Yaponiya sıyaqlı ellerde mámlekettiń rawajlanıw dárejesin kórsetiwshi

**Sap ishki ónim (SIU)** — jalpı ishki ónimnen amortizatciya ayırmasın ayırǵanǵa teń.

**Milliy dáramat (MD)** — mámleket xalqınıń bir jıllıq jámi is haqı, procent, renta sıyaqlı dáramatları hám barlıq kárxanalar paydasınıń jalpı muǵdarı.

**Formula** ***JMÓ = JIÓ + E - I; SIÓ = JIO - A***

Bul jerde: *E* — mámleket kapital tiykarında sırt elde jaratılǵan tovar hám smetler qunı; *I* — sırt el kapitalı tiykarında mámlekette jaratılǵan tovar hám smetler qunı; A — amortizaciya ajratpası.

tiykarǵı mikroekonomikası mikroekonomikalı kórsetkish sıpatında JMÓ emes, bálki JIÓ qabıl etilgen. Biraq, BMSH usınısı boyınsha mámlekettiń rawajlanıw dárejesin anıqlaw ushın JMÓ tiykarǵı kórsetkish qabıl etiledi. Sonıń ushın da bir qansha mámleketlerde puqaralardıń turmıs dárejesin anıqlaw hám salıstırıw ushın puqaralar jan basına tuwrı keletuǵın JMÓ alınadı.

Ózbekstan mámleketlik statistikalıq maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 2018-jılda Ózbekstannıń JMÓ 407, 5 trln sumdı quradı. Bul 2017-jılǵa salıstırǵanda 5, 17 payızǵa kóp. Xalıq jan basına tuwra keletuǵın JMÓ 12,3 mln sumdı quradı. Bul 2017-jılǵa salıstırǵanda 3,3 payızǵa kóp.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**TAPSÍRMALAR?**

1. «Paxta-milliy baylıǵımız» degen túsinikti túsindirip beriń.
2. Dalalardan terilip alınıp mámleketke tapsırılǵan paxta ónimi ushın fermerdiń alǵan dáramatı paxta eksportınan túsken shet el valyutası, tiginshilerdiń tikken kóylekleri ushın alınatuǵın miynet haqıların mámleketimizdiń ishki ónimi dep atasaq bola ma?
3. «Ózbekstan hawa jolları» milliy avia kompaniyasınıń xızmetleri ushın shet elli puqaralar tárepinen tólengen valyutanı bazarlarda satılıp atırǵan tropikalıq miyweler banan, ananas, apelsin, hám ekspert ushın islep shıǵarılǵan «Kobalt» avtomobilin mámleketimizdiń ishki ónimi dep atasaq bola ma?
4. Ózbekstan kompaniyasınıń shet ellerdegi shaqapshası islep shıǵarǵan ónimi mámleketimizdiń ishki ónimi bola alama?
5. Shet el kompaniyasınıń mámleketimizdegi shaqapshası islep shıǵarǵan ónim yamasa kórsetken xızmeti mámleketimizdiń ishki ónimi bola alama?

**BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!**

1. JIÓ, JMÓ, SIÓ, SMÓ hám MD bir biri menen nesi menen parqlanadı?
2. Ne sebepten mámleketimizde islep shıǵarılǵan hámme bahası JIÓ de qosılmaydı?
3. Tolıq hám aralıq ónimlerge úshewden mısal keltiriń.
4. Bir mámlekettiń JMÓ muǵdarı 7669 million AQSH dollarıń, shet el puqaralarǵa tólengen dáramatlar 190 million AQSH dolları, basqa mámleketlerge qoyılǵan qárjılardan túsken dáramatlar bolsa 2015 million AQSh dollarıń quraydı. Bul mámlekettıń JIÓ muǵdarıń tabıń?
5. Mámleket JIÓ muǵdarınıń ósiwi ekonomikanıń rawajlanıwına qanday tásir etedi?
6. Xalıqtıń jan basına tuwrı kelgen JIÓ neni belgileydi?

**Bunı este saqlań!**

- Jalpı ishki ónimleri mámleket ekonimikalıq potenciyalınıń tiykarın asıradı. Ol mámleket ekonimikasın awqalın payda etedi.
- Túrli mámleketlerdegi xalıqtıń turmıs iskerligine bul mámleketler xalıq jan basına tuwrı kelgen JIÓ járdemide óz ara tastıqlanadı.
- Xalıq jan basına tuwrı kelgen JIÓ mámleket xalıqtıń miynet ónimdarlıǵı hám kórsetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 20- TEMA EKONOMIKALÍQ ÓSIW HÁM RAWAJLANÍW

Mámlekettiń anıq bir jıldağı makroekonomikalıq kórsetkishleri (JIÓ, JMÓ, SIÓ, SMÓ hám MD) usı jıldağı nırqlarda esaplanatuğını belğili. Bul kórsetkishlerdiń qaralıp atırğan jıldağı háreketteği nırqlarda esaplanğan bahası — *nominal baha* dep júritiledi. Biraq, nırqlar jıldan-jılğa ózğerip turatuğını belğili. Sonıń ushın, mámlekettiń hár túrli jıldağı kórsetkishleri óz ara salıstırılıp atırğanda, olardıń real bahasınan paydalanıladı.

**Formula**

***JIÓ real hám nominal bahaları arasındağı baylanıs*** — nırqlardıń ósiw dárejesi

$JIÓ_r$ — *real baha*; $JIÓ_n$ — *nominal baha*;

$$JIÓ_r = \frac{JIÓ_n}{I}$$

Aytayıq, 2015—2018-jıllarda mámleketteği nırq 1,5 márte kóterilğen, yağnıy bul dáwirdeği nırqlardıń ósiw dárejesi 1,5 ğa teń bolıp, 2015-jıldağı JIÓ nıń nominal bahası 19,35 trln. sum, 2018-jıldağı JIÓ niń nominal bahası bolsa 36,84 trln. sumdı qurağan bolsın. Bul kórsetkishlerdi óz ara salıstırıw ushın olardı birdey nırqlarda esaplaw kerek boladı. Bunıń ushın, 2015-jıldağı nırqlar tiykar etip alınadı. Bul nırqlarda 2015-jılğı JIÓ bahası berilğen. Endi 2018-jıldağı JIÓ di 2015-jıldağı nırqlarda esaplaymız. Bunıń ushın, 2018-jıldağı JIÓ nıń nominal bahasın nırqlardıń ósiw dárejesine bólsek jetkilikli. Payda bolğan baha — 24,56 trln. sum 2018-jılğı JIÓ nıń 2015-jılğa salıstırğanda real bahadan ibarat boladı. Sonnan soń, 2015-jılğı JIÓ nominal bahası hám 2008-jılğı real bahası óz ara salıstırıladı hám 2018-jılda 2015-jılğa salıstırğanda JMÓ bahası 24,56 : 19,35 = 1,27 ese ósken değen juwmaqqa kelinedi. Ulıwma alğanda, sol jıldağı ekonomikalıq kórsetkishtiń bazı bir jılğa salıstırğandağı real bahasın tabıw ushın onıń nominal bahasın, usı dáwirdeği nırqlardıń ulıwma ósiw dárejesine bólinedi.



20.1- sızılma

Bazar ekonomikasınıń eki ásirlik tariyxı, oğan tolqın sıyaqlı rawajlanıw tán ekenliğin tastıyıqladı. Málim bolıwınsha, bazar ekonomikası húkim súrğen mámleketlerdeği ekonomikalıq jedellik belğili dáwirlerde ósip, keyin ala bolsa páseyip, dáwirlik ráwishte tebrenip turadı eken. Mámleket ekonomikasınıń bir márte tebreniwine, bir márte



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ósip, keyin páseyiwine ketken waqıt — *ekonomikalıq dáwir* dep ataladı. 20.1-sızılmadaǵı ekonomikalıq dáwirdi alıp qaraytuǵın bolsaq, ol ekonomikalıq ósiw hám ekonomikalıq páseyiw aralıqlarınan ibarat bolıp, *M* noqat bul dáwirdeǵi ekonomikalıq jedelliktiń eń joqarǵı noqatı (shıńı), *N* noqati bolsa eń tómen noqatınan ibarat ekenliǵin kóriwimiz múmkin.

**Ekonomikalıq kórsetkishtiń nominal bahası** — bul onıń kórsetilǵen nırqlarǵa salıstırmalı bahası.

**Ekonomikalıq kórsetkishtiń real bahası** — onıń qanday da bir tiykar etip alınǵan jıldaǵı nırqlarǵa salıstırmalı esaplanǵan bahası.

**Ekonomikalıq dáwir** — mámleket ekonomikasınıń bir márte tebreniwine — bir ósip, keyin páseyiwine ketken waqıt.

Eǵer ekonomikalıq rawajlanıwdıń úlkenirek dáwirin kózden keshiretuǵın bolsaq, 20.2.-sızılmada súwretlenǵen jaǵdaydı kóriwimiz múmkin. Aytıp ótiwimiz kerek, bul jaǵdayda ekonomikalıq jedellik ózǵerip tursa da, ulıwma alǵanda, ekonomikada ósiw kútilmekte. Ekonomikada keminde altı ay dawamında real JIÓ niń kemeyiwi baqlansa, bul ekonomikalıq páseyiwden derek beredi.



**20.2- sızılma**

Mámlekettiń eń áhmiyetli wazıypalarınan biri — elde ekonomikalıq ósiwdi basqarıp turıwdan ibarat. Sebebi, xalıqtıń sanı kóbeyip, olardıń mútájleri kúnnen-kúnǵe jetilisip, ósip baradi. Demek, barǵan sayın kóbirek tovar islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw kerek boladı. Bunday sharayatta mámleket eldiń islep shıǵarıw imkaniyatların jıldan-jılǵa jetilistiriwi, yaǵnıy ekonomikalıq ósiwin támiyinlewi kerek boladı. Ekonomikalıq ósiw dep, mámlekette jıldan-jılǵa, turaqlı túrde jalpı ónim islep shıǵarıw kóleminiń artıp barıwına aytıladı. Ekonomikalıq ósiw dárejesin bir neshe usıllarda esaplaw múmkin. Ádette, ekonomikalıq ósiw — mámlekettegi real JIÓ niń ósiw dárejesi menen ólshenedi. Joqarıda kórilǵen mısalda, 2015—2018-jılları JIÓ niń real bahası 1,27 márte ósken bolıp, bul — mámlekette qaralıp atırǵan dáwirde ekonomikalıq



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ósiw baqlanǵanınan derek beredi. Ǵeyde, ekonomikalıq ósiw — JMÓ niń ósiw dárejesi menen yamasa xalıqtıń jan basına tuwrı kelǵen real JMÓ niń (yamasa JIÓ niń) ósiw dárejesi menen de ólshenedi.

Ekonomikalıq ósiwǵe eki túrli: ekstensiv hám intensiv jollar menen erisiw múmkin. Ekstensiv ósiwǵe qosımsha muǵdardaǵı islep shıǵarıw resursların óndiriske engiziw menen erisiledi. Bunıń ushın, jańa jerler ózlestiriledi, kóp muǵdardaǵı paydalı qazılmalar hám miynet resursları óndiriske enǵiziledi. Intensiv ósiw — bar resurslardan nátiyjeli paydalanıw arqalı támiyinlenedi. Oǵan ilim hám texnika jetiskenlikleri, jańa texnoloǵiyalardı óndiriste qollanıw, miynet ónimdarlıǵın, jumısshılardıń bilim hám qániǵeliǵin kóteriw usaǵan jollar menen erisiledi.

Mámlekette bay hám jarlı shańaraqlar bolǵanlıǵı sıyaqlı, dúnyada da bay hám jarlı mámleketlerde bar. Xalıqtıń bay yamasa kámbaǵallıǵın, onıń ekonomikalıq ósiw dárejesi, yaǵnıy xalıqtıń jan basına tuwrı keletuǵın jalpı milliy onıń kólemi menen ólshenedi. Xalıqtıń jan basına tuwrı kelǵen JMÓ muǵdarınıń kóp yamasa azlıǵına qarap, mámleket rawajlanǵan hám rawajlanıp atırǵan toparlarǵa bólinedi. Rawajlanǵan mámleketler ekonomikası zamanagóy islep shıǵarıw texnologiyaları, tájiriybeli qániygeler menen támiyinlengen bolıp, tiykarınan, sanaat islep shiǵarıw tarawlarına qániygelesken.

Rawjlanıp atırǵan mámleketlerdiń ózi jáne ekige — dáramatlar dárejesi ortasha hám tómen bolǵan mámleketge bólinedi. Bul mámleketler ekonomikası tiykarınan shıykı zat eksporti hám awıl xojalıǵına qániygelesken. Ózbekstan dáramatlar dárejesi ortasha bolǵan rawajlanıp atırǵan mámleketler qatarına kiredi. Dáramatlar dárejesi tómen bolǵan mámleketlerde islep shıǵarıwdı rawajlandırıwǵa sarplanatuǵın qárji (investiciyalar) lar júdá az boladı. Nátiyjede miynet ónimdarlıǵı tómendegishe qaladı: Islep shıǵarıw kólemi kemeyıp ósıp baratırǵan xalıq dáramatları barǵan sayın kemeye beredi.

Mámleket xalqınıń turmıs dárejesi ekonomikalıq rawajlanıw dárejesin ayqın kórsetedi. Sebebi, ol tek xalıqtıń jan basina tuwrı kelǵen JMÓ bahası menen ǵana emes, al, jáne bir qatar kórsetkishler tiykarında ólshenedi. Xalıqtıń turmıs dárejesi adam basına kóbirek materiallıq ónim jaratıwǵa ǵana emes, bálki, toplaǵan dáramattı qalay hám qay jerǵe isletiwǵe de baylanıslı. Bir mámlekette úlken muǵdarda JMÓ jaratılsa, biraq, onıń kóp bóleǵi áskeriy maqsetlerde isletile berse, bul mámleket xalqınıń turmıs dárejesinde qanday unamlı ózǵeris bolıwı múmkin? Hár túrli mámleketler xalqınıń turmıs dárejesi óz ara bir qatar ekonomikalıq hám sociallıq kórsetkishler járdeminde salıstırıladı. Hár jılı Birlesken



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Milletler Shólkeminiń "Insan rawajlanıwı haqqındağı bayanat"inda bul kórsetkishler haqqında mağlıwmat berip barıladı.

Xalıqtıń turmıs dárejesin salıstırıwda, tiykarınan, tómendeğiler esapqa alınadı: 1) xalıqtıń sawatlılıq dárejesi; 2) kórsetilip atırğan medicinalıq xızmet dárejesi; 3) xalıqtıń salamatlıq dárejesi; 4) ómir kóriwdiń uzınlığı; 5) qala xalqınıń sanı; 6) úy-jay menen támiyinleniw dárejesi; 7) shańaraqtıń mádeniy-turmıslıq tovarlar: televizor, telefon, jeke kompyuter, internet tarmağı, muzlatqısh usağan tovarlar menen támiyinleniw dárejesi; 8) bilimlendiriwge ajıratılğan qárejet muğdarı; 9) insan huqıqlarınıń kepillenğenlik dárejesi; 10) jınayatshılıq dárejesi; 11) salamatlılığın saqlawğa ajıratılğan qárejetler muğdarı; 12) qorshağan ortalıqtıń qorğalıp atırğanlığı hám basqalar.

Dúnya xalıqlarınıń turmıs dárejesi kórsetkishleri boyınsha joqarı dárejede Kanada, Franciya. Norvegiya. AQSH, Islandiya, Finlyandiya, Niderlandiya, Yaponiya, Jańa Zellandiya hám Shveciya mámleketler iyelep kelmekte.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. JIÓ(JMÓ)nıń nominal hám real bahalarınıń parqı nede?
2. Ekonomikalıq dáwir değen ne hám onıń qanday noqatları bar?
3. Bazar ekonomikası shárayatında neğe ekonomika dáwirli ráwishte tebrenip rawajlanadı?
4. Ekonomikalıq ósiw değen ne hám ol qalay ólshenedi?
5. Ekonomikalıq ósiwdiń ekstensiv hám intensiv usıllarınıń parqın aytıń.
6. Ekonomikalıq ósiwdi xalıqtıń turmıs dárejesiniń ósiwi dep táriplew múmkin be?
7. Ekonomikası rawajlanğan mámleket değende neni túsinesiz?
8. Mámleketler ekonomikalıq rawajlanıw dárejesine qaray qanday toparlarğa bólinedi?
9. Mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıwı, hár qashan xalıqtıń turmıs dárejesi joqarı ekeninen derek bere me?
10. Xalqınıń turmıs dárejesi júdá tómen bolğan mámleketlerge mısal keltiriń.
11. Ekonomikalıq jetiskenlik ne hám ol neğe baylanıslı?

**Bunı este saqlań!**

- Mámleket xalqınıń turmıs dárejesi joqarı bolıwı ekonomikalıq jetiskenlikti kórsetedi.
- Ekonomikalıq jetiskenlik mámleket boyınsha jaratılğan jalpı ónimniń kópligi menen emes, al, milliy baylıqtıń xalıq máplerin gózlep, ádil hám aqılğa muwapıq qayta bolistiriliwine baylanıslı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 21- TEMA ÓZBEKSTANNÍŃ EKONOMIKALÍQ MÚMKINSHILIĠI



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ózbekstan Respublikası ekonomikasınıń tiykarģı tarmaqların aytıń.
2. Bul tarmaqlardan qaysı biri ekonomikada jetekshi kásip esaplanadı?
3. Mámleketimizde kózge kórinetuģın islep shıģarıwshı kárxanalardıń qaysıların bilesiz?
4. Sizińshe, mámleket qaysı tarawlarģa kóbirek itibar beriwi kerek?
5. Ekonomikanıń qaysı tarawında jeke sektordıń úlesi kóbirek? Qaysı tarawlarda kemirek?
6. Sanaat, awıl xojalıģı hám xızmet kórsetiw tarawlarınıń kelesheģi haqqında ne dey alasız?
7. Respublikamız ekonomikasınıń dúnya ekonomikalıq jámiyetine kirip bariwi (inteģratciyası) haqqında ne bilesiz?

Maydanı. Respublikamız maydanı 448,9 mıń kvadrat kilometrdi quraydı. Onıń 60%li awıl xojalıģına jaramlı jerler.

Xalqı. Mámleketimız xalqı 2013-jılda 30 million kisige jetti. Jumısshı kúshi resursları xalıqtın yarımın quradı. Xalıqtıń ortasha jası 24 jıldı quraydı.

Tábiyiy resursları. Ózbekstan aymaģında 2700 den artıq paydalı qazılmalardıń keleshekteģi kánleri tabılģan. Respublikada jer astınan jılına qazıp alınatuģın paydalı qazılmalardıń qunı 5,5 milliard dollardan kóp.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstan altın qorı boyınsha dúnyada tórtinshi, onı qazıp alıp shıǵarıw boyınsha ekinshi orında turadı. Respublikamızdıń jer astı gúmiske de bay. Mámleketimız mıs qorlarınıń muǵdarı boyınsha dúnyada jetinshi orında turadı. Urannıń tabılǵan qorları onı 50—60 jıl qazıp alıwdı támiyinleydi. Ózbekstan anıqlanǵan uran zapası boyınsha dúnyada 11 orındı, qazıp alıw boyınsha bolsa 9 orındı iyeleydi. Respublikamızda 160 tan artıq ǵaz, neft, kómir kánleri izlep tabılǵan hám ashılǵan, olardıń kóbısı paydalanıwǵa tapsırılǵan. Olardan 5 million tonnadan artıq neft hám ǵaz kondensatı islep shıǵarıladı, bul bolsa óz talabamızdi tolıq támiyinleydi.

Hár jılı respublikamizda 50 milliard 200 million kub metrden artıq kóǵis janılǵı ǵaz alınadı. Bul óz talabımızdı tolıq támiyinleǵen halda ǵazdı qońsılas mámleketlerǵe eksport etiw múmkinshiliǵin beredi. Bir jılda qazıp shıǵarılatuǵın kómir tórt million tonnanı quraydı. Ózbekstandaǵı izlep tabılǵan kómirdiń ulıwma qorları 2 milliard tonnadan kóp.

Sanaatı. Paxta tazalaw, mashinasazlıq, neftti qayta islew, reńli metallurǵiya, enerǵetika, toqımashılıq, ǵaz, samolyotsazlıq, avtomobilsazlıq, awıl xojalıǵı ónimlerin qayta islew, elektrotexnika, radiotexnika hám basqalar. 100 den artıq tarmaqqa tiyisli 2200 den artıq islep shıǵarıw kárxanaları miynet etpekte. Búgingi kúde AQSHtıń «Ǵeneral Motors», kompaniyası menen birgelikte «Tracker», «Gentra», «Nexia-3», «Malibu», «Cobalt» hám «Spark» atamalı jáhán standartlarına tolıq juwap beretuǵın zamanagóy avtomobiller islep shıǵarılmaqta. Samarqand qalasında bolsa. «Isuzu» atamaları orta kólemli avtobuslar hám júk avtomashinaları sonday-aq «MAN» hám «KAMAZ» resumlı iri tonnalı júk avtomashinaları islep shıǵarılmaqta. Bul óz gezeginde Ózbekstanda mashina qurılıs sanaatı jıldan-jılǵa rawajlanıp dúnya talaplarına tolıq juwap bere alatuǵın dárejede rawajlanıp baratırǵanlıǵınan derek beredi.

Ótken bir jıl ishinde jalpı ishki ónim quramındaǵı sanaat úlesi 22,2 % den 26,3% shekem arttı. Bul Ózbekstan ekonomikasınıń joqarǵı pátte sanaatlastırılıp atırǵanınan derek beredi.

Respublikamız energiya sistemasınıń ulıwma quramı 14,15% dan artıq bolıp, bul sistema ıssılıq hám gidravlik elektr stanciyaların óz ishine aladı.












*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ózbekstanda ekonomikanıń sanaat qurılıs awıl-xojalıǵı tarawlarınıń jedel rawajlanıwı barısında xalıq turmıs dárejesiniń jaqsılanıwı, elektr energiyasına bolǵan talaplarınıń keskin artıwına alıp kelmekte. Bul bolsa mámleketimiz aldına elektr energiyasın islep shıǵarıwdı keskin arttırıw talabın qoymaqta. Bul talaptı qandırıw maqsetinde mámlektimizdiń Rossiyanıń *«Rossatom»* mámleketlik korporaciyası menen birge islesiwi nátiyjesinde quwatı 24 gvayt teń bolǵan atomelektrostanciyası qurılısı úlken áhmiyetke iye.

Usı máqsette Prezidentimiz pármanı menen «Uzatom» atom energetikasın rawajlandırıw agentligi dúzildi. Sonıń menen birge mámleketimizde ǵana emes, bálki Orta Aziya aymaǵında misli bolmaǵan jańa zamanagóy tarawǵa tiykar salındı.

Ásirese, uran zapası qazıp alıw boyınsha mámleketimizde jetekshi orınlardan birin iyelewimiz mámleketimizde atom energetikasın rawajlandırıw ushın úlken imkaniyat jaratadı.

Awıl-xojalıǵı. Ózbekstan Respublikası mámleketlik statistikalıq komiteti maǵlıwmatlarına qaraǵanda 2018-jılda Ózbekstannıń xalqı 49,5 % ti al awıllarda jasadı. Usı sebepli, ekonomikada awıl xojalıǵınıń tutqan ornı basqasha. Mámleket jalpı ishki ónimniń 32,4% awıl hám balıq xojalıǵına tuwra keledi. Ótken bir jıl ishinde bul kórketkish 1,6% ke kemeygeni anıqlandı. Paxtashılıq awıl xojalıǵınıń jetekshi tarawı bolıp esaplanadı. Jalpı awıl xojalıq ónimleriniń 53,2% ti diyqanshılıqqa 46,6% ti sharwashılıqqa tuwra keledi.

Ózbekstan paxta talasın islep shıǵarıw boyınsha dúniyanıń jetekshi mámleketlerinen biri. Respublikamızda úlken kólemde ǵálle jetilistiriw ushın tiykar salındı. Aqırǵı waqıtları jılına 6 mln nan artıq ǵálle jetilistirilmekte. Respublika miywe palız ónimlerin, júzim, altın, qarakól teri jún jetilistiriwde BMSH arasında jetekshi orındı iyeleydi.

**Bilesiz be?**

Dúnya júzi kartasına itibar berseńiz Respublikamız teńizge shıǵıw imkaniyatları qolaysız mákanda jaylasqan. Dúniyada tek qana eki mámleket — Lixtenshteyn hám Ózbekstan xalqı ǵana dúnya okeanına shıǵıw ushın keminde eki mámleket shegarasın kesip ótiwine tuwra keledi. Bul ekonomikamız aldında qanday qıyınshılıqlar tuwdıradı?

## BILIMIŃIZDI SÍNAB KÓRIŃ!

1. Ózbekstannıń tábiyǵıy baylıqları haqqında sóylep beriń.
2. Ózbekstan Respublikası ekonomikasınıń jetekshi tarmaqların aytıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

3. Ǵárezsizlik jıllarında qurılǵan islep shıǵarıwshı kárxanalar haqqında nelerdi bilesiz?
4. Ózbekstan Respublikası ekonomikası rawajlanlanǵanlıǵı dárejesine góre qanday mámleketler qatarına kiredi?
5. Ózbekstan energetikasınıń rawajlanıwınıń áhmiyetliligin artıwı sebebi nede?
6. Ózbekstanda atom energetikasınıń qurılıwınıń áhmiyeti nede?
7. Respublikamız ekonomikası kórsetkishlerin beligili bir rawajlanǵan mámleket penen hám bir BMSH mámleketi kórsetkishleri menen óz ara salıstırıń.

**Tapsırma**

Ózbekstan Respublikası mámleketlik stataistikalıq komiteti maǵlıwmatlarına qaraǵanda Ózbekstan Respublikasınıń 2017—2018-jıllardaǵı jalpı ishki ónimlerdiń tovarları ekonomikalıq iskerlik túrleri boyınsha ósiw jedelliklerin salıstırıń hám jıllar boyınsha ayırmashılqların salıstırıń.

| Kórsetkish atı | 2017- jıl | 2018- jıl |
|---|---|---|
| Jalpı ishki ónim | 5.3% | 5.1% |
| Sanaat ónimleri | 4.6% | 10.6% |
| Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı | 2.0% | 0,3% |
| Qurılıs | 5.6% | 9,9% |
| Transport, den sawlıqtı saqlaw, xabar hám baylanıs | 8.9% | 6,3% |
| Sawda, jasaw hám awqatlanıw boyınsha xızmetler | 3.9% | 4,4% |
| Basqalar | 7.3% | 5,4% |
| Ónimlerge salınatuǵın salıqlar hám bajılar | 5.3% | 5.5% |

**Bunı este saqlań!**

• Ózbekstan Respublikası xalqınıń jan basına tuwrı kelgen JIÓ ortasha bolǵan, rawajlanıp atırǵan mámleketler qatarına kiredi.

• Ózbekstan ǴMDA mámleketleri arasında ekonomikası jedel pát penen rawajlanıp baratırǵan mámleketlerdiń biri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV BAPTÍ TAKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Mámleket ekonomikasınıń qanday tiykarǵı kórsetkishlerin bilesiz?
2. JIÓ, JMÓ, SIÓ hám milliy dáramattı esaplap kórsetiń.
3. Tolıq hám aralıq ónimler qalay ózgeshelenedi?
4. Xalıqtıń turmıs dárejesi nege baylanıslı?
5. JIÓ(JMÓ)niń nominal hám real qunlari ne menen parqlanadı?
6. Ekonomikalıq dáwirdiń mazmunın túsindirip beriń.
7. Ekonomikalıq ósiw qanday anıqlanadı?
8. Ózbekstannıń tiykarǵı makroekonomikalıq kórsetkishlerin aytıp beriń.

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamaǵa sáykes talqılawdı tabıń.

**ATAMALAR:**

1. Toliq ónimler, 2. Jalpı ishki ónim (JIÓ),
3. Sap ishki ónim (SIÓ), 4. Milliy dáramat (MD),
5. Ekonomikalıq kórsetkishtiń nominal quni,
6. Ekonomikalıq kórsetkishtiń real qunı, 7. Ekonomikalıq dáwir,
8. Xalıqtıń turmıs dárejesi, 9. Ekonomikalıq jetiskenlik.

**TALQÍLAWLAR:**

a) mámleket aymaǵında bir jıl dawamında islep shıǵarılǵan, tolıq kórinistegi tovar hám xızmetlerdıń bazar nırqlarındaǵı ulıwma qunı;
b) jalpı ishki ónimnen amortizaciya ayırmasınıń alınǵanına teń;
d) mámleket xalqınıń bir jıllıq jámi is haqı, procent, renta sıyaqlı dáramatları hám barlıq kárxanalar paydasınıń jalpı muǵdarı;
e) házirgi waqıttaǵı nırqlarǵa salıstırǵanda esaplanǵan qun;
f) mámleket ekonomikasınıń bir ósip, soń tómenlewine ketken waqıt;
g) paydalanıwǵa tayar hám basqa islew berilmeytuǵın tovar hám xızmetler;
h) sebep qılıp alınǵan jıldaǵı nırqlarǵa qarata esaplanǵan qun;
i) mámlekettiń puqaralarınıń turmis sharayatlarınıń ulıwma táriypi;
j) waqıt dawamında mámleket xalqınıń turmıs dárejesiniń úzliksiz joqarı bolıp turıwı.

**97- bet IV bap titulındaǵı súwretler boyınsha**

Súwretlerdiń qaysıları baptaǵı qaysı temaǵa tıyıslı ekenligin aytıń. Usı súwretler tiykarında temalardıń mazmunın sóylep beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## E. TESTLER

**1. Tómendegi tovarlardıń qaysı biri tolıq tovar esaplanbaydı?**
A) shashtárez xızmeti; B) tigiwshilik cexı skladındaǵı jip;
D) asxanadaǵı awqat; E) dúkandaǵi kitap.

**2. Ózbekstan qanday mámleketler toparına kiredi?**
A) Rawajlanǵan mámleketler;
B) Dáramatlar dárejesi tómen bolǵan mámleketler;
D) Rawajlanıp atırǵan mámleketler;
E) Tuwrı juwap joq.

**3. Tómendegi formulalardan qaysı biri durıs emes?**
A) *JMÓ = JIÓ + E - I*; B) *SIÓ = JIÓ - A*;
D) *SMÓ = JMÓ - A*; E) *JMÓ = JIÓ - E + I*.

**4. Mámleket kapitali esabına sırt ellerde jaratılǵan tovar hám xızmetlerdiń jámi bahası, sırt el kapitali esabınan mámlekette jaratılǵan tovar hám xızmetler bahasınan kóp. Bul jaǵdayda:**
A) JMÓ JIÓ nen úlken boladı;
B) JMÓ JIÓ ge teń boladı;
D) JMÓ JIÓ nen az boladı;
E) JMÓ JIÓ nen artıq ta, az da bolıwı múmkin.

**5. Rawajlanǵan mámleketlerde xalıqtıń jan basına tuwri kelgen JMÓ qanshanı quraydı?**
A) 7510 dollardan az; B) 7510 dollardan kóp;
D) 6400 dollardan az; E) 5400 dollardan az.

**6. Xalıqtıń turmıs dárejesin anıqlawda ne esapqa alınadı?**
A) Xalıqtıń sawatlılıq dárejesi;
B) Medicinaliq xızmet dárejesi;
D) Mádeniy hám turmıslıq tovarlar menen támiyinleniw dárejesi;
E) Joqaridaǵılardıń barlıǵı.

**7. Mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıw dárejesin qaysı kórsetkish anıǵıraq kórsetedi?**
A) Xalıqtıń jan basına tuwrı kelgen JIÓ;
B) Xalıqtıń jan basına tuwrı kelgen JMÓ;
D) Xalıqtıń jan basına tuwrı kelgen milliy dáramat;
E) Xalıqtıń turmıs dárejesi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Erkin iskerlik**

## ÓZBEKSTANDI INNOVACIYALÍQ RAWAJLANDIRIW STRATEGIYASI

2018-jıl 21-sentyabr kúni “2019—2021-jıllarda Ózbekstan Respublikası innovacion rawajlandırıw strategiyasın tastıyıqlaw haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikası Prezidenti parmanı imzalandı hám ǵalaba xabar quralları arqalı járiyalandı.

Pármanǵa tıykarlanıp, 2019—2021-jıllarda Ózbekstan Respublikası innovacion rawajlandırıw strategiyası tastıyıqlandı hám rasmiy huqıqıy hújjet atağın aldı.

Pármanda strategiyanıń bas maqseti etip insan kapitali belgilengen.

Pármanda insan kapitali — mámlekettiń xalıqara maydandaǵı báseki-lesiwdegi dárejesin innovacion tárepten rawajlanǵanlıǵın belgilewshi tiykar ekenligi atap ótildi.

Pármanda strategiyaniń tiykarǵı wazıypalar qılıp tómendegiler belgilengen:

— Ózbekstan Respublikasınıń 2030-jılǵa kelıp Global innovaciyalıq indeks reytingi boyınsha dúnyanıń 50 eń iri mámleketi qatarına kiriwine erisiw;

— Tálim hám ilim-pándi rawajlandırıw, olardı zamanagóy talaplarına maslastırıw;

— Innovaciyalar, basqarıwınıń zamanagóy usılları, báseki biznes ortalıǵın qóliplestırıw hám rawajlandırıw;

— Zamanagóy hám turaqlı ekonomikalıq infrastrukturanı jaratıw.

Onda, sonday-aq, jáhán pániniń zamanagóy jeńisler, innovacion idealar, islenbeler hám texnologiyalar tiykarında mámleketti jedel rawajlandırıw qabıl qılınǵan strategiyanıń maqseti ekenligi hám ayrıqsha uqtırılǵan.

### SORAWLAR HÁM TAPSÍRMALAR

1. Ózbekstan óz rawajlanıwı ushın innovacion rawajlanıw jolın tańlaǵanlıǵınıń sebeplerın túsindiriń.
2. Siz ózińizdiń átirapıńızdaǵı turmıstan innovacion rawajlanıwǵa mısal keltiriwge háreket qılıń. Bunda birinshi náwbette sizge eń jaqın bolǵan tálim, sport, isbilermenlik tarawındaǵı ózgerislerdi itibardan shette qaldırmań.
3. Ózbekstandi dúnyanıń 50 eń aldıńǵı mámleket qatarına kiritiw — siz jaslardıń wazıypańız ekenligin ayta alasızba? Siz bul wazıypaǵa ózińızdi qanday tayarlawıńız kerek dep oylaysız?

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

> *Inflyaciyanı rawajlandırmastan turıp, makroekonomikalıq turaqlılıqqa erisiw múmkin emes.*
>
> **Shavkat Mirziyoyev**

# V bap. Inflyaciya hám jumıssızlıq















***Xalıq ortasında jumıssızlıqtı kemeyttiriw, adamlar hám shańaraqlardıń dáramatların asırıw lazım.***

***Shavkat Mirziyoyev***



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 22- TEMA INFLYACIYA HÁM ONÍŃ TÚRLERI

**Sadullaevlar shańaraǵınıń ortasha bir aylıq shıǵınları:**

| | |
|---|---|
| Jeke tutınıw tovarları hám xızmetler | — 280 000 sum |
| Úy-ruzgershilik hám xojalıq zatları | — 150 000 sum |
| Azıq-awqat | — 1 200 000 sum |
| Kiyim-kenshek | — 950 000 sum |
| Mádeniy ónimler hám xızmetler | — 100 000 sum |
| Turmıslıq hám basqa qárejetler | — 350 000 sum |
| Jámi bir aylıq shıǵın | — ... sum |



## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Sadullaevlar shańaraǵınıń bir aylıq qárejetlerin shama menen anıqlań hám ulıwma bir aylıq shıǵın muǵdarın esaplań.
2. Eger aziq-awqatlar nırqı 20% ósse, Sadullaevlar shańaraǵınıń bir aylıq qárejetleri muǵdarı neshe sumǵa kóbeyedi?
3. Eger shańaraqtıń dáramatlar muǵdarı ózgermegen bolsa, sızıń pikirińizshe, keyingi aydan bul shańaraqtıń qaysı qárejetlerı kóbeyedi, qaysıları kemeyedi?
4. Bul jaǵdayda, sızıń pikirińizshe, qárejetler quramı qanday ózgeriwi múmkin?

Belgili bolǵanınday, hár bir mámleket aymaǵında belgili muǵdarda pul aylanısta bolıp, alıw-satıw procesleri onıń járdeminde ámelge asırıladı. Sol sebepli, aylanıstaǵı pullar qoldan-qolǵa ótip, toqtawsız aylanıp turadı. Puldıń qanday da bir alıw-satıw procesine qatnasıp, qoldan-qolǵa ótiwi, onıń bir márte aylanǵanın bildiredi. Qatnastaǵı pul muǵdarınıń bir jıl dawamında neshe márte alıw-satıw procesinede qatnasıwına qarap, onıń aylanıw tezligi anıqlanadı. Eger aylanıstaǵı pul muǵdarın onıń aylanıw tezligine kóbeytse, jıl dawamında mámleketimizde islep shıǵarılǵan hám xalıq tárepinen satıp alınǵan tovar hám xızmetlerdiń qunı kelip shıǵadı.

Ekinshi tárepten, jıl dawamında islep shıǵarılǵan tovar hám xızmetler bahasın basqasha tártipte, yaǵnıy tovar hám xızmetler muǵdarın, birlik ónimnniń ortasha nırqına kóbeytip te anıqlaw múmkin. Demek, joqarıdaǵı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

pikirge tiykarlanıp, $M \cdot V = P \cdot Q$ kórinisindegi, Fisher teńlemesi dep atalǵan teńlemeni payda etemiz. Bul jerde $M$ — qatnastaǵı pul massası, $V$— puldıń aylanıw tezligi, $P$ — birlik tovardıń ortasha nırqı, $Q$ — tovar hám xızmetler muǵdarı. Fisher teńlemesi hár qanday mámleket ekonomikası ushın orınlı bolıp, *pul qatnası nızamı* dep te ataladı.

**Pul massası** — mámlekette aylanısta bolǵan, jámi pul qarjılarınıń jıyındısı.

**Puldıń aylanıw tezligi** — puldıń alıw-satıw procesinede qatnasıp, bir jıl dawamında qoldan-qolǵa ótiw sanı.



Irving Fisher óz ilimiy xızmetınıń tiykarǵı bólimin ekonomika pániniń tovar-pul qatnasıqlarına tiyisli máseleler boyınsha izleniwler alıp barıwǵa baǵıshladı.

Onıń ilimiy izlenislerin tabıslı alıp barılıwına matematika boyınsha tereń bilimge iye ekenligi járdem beredi.

**Irving Fisher** (1867-1947)

Eger mámleket ekonomikasında qatnastaǵı pul muǵdarı kóbeyip ketse, pul qatnası nızamına qaray, Fisher teńlemesindegi teńlikti tiklew ushın yaki tovar hám xızmetler kólemin kóbeytiw, yaki tovar hám xızmetlerdiń ortasha nırqın asırıw kerek boladı. Lekin, tovar hám xızmetler kólemin bir maydanda asırıwdıń imkanı joq. Sonıń ushın, qatnastaǵı pul muǵdarınıń ósiwi, ádette nırqlardıń ósiwine alıp keledi.

Ekonomikadaǵı ortasha nırqtıń artıw procesi *inflyaciya* dep ataladı. Inflyaciya óz náwbetinde, mámleket pul birliginiń qádirsizleniwine alıp keledi. *Puldıń qádirsizleniwi dep*, oǵan satıp alıw múmkin bolǵan tovarlar muǵdarınıń kemeyiwine aytıladı. Puldıń qádiri tovarlar nırqınıń arzan yaki qımbatlawına qarap ózgerip turadı. Eger nırqlar qımbatlasa, málim nırq pulǵa satıp alıw múmkin bolǵan tovarlar muǵdarı kemeyedi. Bul bolsa puldıń qádirsizlengeninen derek beredi. Kerisinshe, eger bazardaǵı nırqlar arzanlasa, málim nırq pulǵa kóbirek tovar satıp alıw múmkin boladı. Bul pul qádiriniń artqanın kórsetedi. Ekonomikada ortasha nırqtıń páseyip barıw procesine *deflyaciya* delinedi. Inflyaciya makroekonomikalıq process bolıp, ol mámleket ekonomikasınıń hámme tarawların qamtıp aladı hám derlik hámme tovar hám xızmetler nırqınıń ósiwine alıp keledi.

http://eduportal.uz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Inflyaciya tómendegishe sebeplerge baylanıslı kelip shıǵıwı múmkin:

1. Mámleket hám firmalardıń mámlekette islep shıǵarıp atırǵan tovar hám xızmetler bahasına qaraǵanda kóp qárejet sarplawı aqıbetinde. Bul jaǵdayda tovar hám xızmetlerge bolǵan jalpı talap muǵdarı, mámleket ekonomikası tárepinen usınılıp atırǵan tovar hám xızmetler muǵdarınan kóp boladı. Sonlıqtan, nırqlar kóteriledi.

2. Tovardı islep shıǵarıw ushın zárúr resurslar (miynet hám shiyki zat) nırqınıń kóteriliwi nátiyjesinde. Máselen, miynet resurslarınıń nırqı, yaǵnıy is haqı asırılsa, bir tárepten tovardıń nırqı asadı (sebebi, is haqı tovardıń ózine túser bahasina kiredi), ekinshi tárepten bolsa xalıq qolındaǵı pul massası asadı.

Inflyaciyani tártipke salıp turiw júdá qıyın. Bul mámlekettiń eń tiykarǵı ekonomikalıq wazıypalarınan biri esaplanadı. Inflyaciyanı qadaǵalawdan shıǵarıp jiberiw, onıń ósip giperinflyaciyaǵa aylanıwına alıp keliwi múmkin. *Giperinflyaciya* dep, nırqtıń hádden tısqarı kóteriliwine aytıladı. Giperinflyaciya payıtında nırqlar jılına 50 eseden de kóbirek kóteriliwi baqlanadı.

**Inflyaciya** — mámlekette ortasha nırqtıń ósip barıwı.

**Inflyaciya dárejesi** — belgili bir dáwirdegi nırqtıń ósiwiniń procenttegi muǵdarı.

**Giperinflaciya** — mámlekette ortasha nırqtıń hádden tısqarı (jılına 50 eseden de kóp) kóteriliw procesi.

Inflaciya haqqında aytılǵanda tutınıw bazarındaǵı nırqlardıń ózgerisin anıqlaw ushın zárúr bolǵan tutınıw nırqları indeksi túsınıgın kiritiwimiz kerek boladı. Bul indeksti esaplaw ushın ortasha tutınıwshı ádette bárqulla satıp alatuǵın tovarlardıń belgili ózgermes toplamı alınadı. Bul indeksti esaplawda mine usı tovarlar toplamınıń hár qıylı jıllardaǵı nırqları jıyındıları salıstırıladı. Máselen, 2017—2018-jıllar boyınsha tutınıw nırqları indeksin anıqlaw ushın tovar hám xızmetlerdıń belgılı ózgermes toplamınıń 2018-jıldaǵı qunın 2017-jıldaǵı qunına bólemiz.

**Formula**

$$I=\frac{P_2}{P_1}$$

Bul jerde I-tutınıw nırqlar indeksi, $P_1$-bazalıq jıldaǵı tovar hám xızmetler belgılı toplamınıń qunı, $P_2$-usı jıldaǵı kórilip atırǵan tovardıń qunı.

Joqardaǵı formuladan paydalanıp hár bir shańaraq óz “shańaraq” inflyaciyasın esaplap shıǵıwı múmkin. Bunıń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ushın shańaraq tárepinen birinshi jılı satıp alınǵan tovar hám xızmetler dizimin dúzip, olardıń ulıwma qunın esaplap shıǵıw kerek. Keyin usınday etıp shańaraq tárepinen usı dizim boyınsha keyıngi jılı jańa bahalarda satıp alınǵan tovar hám xızmetlerdıń ulıwma qunın esaplap shıǵıw kerek. Keyingi jıl boyınsha qunın birinshi jıl boyınsha esaplanǵan qunǵa bóliw arqalı shańaraqtıń "inflyaciyası"n esaplap shıǵıwıńız múmkin.

Mámleket boyınsha tovar hám xızmetler bahaların baqlap barıw ushın, ádette, belgili tovar hám xızmetler nırqları turaqlı, ózgermes qılıp belgilep qoyıladı hám mine usı toplam boyınsha nırqlardıń ózgeriwi baqlap barıladı. Bunday toplam ádette "tutınıw sebeti" dep aytıladı. Mámlekettiń rawajlanıw dárejesine qarap "tutınıw sebetı"ne kiritiletuǵın tovar hám xızmetler hár qıylı bolıwı múmkin. Ekonomikada "minimal tutınıw sebeti" shańaraqtıń ómir súriwi ushın eń zárúr bolǵan tovar hám xızmetler kiredi.

**Shınıǵıw**

Shańaraqtıń jıllıq qárejetleriniń 60% in qurawshı azıq-awqatlar nırqı jıl dawamında 80% ke ósti. Eger basqa qárejetler nırqı ózgermegen bolsa, bul shańaraq ushın jıllıq inflyaciya dárejesi neshe procentti quraydı?

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Elimizde bir ayda pul neshe márte aylanadı dep oylaysiz?
2. Pul qatnasıǵı nızamın Fisher teńlemesi tiykarında túsindiriń.
3. Elimizde qansha pul aylanısta bolıwı kerek?
4. Elimizde qatnasta bolǵan pul muǵdarına qanday faktorlar tásir etedi?
5. Inflyaciyanıń tiykarǵı mánisi neden ibarat?
6. Deflyaciya puldıń qádirine qanday tásir kórsetedi?
7. Inflyaciyaǵa alıp keliwshi sebepler nelerden ibarat?
8. Tutınıw nırqlar indeksi ne?
9. "Tutınıw sebeti" atamasınıń mánisin aytıń.

**Bunı este saqlań!**

- Mámlekette aylanıstaǵı pul muǵdarı tovar hám xızmetler kólemi salıstırmalı túrde ózgerıp turadı.
- Aylanıstaǵı pul muǵdarı kóbeyip, nırqlar kóteriliwi inflyaciyaǵa alıp keledı.
- Inflyaciya nátiyjesinde pul qádirsizlenedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 23- TEMA INFLYACIYA AQÍBETLERI










## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Inflyaciya súwrettegi adamlardıń turmıs dárejesine qanday tásir kórsetedi?
2. Puldıń qádirsizleniwine turmıstan mısal keltiriń.
3. Hákimiyat tárepinen shıpakerler hám oqıtıwshılardıń aylıqları asırılıwı menen inflyaciya arasında qanday baylanıs bar?

---

Inflyaciya jıldan jılǵa ózgerip barıwshı hádiyse. Sonıń ushın da inflyaciya dárejesi túsinigin biliw júdá áhmiyetli. Bul kórsetkish tiykarǵı tovar hám xızmetler bahalarınıń ósiw tezligin kórsetedi. Inflyaciya dárejesin tutınıw nırqları indeksleri arqalı esaplap shıǵarıw múmkin.

Yaǵnıy, inflyaciya dárejesi $= \frac{NI_1 - NI_0}{NI_0}$

Bul formuladaǵı $NI_0$ - birinshi jıldaǵı tutınıw nırqları indeksi, $NI_1$ - keyingi jıldaǵı tutınıw nırqları indeksi. Mine usı formula arqalı ekonomika qanday jaǵdayda ekenligin bilip alıw múmkin.

Joqarı dárejeli inflyaciya ekonomika ushın júdá qolaysız hádiyse bolıp, ol eldiń barlıq puqaralarına unamsız tásir kórsetedi. Bul dáwirde mámleket byudjetinen aylıq alıwshı xızmetker, oqıtıwshılar, shipakerler,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

áskerler, pensionerler, sonday-aq, qarjılarín jıynap atırǵan puqaralar kóbirek zıyan kóredi. Sebebi, jıllar dawamında olar jıynaǵan pul qarjıları tez qádirsizlenip qaladı. Sol sebepli, adamlar banklerden amanatların alıp, dúkannan tovar satıp ala baslaydı. Nátiyjede, tovar qıtshılıǵı júzege keliwi múmkin. Inflyaciya dárejesin esapqa almastan, puldı birewge qarızǵa bergen adamlar da inflyaciyadan zıyan kóredi.

Ósiw jaǵdayina qarap inflaciyanıń tómendegi túrlerin parıqlaydı: súyreliwshi, júgiriwshi, hám giperinflaciya.

Súyreliwshi (tınısh) inflyaciyada bahalardıń ósiwi 10% ten aspaydı. Bunday inflyaciyanı ekonomist alımlar, ádette, ekonomikadaǵı normal jaǵday dep qaraydı.

Júgiriwshi inflaciyada bahalar 10% ten 50% ge shekem kóteriledi. Bul ekonomika ushın qáwıplı jaǵday esaplanadı. Bunday jaǵdayda mámleket tárepinen inflyaciyaǵa qarsı tez hám keskin sharalar kóriw talap etiledi.

Giperinflyaciya dáwirinde nırqlar jılına 50 eseden de kópke ósedi. Bul islep shıǵarıw kárxanaları xızmetine unamsız tásir kórsetedi. Islep shıǵarıw páti páseyedi. Dúzilgen kelisimler óz kúshin joǵaltadı, sebebi, shártanamadaǵı nırqlar shiyki zat jetkerip beriwshi tárepti qanaatlandırmaydı.

Amanatshılardıń óz pul qarjıların banklerden asıǵıs talap etiwi hám alıwı nátiyjesinde, bankler bankrotqa ushıray baslaydı. Pul qarjıları bar bankler de qarızǵa pul beriwden qorqıp qaladı. Bunday inflyaciya waqtında islep shıǵarılǵan tovardı satıw da biypayda bolıp qaladı. Sebebi, shiyki zat hám resurslar nırqınıń kún sayın kóteriliwi sebepli, tovardı satıwdan túsken pulǵa jáne sonsha tovar islep shıǵarıw múmkin bolmay qaladı.

Isbilermenler islep shıǵarıw menen shuǵıllanbay qoyadı. Kóplep islep shıǵarıw kárxanaları jabıladı. Jumıssızlar kóbeyedi. Isbilermenler tek qısqa múddetli sawda-satıq penen shuǵıllanatuǵın bolıp qaladı. Sebebi, bul waqıtta pul qádirsizlenip úlgermesten sarplaw kerek boladı.

**Bilesiz be?**

Birinshi jer júzlik urıstan keyin, 1923-jılı Germaniyada nırqlar 1,3 trillion márte ósip, giperinflyaciya baqlanǵan. 1985-jılı Boliviyada inflyaciya dárejesi 8000% ke jetken. 1993-jılı Braziliyada inflyaciya dárejesi 2148% ti quraǵan. 1990-jıllar basında bolsa burınǵı awqam respublikalarınıń barlıǵında inflyaciya dárejesi joqarı bolǵan.

Giperinflyaciya dáwirinde mámlekettiń bir tegis baratırǵan ekonomikalıq siyasatı izden shıǵadı. Mámleket byujediniń jetispewshiligi keskin ósip ketedi. Mámleket óz aldındaǵı sociallıq wazıypaların



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

orınlawǵa qarjı taba almay qaladı. Mámlekette hám ekonomikalıq, hám siyasiy jetispewshilik qáliplesedi. Giperinflyaciya nátiyjesinde mámleket ekonomikasınıń barlıq tarawları zıyan kóredi. Búgingi kúnlerdegi giperinflaciyaǵa Venesuela mámleketindegi awhal anıq mısal bola aladı. Bul mámlekette 2018-jılda, Xalıqaralıq valuta qorınıń maǵlıwmatına kóre inflyaciya dárejesi 1 370 000 % ti quraydı. JIÓ 15% ke qısqarǵan, 3 millionnan artıq xalıq giperinflyaciyadan qıynalıp mámleketten shıǵıp ketken.

Inflyaciyanıń aldın alıwǵa qaratılǵan ilájları mámlekettiń tiykarǵı ekonomikalıq wazıypalarınan biri esaplanadı. Mámlekettiń inflyaciyaǵa qarsı qaratılǵan mámleketlik is-ilájlarına tómendegiler kiredi:

**1. Aylanıstaǵı artıqsha pul massasın kemeytiw.** Bul jaǵdayda, mámleket tárepinen pul massasın kemeytiw hám onıń aylanıw tezligin asırıw is-ilájları kóriledi. Xalıqtı isendiriw járdeminde, olardıń qarjıların banklerge qoyıwǵa yaki mámleket obligaciyaların satıp alıwǵa shaqırıladı. Banktegi xalıq amanatları belgili múddetke "muzlatiladi". Pul massasınıń kemeyiwine, nırqlardıń ósiwden toqtap, páseyiwine alıp keledi.

**2. Islep shıǵarıwdı xoshametlew.** Mámleket pul massasın kemeytiwi menen birge, tovar islep shıǵarıw kólemin asırıw maqsetinde, islep shıǵarıw kárxanalarınıń xızmetin qollap-quwatlaydı. Olarǵa jeńilletilgen kreditler beredi, salıq jeńillikleri daǵazalaydı. Nátiyjede tovar hám xızmetler islep shıǵarıw kólemi asıp, aylanıstaǵı pullar tovar menen táminlenedi. Tovarlar usınısınıń asıwına, bahalardıń páseyiwine alıp keledi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Inflyaciyanıń unamsız aqıbetlerin aytıń hám túsindiriń.
2. Mámleket inflyaciyaǵa qarsı qanday is-ilájlar kóriwi kerek?
3. Inflyaciya payıtında óz qarjılarıńızdi saqlap qalıw maqsetinde qanday jol tutqan bolar edińiz? Bul is-háreketlerińiz mámlekettiń inflyaciyaǵa qarsı is-ilájlarına tuwrı kele me?

**Bilesiz be?**

XV ásir úlken geografiyalıq ashılıwlar ásiri bolıp, Ispaniya mámleketiniń qaznası Amerika materiginen alıp kelingen altin hám gúmiske tolıp bardı. Solay bolsa da, Ispaniyada bir neshe ásirlerden beri ózgermesten kiyatırǵan nırqlar keskin óse basladı. Ispaniyada islep shıǵarılǵan tovarlar nırqınıń ósip ketiwi, olardıń Evropa bazarınan quwılıwına alıp keldi. Nátiyjede, Ispaniya ekonomikası kriziske ushırap, bir múddet Evropanıń artta qalǵan mámleketleriniń birine aylanıp qaldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Tapsırma**

## INFLYACIYAǴA KIM KÓBIREK USHÍRAYDÍ?

Asqar Babanazarov 5 000 000 sum qarjını 24% jıllıq procent stavkası menen bankke qoydı.

Nilufar Ergasheva 5 000 000 sum qarjısına qımbat bahalı tagınshaqlar satıp aldı.

Egamberdi Esonov 5 000 000 sum qarjısına qádiri turaqlı bolǵan sırt el valyutasın satıp aldı.

Oxunjon Soliyev 5 000 000 sum qarjısına gerbish zavodınıń ápiwayı akcıyaların satıp aldı.

Mámlekettegi jıllıq inflyaciya dárejesi




1. Diagrammadan mámleketimizde 2002-jılı inflyaciya dárejesi qanshanı quraǵanın anıqlań.
2. Bul dáwirde joqarıda súwretlengen puqaralardıń hár birine inflyaciya qanday tásir etken? 2018-jılı she?
3. Olardıń qaysı biri inflyaciyadan eń kóp zıyan kórgen?
4. Olardan qaysı biriniń tutqan jolın tuwrı dep oylaysız?
5. Ulıwma alǵanda, joqarı dárejedegi inflyaciya sharayatında qanday jol tutqan maqul? Óz usınıslarıńız dizimin dúziń hám túsindiriń.
6. Respublikamizda sońǵı jıllarda baqlanǵan inflyaciya dárejesin túsindiriń.

**Bunı este saqlań!**

- Joqarı dárejeli inflyaciya eldiń ekonomikası ushın sezilerli zıyan tiygizedi.
- Inflyaciyadan kóbirek mámleket byudjetinen aylıq alıwshılar hám amanatshılar zıyan kóredi.
- Inflyaciya aylanıstaǵı artıqsha pul massasın kemeytiw hám islep shıǵarıwdı xoshametlew arqalı toqtatılıwı múmkin.



http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 24- TEMA MIYNET BAZARÍ HÁM JUMÍSSÍZLÍQ



Bank xızmetkeri


Ilimiy xızmetker


Shash tárezi

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Bul kásip iyeleriniń aylıq haqısınıń muǵdarın shamalap anıqlań hám olardı kemeyiw tártibinde jaylastırıp shıǵıń.
2. Ne sebepten bul kásip iyeleriniń aylıq is haqısınıń muǵdarı hár qıylı?
3. Sizińshe, aylıqlar muǵdarına ne tásir kórsetedi?
4. Siz jumıssız degende qanday adamdı túsinesiz?

Insan miyneti, onıń jumısshı kúshi tovar esaplanıp, ol miynet bazarında satıladı hám satıp alınadı. Bazarda jumısshı kúshi miynetke jaramlı xalıq tárepinen satıladı. Jumısshı kúshi, oǵan mútáj bolǵan kárxanalar tárepinen satıp alınadı. Demek, jumısshı kúshine talap — is beriwshi kárxanalar, yaǵnıy islep shıǵarıwshılar tárepinen, onıń usınısı bolsa, iske ılayıqlı xalıq tárepinen qáliplestiriledi. Tutınıw tovarları bazarında islep shıǵarıwshılar usınıstı, xalıq bolsa talaptı qáliplestiredi.

**Isshi kúshi usınısı** — málim waqıt dawamında belgili nırqlarda qansha isshi óz isshi kúshin satıwǵa razı ekenligin ańlatadı.

**Isshi kúshine bolǵan talap** — málim waqıt dawamında belgili nırqlarda qansha isshiniń isshi kúshi kárxanalar tárepinen satıp alınıwın bildiredi.

Miynet bazarında bolsa, kórip turǵanıńızday, roller almasadı. Isshi kúshine bolǵan talap, islep shıǵarıwshılar tárepinen bálki usı isshi kúshi járdeminde islep shıǵarılatuǵın tovarǵa bolǵan talaptan kelip shıǵıp anıqlanadı.

Jumısshı kúshiniń nırqı oǵan tólenetuǵın pul — is haqı menen ólshenedi. Bunday miynet penen shuǵıllanıwdı qálewshiler sonsha kóp bolatuǵını belgili. Bunı grafikte súwretlesek, 24.1-sızılmadaǵı *S* sızıqtı



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

payda etemiz. Bul grafik jumısshı kúshiniń usınıs sızığı dep ataladı. Ekinshi tárepten, jumısshı kúshiniń nırqı qansha arzan bolsa, kárxanalar sonsha kóp jumısshı jallaydı hám kerisinshe, jumısshı kúshiniń nırqı qansha qımbat bolsa, kárxanalar sonsha kem jumısshıni iske jallaydi. Buni da grafik járdeminde kórsetsek, 24.1-sızılmadağı, jumısshı kúshine bolğan talap sızığı dep atalatuğın, *D* sızığın payda qılamız. Basqa tovarlar bazarında bolğanınday, jumısshı kúshiniń bazar nırqı, oğan bolğan talap hám usınıstan kelip shığıp anıqlanadı. Jumısshı kúshine bolğan talap muğdarınıń usınıs muğdarına teń bolğandağı nırqı, onıń bazar nırqın belgileydi. 24.1-sızılmada súwretlengen jumısshı kúshiniń nırqı 350 000 sumdı, bunday aylıq is haqığa razı bolğan jumısshılar sanı 3 000 adamdı quraydı.



24.1- sızılma.

Ne sebepten toqımashılıq kombinatınıń menedjeri ápiwayı jumısshığa qarağanda kóp is haqı alıwın tiykarlawğa urınıp kóreyik. Jumısshı hám xızmetkerler is haqısınıń kóp yaki az bolıwı tómendegi faktorlarğa baylanıslı boladı:



24.2- sızılma.

1. Jumıs adamnan qansha kóp arnawlı bilim, tájiriybe hám tayarlıqtı talap qılsa, ol sonsha qımbat turadı. Haqıyqattan da, oqıw hám tájiriybe talap qılmaytuğın, ápiwayı jumıslardı orınlay alatugın jumısshılar júdá kóp. Arnawlı bilim hám óz aldına basqarıw qábiletine iye bolğan tájiriybeli menedjerler bolsa az. Soğan baylanıslı, ápiwayı jumısshılar jumısshı kúshiniń usınısı — $S_2$, menedjer xızmetkerler jumısshı kúshiniń usınısı — $S_1$ den kóp boladı. Bul jağdayda, menedjerler is haqısı — $p_1$, ápiwayı jumısshılar is haqısı — $p_2$ den kóp bolıwın 24.2-sızılmadan anıqlawımız múmkin boladı.

2. Jumıstıń esabınan jaratılğan tovar satılğannan soń, jumıs beriwshige qanshelli kóp payda alıp kelse, jumıstıń ózi de soğan say túrde joqarı bahalanadı.

3. Jumıs qansha awır hám adamnan úlken fizikalıq kúshti talap etse, sonsha qımbat boladı. Máselen, kánshi zavod jumısshısınan kóbirek is haqı aladı.

4. Jumıs qanshama qáwipli, densawlıqqa zıyan keltiretuğın yaki táwekelshilikti talap qılatuğın bolsa, sonsha qımbat bahalanadı.

Miynet bazarında jumısshı kúshine bolğan talap hám usınıs ortasında teńsalmaqlıq bir qatar faktorlar tásirinde buzılıp turadı. Bul faktorlardan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

biri miynet bazarınıń basqa tovarlar bazarına baylanıslılıǵı. Tutınıw tovarlarına bolǵan talaptıń ózgeriwi, óndiris quramınıń ózgeriwine alıp keledi. Mısalı, bir tovardı islep shıǵarıwǵa qaraǵanda basqasın islep shıǵarıw paydalı bolıp qaladı. Miynet bazarında da soǵan say túrde, birinshi tarawda jumısshılardı jallaw qısqarıp, ekinshi tarawda jumısshılarǵa bolǵan talap ósedi. Jumısshılar bir jumıstan bosap, ekinshi jumısqa kiriwi lazım bolıp qaladı. Olar basqa taraw boyınsha tovar islep shıǵarıw qániygeligin iyelep, oǵan úyrenip alıwına shekem, yaǵnıy jumısshı kúshiniń usınısı jańa talapqa sáykesleskenshe miynet bazarında

**Shınıǵıw**

**Miynet bazarında jumısshı kúshine bolǵan talap hám usınıs tómendegi kestede berilgen:**

| Is haqı | Jumısshı kúshine talap muǵdarı | Jumısshı kúshine usınıs muǵdarı |
|---|---|---|
| 1 300 000 sum | 300 | 100 |
| 1 600 000 sum | 200 | 200 |
| 1 900 000 sum | 100 | 300 |

**Jumısshı kúshiniń bazardaǵı bahasın tabıń.**

teńsalmaqlılıq buzıladı. Adamlar islewdi qálese de, ózlerine ılayıq jumıstı taba almay qaladı. Nátiyjede, jumıssızlar payda boladı.

Jumıssızlıq kelip shıǵıw sebeplerine qarap tómendegi túrlerge bólinedi:

**1. Frikciyaliq jumıssızlıq.** Bul jumıssızlıq adamlar bir isten bosap, ekinshi iske jaylasıp atırǵan waqıtta júzege keledi. Sonday-aq, bunday jumıssızlıq jaslardıń erjetip yaki oqıw orınların pitkerip, birinshi márte jumıs qıdırıp atırǵan payıtında da kelip shıǵıwı múmkin.

**2. Máwsimli jumıssızlıq.** Máwsimli jumıslardıń tamamlanıwı nátiyjesinde kelip shıǵıwshı jumıssızlıq máwsimli jumıssızlıq dep ataladı. Máselen, qıs aylarında awıl xojalıǵı isleri toqtap, awıllarda kópshilik jumıssız qaladı.

**3. Strukturalıq jumıssızlıq.** Bul jumıssızlıq mámleket ekonomikasındaǵı quramlı ózgerisler nátiyjesinde kelip shıǵadı. Mámleket ekonomikasındaǵı eski tarawlar qısqarıp, ornina jańa tarawlardıń payda bolıwı, jańa ekonomikalıq aymaqlardıń júzege keliwi, islep shıǵarıwda jańa texnologiyalardıń qollanılıwı, jańa kásip iyelerine, jańa tájiriybege iye bolǵan qánigelerge bolǵan talaptı keltirip shıǵaradı. Miynetke jaramlı xalıq jańa talapqa úyrengenshe strukturalıq jumıssızlıq payda boladı.

**4. Dáwirli jumıssızlıq.** Mámleket ekonomikasınıń dáwirli ózgeriwi menen baylanıslı jumıssızlıq dáwirli jumıssızlıq dep ataladı. Dáwirli jumıssızlıq mámleket ekonomikasınıń barlıq tarawları kriziske ushıraǵan dáwirde payda boladı. Bul payıtta ekonomikada jedellik páseyedi, jalpı talap kemeyedi. Bul bolsa óz náwbetinde, jumıssızlıq dárejesiniń keskin



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ósiwine alıp keledi. Mámleket ekonomikası janlanǵan dáwirde bolsa jalpı talap ósedi. Bul bolsa óz náwbetinde, jumıssızlıq dárejesiniń páseyiwine alıp keledi hám taǵı basqa. Bunday kórinistegi jumıssızlıq dáwirli ráwishte gá ósip, gá páseyip turadı. Dáwirli jumıssızlıq jámiyet ushın júdá awır keshedi. Dáwirli jumıssızlıqtıń uzaq waqıt dawam etıwı pútin ekonomikanı izden shıǵarıwı, aqıbetleri bolsa pútin jámiyetti tómenletiwi múmkin.

*Jumıssızlıq* elimizde jumısqa jaramlı, belgilengen is haqıǵa islewdi qálewshi hám jumıs izlep júrgen puqaralardıń bar ekenligi menen túsindiriledi. Miynetke jaramlı xalıq degende 16 jastan úlken (respublikamizda nızam boyınsha 16 jastan baslap miynet islewge ruxsat etilgen) hám miynet islewge uqıplı adamlar túsiniledi. Elimizdiń barlıq miynetke jaramlı xalqı, onıń miynet resursların quraydı. Elimizdiń miynetke jaramlı xalqı qatarınan óz qálewi menen islemey atırǵan yaki jumıs qidirmaytuǵın napaqa alıwshılar, úy biykeleri qusaǵanlar shıǵarıp taslansa, mámlekettiń jumısshı kúshi payda boladı. Solay etip, mámlekettiń jumısshı kúshi — jumıs penen bánt hám jumıs penen bánt bolmaǵanlardan quraladı. Mámlekettegi jumıssızlıq dárejesi jumıssızlar sanınıń, mámlekettiń jumısshı kúshiniń ulıwma sanına qatnası procent muǵdarı menen ólshenedi.

**Jumıssızlar** — mámlekettiń jumısqa jaramlı, belgilengen is haqı esabına islewge razı, lekin jumıs taba almaǵan yaki jumıs izlep júrgen puqaraları.

**Miynet resursları** — mámlekettiń jámi miynetke jaramlı xalqı.

**Jumıssızlıq dárejesi** — mámlekettegi jumıssızlar sannıń mámleket jumısshı kúshiniń ulıwma sanına salıstırǵandaǵı procent muǵdarı.

**Formula**

$$\text{Jumıssızlıq dárejesi} = \frac{\text{Jumıssızlar sanı}}{\text{Jumısshı kúshi sanı}} \cdot 100\ \%$$

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Miynet bazarında jumısshı kúshine bolǵan talap hám usınıs qalay qáliplestiriledi?
2. Miynet bazarınıń basqa bazardan ózgeshelik táreplerin aytıń.
3. Is haqı muǵdarı qalay anıqlanadı hám onıń muǵdarına ne tásir etedi?
4. Kompyuter baǵdarlamashısı, ilimpaz, tramvay aydawshısı, profesional tennisshi, medicina xızmetkeri, zavod direktorınıń aylıq is haqısı neden kelip shıǵıp belgilenedi?
5. Jumıssızlıqtıń kelip shıǵıw sebeplerin sanań hám túsindirip beriń.
6. Jumıssızlıqtiń hár bir túrine mısal keltiriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 25- TEMA SOSIALLÍQ QORǴAW QURALLARÍ

**MÁMLEKET**

**JUMÍS BERIWSHILERDÍŃ TALAPLARÍ**

Kárxana tovarları bazarda jaqsı satılmay qaldı. Tovar islep shıǵarıw barǵan sayın qımbatlap baratır. Is haqı kóterilse, tovar islep shıǵarıw jáne qımbatlaydı. Soǵan qarap, az jumısshı kúshi talap etiletuǵın jańa texnologiya satıp alıp, jumısshılardıń bir bólegin jumıstan bosatıw kerek.

**JALANBA JUMÍSSHÍLARDÍŃ TALAPLARÍ**

Kárxanada islep shıǵarıw shárayatların jaqsılap, miynet qawipsizligin támiinlew, aylıq is haqılar muǵdarın asırıw, kúnlik is waqtın qısqartıw kerek. Jumısshıların jumıstan bosatpaslıq lazım.

**KÁSIPLIK AWQAMLAR**

http://eduportal.uz

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Joqarıdaǵı kestede jumıs beriwshi kárxana — firmalar menen olarda jallanıp islep atırǵan jumısshılar ortasındaǵı kelispewshilik súwretlengen.

1. Siz jumıs beriwshi sıpatında qanday qılıp nızanın hal qılǵan bolar edińiz?
2. Siz jumısqa jallanıwshı sıpatında óz máplerińizdi qalay qorǵaǵan bolar edińiz?
3. Siz mámleket wákili sıpatında bul kelispewshilikti qalay sheshken bolar edińiz?
4. Kásiplik awqamları haqqında ne bilesiz?

Jumıssızlıq túrlerinen eń ziyanlısı bul — dawirli jumıssızlıq. Bunday jumıssızlıq tek xalıqqa emes, balkim pútin mámleketke ekonomikaǵa úlken unamsiz tásir kórsetedi. Biraq, mámlekette dáwirli jumıssızlıqtın payda bolıwı ekonomikaǵa úlken unamsız tásir kórsetedi. Ǵárezsizlik jıllarınıń baslarında mámleketimizde júzege kelgen jaǵday buǵan mısal bola aladı. Burınǵı awqamnan qalǵan agrar ekonomika, aldıńǵı ekonomikalıq baylanıslardıń úzilip qalıwı, islep shıǵarıw kóleminiń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

keskin kemeyip ketiwi, respublikamiz ekonomikasınıń jańa bazar ekonomikasına ótiwi menen baylanıslı tereń ekonomikalıq hám sociallıq ózgerisler mámleketimizde dáwirli jumıssızlıqti keltirip shıǵardi. Dáwirli jumıssızlıq payıtında kóplep zavod hám fabrikalar toqtaydi. Mıńlap adamlar awıldan qalaǵa, bir qaladan ekinshi qalaǵa jumıs izlep baradı. Nırqlardıń ósiwi jasaw sharayatlarınıń awırlasıwına baylanıslı, aldınları islemey júrgen úy biykeleri, pensionerler hám studentler de jumıs izley baslaydı. Nátiyjede, miynet bazarındaǵı teńsalmaqlılıq pútkil mámleket kóleminde buzıladı. Soǵan baylanıslı, bunday jumıssızlıqtıń aldın alıw hám ulıwma jumıssızlıqti jılawlap turıw mámlekettiń eń zárúr ekonomikalıq hám sociallıq wazıypalarınıń biri esaplanadı.

Isshi kúshi, bazardaǵı tensalmaqlılıqtı saqlap turıw mámleketlerdiń eń kerekli wazıypalarınan biri. Bazar ekonomikası waqtında isshi kúshi resurslardıń tiykarǵı deregi bolǵan xalıqtı jumıssızlıqtan qorǵaw boyınsha kerekli jumıs alıp barıladı.

Bul jumıs penen miynet birjaları shuǵıllanadı. *Miynet birjası* jumıs beriwshi kárxanalar hám jumıs izlep júrgen adamlar ortasında dáldalshılıq qılatuǵın mámleketlik shólkem. Miynet birjasi jumıssızlardı dizimge aladı, kárxanalardaǵı bos is orinların anıqlaydı hám jumıs izlep júrgen adamlardı bul kárxanalarǵa jumısqa jiberedi. Miynet birjasina xabarlasqan jumıssızǵa, kásibi boyınsha jumıs tabılmasa, "jumıssız" degen at beriledi hám belgili waqıtqa shekem jumıssızlıq napaqası menen támiyinlenip turadı.

Ayırım jaǵdaylarda, jallanba jumısshılar hám jumıs beriwshi kárxanalar ortasında aylıq is haqısı muǵdarı, islew sharayatları hám miynet qáwipsizligin támiyinlew máselelerinde kelispewshilikler kelip shıǵadı. Jallanba jumısshılar óz máplerin qorǵaw maqsetinde kásiplik awqamlarına birlesedi. *Kásiplik awqamlar* mámleketlik emes, jámiyetlik shólkem bolıp, óz aǵzalarınıń máplerin qorǵaydı.

Kásiplik awqamlardıń maqseti tómendegilerden ibarat:

1. Kásiplik awqamları aǵzalarınıń ekonomikalıq, social, kásiplik texnikalıq talaplardı qorǵaydı. Olardıń turmıs dáreje kórsetkishlerin asırıw ushın gúresiw.

2. Kásiplik awqam aǵzaları atınan basqarıw organları aldında wákillik funkciyalardı ámelge asıradı.

3. Kásiplik awqam aǵzası bolǵan jumısshınıń turmıs sıpatın sezilerli kóteriwge umtiliw.

Bul maqsetlerge erisiw ushın kásiplik awqamları tómendegi wazıypalardı ámelge asıradı:

1. Orınlı hám haqıqıy is haqı, pensiya hám sociallıq napaqalardı támiyinlewge umtılıw.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

2. Jumısshı hám xızmetshilerdiń máplerin qorǵaw maqsetinde túrli dárejedegi jıyınlarǵa qatnasıw.

3. Miynetkeshlerdıń tálim hám medicinalıq xızmet alıw kepilliklerin támiyinlewge háreket qılıw.

4. Jumıs beriwshiler tárepinen Ózbekstan Respublikası nızamları, párman, qarar hám basqa normativ hújjetler talaplarına ámel qılıwı ústinen baqlawdı ámelge asırıw.

5. Kásiplik awqamları aǵzaları nızamsız jumıstan bosatılıwınan qorǵaw.

6. Puqaralardıń jumıs penen támiyinlengeni boyınsha gúzetiw alıp barıw.

7. Jumıstan bosaǵanlar boyınsha barlıq shártnamalıq kepilliklerine ámel qılıwın támiyinlew.

8. Miynetkeshlerdiń jumıs jerlerinde miynet qadaǵalawı hám texnika qáwipsizligi talapları ústinen baqlaw ornatıw.

Hár qanday mámlekette jumıssızlıq mashqalasi bar bolıp, onnan pútkilley qutılıwdın ilajı joq. Mámlekette frikciyalıq hám quramlı jumıssızlıq túrleriniń bolıwı, ekonomikada úlken ózgerislerge alıp kelmeydi hám jámiyet ushın qaysı bir maǵanada tábiyiy jaǵday bolıp esaplanadı. Mámlekette tek frikciyalıq hám quramlı jumıssızlıq bar bolǵan jaǵday tolıq bántlik dep ataladı. Bul jaǵdaydaǵı jumıssızlıq dárejesi bolsa tábiyiy jumıssızlıq dárejesi dep júritiledi. Bir esaptan, mámlekette tábiyiy jumıssızlıqtıń bolǵanı maqul. Sebebi, bunday jumıssızlardıń bolıwı, jumıs penen bánt xalıqtı jaqsıraq islewge jeteleydi. Óz náwbetinde, jumıssızlardı da biykarǵa júrmesten qánigeligin arttırıp, tez jumıs tabıwǵa májbúr etedi. Mámlekettegi tábiyiy jumıssızlıq dárejesiniń 4—5 procent bolıwı normal jaǵday bolıp esaplanadı.

**Tábiyiy jumıssızlıq dárejesi** — mámlekette tek frikciyalıq hám quramlı jumıssızlıq bolǵan jaǵdaydaǵı jumıssızlıq dárejesi.

**Tolıq bántlik** — mámlekette tek tábiyiy jumıssızlıq bolǵan payıttaǵı bántlik.

**Shınıǵıw**

Mámlekette tábiyiy jumıssızlıq dárejesi 5 procentti, ulıwma jumıssızlıq dárejesi bolsa 10 procentti quraydı. Frikciyalıq hám quramlı jumıssızlıq mámlekettiń 1 million xalqın qamtıp alǵanı belgili bolsa, mámlekette qansha jumıssız barlıǵın anıqlań.

Mámleket miynet bazarın tártipke salıw hám jumıssızlıqtıń aldın alıw maqsetinde tómendegi is-ilájlardı qollaydı:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

— miynet bazarın bárhama shólkemlestirip, mámlekette qansha jumıs ornı bar, qansha adam jumıs penen bánt, qansha adam jumıssız, miynet bazarında qanday ózgerisler kútilip atir degen sorawlarǵa juwap tabadı;

— xalıqtı jumıs penen tolıǵıraq támiyinlew baǵdarlamaların islep shıǵadı, isbilermenlikti qollap, qosımsha jumıs orınların jaratadı;

— xalıqtı kásipke baǵdarlaw, jumıs orınları haqqında maǵlıwmattı jetkeriw hám úgit-násiyat jumısları menen shuǵıllanadı;

— ekonomika ushın zárúr qánigeler hám jumısshı kadrlardı tayarlaw, qayta tayarlaw, tájiriybesin arttırıw jumısların ámelge asıradı;

— xalıqtı jumısqa jaylastırıw, sırt elge jiberiw máseleleri menen shuǵıllanadı;

— xalıqtı sociallıq qorǵaw is-ilájların kóredi, jumıssızlardı dizimge aladı hám jumıssızlıq nafaqaların beredi.

**Jumısshı kúshi birjası** — jumıs berıwshı kárxanalar hám jumıs izlep júrgen adamlar ortasındaǵı qatnas qılatuǵın mámleket shólkemi.

**Kásiplik awqamlar** — jallanba jumısshılar máplerin jumıs beriwshiler hám mámleket aldında qorǵawshı jámáát shólkemi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Jumıssızlıqtıń unamsız táreplerin aytıń.
2. Jumıssızlıqtan qaysı jastaǵı adamlar kóbirek jábir kóredi? Nege?
3. Tolıq bántlik degende neni túsinesiz?
4. Tábiyiy jumıssızlıq dárejesi qalay ólshenedi?
5. Jumıssızlıq dárejesin qısqartıwǵa qaratılǵan ilajlarǵa mısallar keltiriń.
6. Mámlekettiń jumıssızlıqqa qarsı is-ilajların táriyipleń.
7. Jumıssız degen attı alıw shártleri nelerden ibarat?
8. Miynet birjalarınıń xızmetin túsindirip beriń.
9. Kásiplik awqamları ne maqsette shólkemlestiriledi?

**Bunı este saqlań!**

- Mámlekette tek friksion hám quramlı, strukturalıq jumıssızlıq payda bolǵan halda tolıq bántlik dep ataladı.
- Tábiyiy jumıssızlıq dárejesiniń 4—5% bolıwı normal halat esaplanadı.
- Jumıssızlıqtıń aldın alıw máseleleri menen mámleket shuǵıllanadı.
- Jumısshı hám xızmetkerlerdıń máplerin kásiplik awqamları qorǵaydı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# V BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Inflyaciyanıń mánisin túsindirip beriń.
2. Inflyaciyanıń qanday túrleri bar?
3. Inflyaciyanıń kelip shıǵıw sebepleri hám aqıbetleri haqqında ne bilesiz?
4. Is haqı muǵdarına tásir etiwshi faktorlardı sanań.
5. Jumıssızlıq hám onıń kelip shıǵıw sebeplerın aytıń.
6. Jumıssızlıq túrleri bir-birinen qanday parqlanadı?
7. Jumıssızlıq aqıbetleri haqqında ne bilesiz?
8. Mámlekettiń sotsiallıq qorǵaw quralların aytıp beriń.
9. Kásiplik awqamlardıń ekonomikalıq qatnasıqlardaǵı ornı qanday?

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamaǵa mas talqılawdı tabıń.

### ATAMALAR:

1. Puldıń massası, 2. Puldıń aylanıw tezligi, 3. Inflyaciya, 4. Inflyaciya dárejesi, 5. Jumıssızlar, 6. Jumıssızlıq dárejesi. 7. Miynet resursları, 8. Kásiplik awqamı, 9. Giperinflaciya.

### TALQÍLAWLAR:

a) mámlekettegi ortasha nırqtıń asıp barıwı;
b) mámlekette ortasha nırqtıń hádden tıs asıwı;
d) puldıń bir jıl dawamında qoldan-qolǵa ótiw sanı;
e) málim dáwirdegi nırqtıń ósiwiniń procenttegi muǵdarı;
f) mámlekettiń jumısqa jaramlı, belgilengen is haqı esabına islewge razı, lekin jumıs tabalmaǵan yaki jumıs izlep júrgen puqaraları;
g) mámlekettiń barlıq miynetke jaramlı xalqı;
h) jumısshılar máplerin qorǵawshı mámleketlik emes, jámiyetlik shólkem;
i) mámlekettegi jumıssızlar sanınıń, mámleket jumısshı kúshiniń ulıwma sanına salıstırǵanda procent muǵdarı;
j) mámleketımızde aylanısta bolǵan bárshe pul qárejetleri.

## D. 113-bet V bap titulındaǵı súwret boyınsha

Súwretlerdıń qaysıları baptaǵı qaysı temaǵa tiyislı ekenligin aytıń. Usı súwretler tiykarında temalardıń mazmunın sóylep beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## E. TESTLER

1. **Mámlekette puldıń aylanıw tezligi hám satılǵan tovar muǵdarı ózgermedi, pul massası bolsa kóbeydi. Buniń aqibetinde ne payda boladı ...**
   A) nırq túsedi; B) nırq ósedi;
   D) nırq ózgermeydi; E) inflyaciya dárejesi páseyedı.
2. **Inflyaciya payıtında ...**
   A) tovarlar nırqı ósedi; B) tovarlar nırqı túsedi;
   D) tovarlar nırqı ózgermeydi; E) juwaplardıń barlıǵı durıs.
3. **Giperinflyaciya payıtında ortasha nırq jılına neshe ese ósedi?**
   A) 50 ese; B) 20 ese;
   D) 30 ese; E) 10 ese.
4. **Miynet bazarında qarıydarlardan biri bul ...**
   A) jumısshı; B) menejer;
   D) mámleket; E) miynet birjasi xızmetkeri.
5. **5.Tábiyiy jumıssızlıq dárejesi — ...**
   A) mámlekette tek frikciyaliq hám quramlı jumıssızlıq bolǵan jaǵdaydaǵı jumıssızlıq dárejesi;
   B) mámlekette tek frikciyaliq hám máwsimli jumıssızlıq bolǵan jaǵdaydaǵı jumıssızlıq dárejesi;
   D) mámlekette tek dáwirli jumıssızlıq bolǵan jaǵdaydaǵı jumıssızlıq dárejesi;
   E) mámlekette tek frikciyalıq jumıssızlıq bolǵan jaǵdaydaǵı jumıssızlıq dárejesi.
6. **Nanǵa bolǵan talaptıń ósiwi ...**
   A) Awır sanaatda jumısshı kúshine talapıń asıwı;
   B) Awıl xojalıǵındaǵı jumısshı kúshine talaptıń asıwı;
   D) Awıl xojalıǵındaǵı jumısshı kúshine talaptıń kemeyiwi;
   E) Awıl xojalıǵındaǵı jumısshı kúshine bolǵan talapqa tásir etpeydi.
7. **Kim jumıssız esaplanadı?**
   A) Jumıs izlep júrgen pensioner;
   B) Zapasqa shiqqan hám jumıs izlep júrgen ásker;
   D) Jas balasına qarap atırǵan úy biykesi;
   E) Hesh jerde islemeytuǵın, banktiń procentı esabınan jasap júrgen puqara.
8. **Awıl xojalıǵında az qol miynetin talap etiwshi texnologiyalardıń qollanılıwı nege alıp keliwi múmkin?**
   A) Máwsimli jumıssızlıqtıń kemeyiwine; B) Frikciyalıq jumıssızlıqtıń kemeyiwine;
   D) Quramlı jumıssızlıqtıń kóbeyiwine; E) Dáwirli jumıssızlıqtıń kemeyiwine.
9. **Qaysı ilajlar mámlekette jumıssızlıq dárejesiniń kemeyiwine alıp keledi?**
   A) Qosımsha jumıs orınların dúziw;
   B) Jaslardı kásip-ónerge baǵdarlaw;



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

D) Jumıssızlardı jańa kásipke qayta tayarlaw;
E) Joqarıdağılardıń barlığı.

**10. Miynet bazarında satıwshılardan biri bul — ...**
A) mámleket; B) kárxana;
D) miynetke jaramlı shaxs; E) miynet birjasi.

**11. Qanday jağdayda pul qádiri kóteriledi?**
A) inflyaciya dáwirinde; B) giperinflyaciya dáwirinde;
D) pul tez aylanısta bolsa; E) tovar hám xızmetler islep shığarıw kólemi assa.

**12. Nadurıs qatardı tabıń.**
A) Aylanıstağı pul muğdarınıń ósiwi ádette nırqlardıń ósiwine alıp keledi;
B) Aylanıstağı pul muğdarınıń ósiwi ádette nırqlardıń túsiwine alıp keledi;
D) Tovar nırqı arzanlassa, puldıń qádiri túsedi;
E) Inflyaciyani jılawlaw mámlekettiń áhmiyetli wazıypası boladı.

**13. Kásiplik awqamlar kimniń máplerin qorğaydı?**
A) Mámlekettiń; B) Jumıs beriwshilerdiń;
D) Jallanba jumısshılardıń; E) Islep shığarıwshılardıń.

**14. Miynet birjasi ...**
A) jumıssızlardı jumıs penen támiyinleydi;
B) jumısshılardıń máplerin qorğaydi;
D) jumıs beriwshilerdiń máplerin qorğaydi;
E) jumıs beriwshi hám jumıs izlep júrgenler ortasında dáldalshılıq etedi.

**15. Mámlekettiń sociallıq qorğaw is-ilajlarına neler kiredi?**
A) Miynet bazarın bárqulla talqılap turıw;
B) Xalıqtı jumıs penen támiyinlew bağdarlamaların islep shığıw;
D) Jumıssızlardı dizimge alıw hám is haqı menen támiyinlew;
E) Joqarıdağılardıń barlığı.

**16. Jumıssızlıqtıń qaysı túri eldiń ekonomikasına úlken tásir kórsetedi?**
A) Frikciyalıq jumıssızlıq; B) Máwsimli jumıssızlıq;
D) Quramlı jumıssızlıq; E) Dáwirli jumıssızlıq.

**17. Puldıń aylanıs tezligi qaysı formuladan tabıladı?**
A) $V=M/P \cdot Q$; B) $V=P \cdot Q/M$;
D) $V=P \cdot Q \cdot M$; E) $V=M \cdot Q/P$.

**18. Jumıssızlıq dárejesi degen ne?**
A) Jumıssızlar sanınıń jumısshı kúshine salıstırğandağı procent muğdarı;
B) Bántler sanınıń jumısshı kúshine salıstırğandağı procent muğdarı;
D) Miynetke jaramlı xalıqtıń jumısshı kúshine salıstırğandağı procent muğdarı;
E) Jumıssızlar sanınıń bántler sanına salıstırğandağı procent muğdarı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

***Ekonomikamizdi dúnya bazarına integraciya qılıw hám eksportti qollap-quwatlaw tiykarǵı wazıypamız.***

***Shavkat Mirziyoyev***



# VI bap. Jáhán ekonomikası










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 26- TEMA XALIQARALÍQ SAWDA



**1**

| | Islep shıǵarıw qárejetleri (shártli pul birliginde) | |
|---|---|---|
| | 1 litr miywe sogi | 1 dana fotoapparat |
| 1- mámlekette | 2000 | 16000 |
| 2- mámlekette | 2000 | 20000 |

**2**

| | Fotoapparattıń alternativ qunı | |
|---|---|---|
| | Foto-apparat | Miywe sogi |
| 1- mámlekette | 1 dana | |
| 2- mámlekette | 1 dana | |

**3**

| | Miywe sogınıń alternativ qunı | |
|---|---|---|
| | Miywe sogi | Fotoapparat (danada) |
| 1-mámlekette | 1 litr | |
| 2-mámlekette | 1 litr | |

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Aytayıq, 1-shi mámlekette bir litr miywe sogin islep shıǵarıw 2000 shártli pul birligine, 2-shi mámlekette de 2000 shártli pul birligine túsedi. 1-shi mámlekette bir fotoapparat islep shıǵarıw 16000 shártli pul birligi, 2-shi mámlekette bolsa 20000 shártli pul birligine túsedi (1-kestesi).

1. Bir fotoapparat hám 1 litr miywe sogin islep shıǵarıwdıń alternativ qunın anıqlań hám kestelerdi toltırıń.
2. Alternativ qunlar haqqındaǵı bul kesteler tiykarında hár bir mámleket qaysı ónim túrın islep shıǵarıwı maqsetke muwapıqlıǵın anıqlań.
3. Bunday qánigelesiwden hár bir mámleket qanday payda kóredi?

Áyyemgi zamanlardan beri mámleketler bir-biri menen óz ara sawda-satıq qılıp kelgen. Bunı bir ǵana elimiz aymaǵınan ótken Ullı Jipek Jolı mısalında da kóriw múmkin. Dúnya bazarı haqqında aytqanda, ekonomikalıq múnásebetler menen óz ara baylanısqan mámleketler ortasındaǵı teńlik tovar-pul múnásebetler sisteması túsiniledi. Dúnya bazarı dáslep kem sanlı mámleketler menen sawda-satıq jolǵa qoyılǵan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

dáwirlerde qáliplese baslaǵan. Házirǵa kúnde bolsa dúnya bazarında qatnaspaytuǵın mámlekettiń ózi joq esap. Dúnya bazarı tásirinde mámleketler ortasında ekonomikalasıw procesleri jánede tereńlesıp ketti. Dúnya bazarı ishinde tovar, jumısshı kúshi, capital hám valyuta bazarları qáliplesti. Dúnya bazarında rawajlanǵan mámleketler jetekshi orın tutadı. Olar kóbirek tayar ónimler hám texnologiyalar menen qatnasadı. Rawajlanıp atırǵan mámleketler bolsa kóbirek shıykı zat hám jumısshı kúshi menen dúnya bazarında qatnasadı. Biraq sońǵı jıllarda Qıtay, Hindistan sıyaqlı rawajlanıp atırǵan mámleketlerdıń tayar ónim hám texnologiyaları hám jetekshı orındı iyelep barmaqta.

Bir mámlekette neft kánleri bar, ekinshisinde bolsa joq. Ekinshi mámlekette temir kánleri kóp, birinshisinde bolsa joq. Tábiyiy resurslardıń bunday natuwrı bólistiriliwi bul mámleketlerdiń bir-biri menen sawda-satıq qılıp turıwǵa iytermelep turadı.

Rossiyada toǵaylar kóp bolǵanlıqtan, aǵashsazlıq sanaatı rawajlanǵan. Ózbekstannıń tábiyiy hawa rayı shárayatı paxta jetistiriwge júdá qolay bolıp, respublikamizda paxtashılıq júdá rawajlanǵan. Paxtanı Rossiyanıń hawa rayı ıssı bolǵan qubla aymaqlarda ǵana jetistırıw múmkin. Biraq ónimdarlıq júdá kem boladı. Ózbekstanda bolsa jańa toǵaylardı skólkemlestiriw júdá qimbatqa túsedi. Demek, Ózbekstan paxta jetistiriwde, Rossiya aǵashsazlıqta absolyut ústinlikke iye. Sonıń ushın Rossiya ekonomikası aǵashsazlıqqa, Ózbekstan ekonomikası bolsa paxtashılıqqa tiykarlanǵan. Yaǵnıy hár bir mámleket salıstırmalı arzanǵa túsetuǵın ónim túrin islep shıǵaradı hám bir-biri menen olardı almastıradı. Bunday ekonomikalasıwdan hár eki mámleket hám máp kóredi hám usıǵan tiykarlana óz ara sawda-satıq qıladı. Ulıwma ústınlik tiykarında mámleketlerdıń ekonomikalasıwı jer júzindegi bar resurslardan únemli hám nátiyjeli paydalanıwǵa alıp keledi. Demek, hár bir mámleket qaysı tovardi basqa mámleketlerge qaraǵanda azlaw resurslar sarıplap islep shıǵarsa, sol tovardı islep shıǵarıwǵa qániygelesiwi lazım.

Ulıwma ústinlik kóz-qarasın Adam Smit anıq sáwlelendırıp bergen. Onıń pikirinshe mámleketler ózlerinde basqa mámleketlerdegige qarata azlaw qárejet qılıp islep shıǵarılatuǵın tovarlardı eksport qıladı, basqa mámleketlerde ózlerine salıstırǵanda azlaw qárejet qılıp islep shıǵarılatuǵın tovarlardı import qıladı.

**Absolyut ústinlik** — birdey nırq resurslarǵa iye bolǵan mámleketlerden biriniń usi resurslar járdeminde basqalarına salıstırǵanda kóp ónim islep shıǵara alıw imkaniyatına iye ekenligin.

Bazı bir jaǵdaylarda eki mámlekettiń biri qaralıp atırǵan hár eki tarawda da absolyut ústinlikke iye boladı. Tómendegi kestege itibardı qaratayıq:



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

| | Islep shıǵarıwǵa ketken jumısshı kúshiniń jumsalıwi (saatta) | |
|---|---|---|
| | 1-mámlekette | 2-mámlekette |
| Plastmassa ıdıs | 10 | 20 |
| Elektr lampochkası | 30 | 40 |

Bul boyınsha, 1-shi mámlekette bir dana elektr lampochkası hám bir dana plastmassa ıdısın islep shıǵarıw ushın 2-shi mámleketke qaraǵanda az jumıs waqtı sarplanadı, yaǵnıy 1-shi mámlekette bul tarawlarda absolyut ústinlikke iye. Biraq, 1-shi mámlekette elektr lampochkasın islep shıǵarıwdıń alternativ qunı 30 : 10 = 3 dana plastmassa ıdıstı, 2-shi mámlekette bolsa, 40 : 20 = 2 dana plastmassa ıdıstı quraydı. Demek, 2-shi mámleket elektr lampochkasın islep shıǵarıwǵa qaraǵanda 1-shi mámlekette salıstırǵanda salıstırmalı ústinlikke iye. Ekinshi tárepten, 1-shi mámlekette plastmassa ıdıs islep shıǵarıwda 2-shi mámlekette salıstırǵanda salıstırmalı ústinlikke iye. Sebebi, bir dana plastmassa ıdıstı islep shıǵarıwdıń alternativ qunı 1-shi mámlekette 10 : 30 = 1/3 elektr lampochkasın, 2-shi mámlekette bolsa, 20 : 40 = 1/2 elektr lampochkasın quraydı. Sol sebebli, eger 1-shi mámlekette plastmassa ıdıs islep shıǵarıwdı ózinde qurıp, 2-shi mámlekette satsa hám elektr lampochkasın 2-shi mámlekette satıp alsa, maqsetke muwapıq boladı. Sebebi, elektr lampochkasın islep shıǵarıwdıń alternativ qunı 1-shi mámleketten, 2-shi mámlekette qaraǵanda joqarı. Tap sonday, 2-shi mámlekette elektr lampochkasın islep shıǵarıwdı ózinde qurıp, 1-shi mámlekette satsa hám plastmassa ıdıstı 1-shi mámlekette satıp alsa, maqsetke muwapıq boladı. Demek, hár bir mámleket alternativ qunı basqa mámleketlerdegige salıstırǵanda az bolǵan tovardı islep shıǵarıp, shetke satıwı lazım. *Salıstırmalı ústinlik teoriyası* ullı anglishan ekonomist alımı David Rikardo tárepinen jaratılǵan.


David Rikardo
(1772 – 1823)

Anglishan ekonomisti David Rikardonıń belgili shıǵarması "Siyasiy ekanomika" áleminde Adam Smitten kiyingi eń tanıqlı alım sıpatında tán alınadı.

Rikardonıń ilimiy izleniwleri xalıqara bazarındaǵı sawda erkinligi máselelerine qaratılǵan. Ol házirgi zaman ekonomistleri salıstırmalı abzallıq qaǵıydaları dep ataytuǵın konsepciyanı birinshi bolıp alǵa súrdi.

Rikardo alım sıpatında xalıqara sawdanı taripler hám basqa jasalma tosıqlardan ilajı barınsha boldırmaw mámleketler ekonomikası ushın paydalı ekenin tiykarlap berdi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mámlekette islep shıǵarılǵan tovar hám xızmetlerdi sırt mámleketlerge satıw *eksport* dep ataladı. Tovar hám xızmetlerdi sırt mámleketlerden satıp alıwǵa bolsa *import* delinedi. Mámlekettiń import hám eksport qılǵan tovar hám xızmetleri qunınıń qosındısı *sırtqı sawda* kólemin anıqlaydı. Sırtqı sawda kólemi mámlekettiń xalıqaralıq sawda-satıq procesinede qanshama qatnasıp atırǵanın bildiredi. Mámlekettiń xalıqaralıq sawda-satıqta qatnasıwınıń nátiyjeliligin, import hám eksport kólemlerin salıstırıw járdeminde anıqlaw múmkin. Mámlekettiń eksport hám import kólemi arasındaǵı parq *sırtqı sawda balansın* anıqlaydı. Eger elimizdiń shetke satıp atırǵan eksport tovar hám xızmetler kólemi elimizge keltirilip atırǵan import tovar hám xızmetler kóleminen kóp bolsa, sırtqı sawda balansı oń boladı. Keri jaǵdayda bolsa, sırtqı sawda balansı teris bolıp, xalıqaralıq sawda-satıqta mashqalalar payda boladı. Sebebi, tovarlardı shetke satıwdan túsken shet el valyutası muǵdarı, shetten alıp kelinip atırǵan tovarlardı satıp alıwǵa jetpey qaladı. Nátiyjede, sırtqı sawdada valyuta qıtshılıǵı júzege keledi.

**Eksport** — mámlekette islep shıǵarılǵan hám shet mámleketlerge satılǵan tovar hám xızmetler.

**Import** — shet mámleketlerden satıp alınǵan tovar hám xızmetler.

**Sırtqı sawda kólemi** — mámleket import hám eksportin qurawshı tovar hám xızmetlerdiń ulıwma bahası.

**Sırtqı sawda balansı** — mámlekettiń eksport hám import kólemleri ortasındaǵı ózgesheligi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mámleketler ortasındaǵı sawda-satıqtıń áhmiyeti neden ibarat?
2. Absolyut hám salıstırmalı ústinlik principleriniń bir-birinen parqı nede?
3. Elimiz qanday tovarlar islep shıǵarıw boyınsha ǴMDA mámleketlerine salıstırǵanda absolyut ústinlikke iye dep oylaymız?
4. Import hám eksporttıń bir-birinen ayırmashılıǵı nede?
5. Mámlekettiń sırtqı sawda kólemi neden quralǵan?
6. Mámlekettiń sırtqı sawda balansı qashan teris, qashan oń boladı? Bulardıń qaysı biri mámleket ushın paydalı?

**Bunı este saqlań!**

- Barlıq mámleketler dúnya bazarınan paydalanıwdan mápdar.
- Dúnya bazarında mámleketlerdıń ayırımları basqalarınan ústinlikke iye boladı.
- Mámleket barqulla óz eksportıń importınan kóbirek bolıwına umtıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 27-TEMA XALIQARALÍQ EKONOMIKALÍQ QATNASÍQLAR










Xalıqaralıq biznes orayda ekonomikalıq birge islesiw boyınsha ózbek-koreys jıynalısı bolıp ótti.

Jıynalıs dawamında tárepler ekonomikalıq rawajlanıw hám birge islesiw qorınıń 2018—2020-jıllarǵa mólsherlengen kreditler boyınsha jobalardı ámelge asırıw haqqında pikir almastı. Jobalar dástúrınıń ulıwma muǵdarı 500 mln.dollarǵa teń.

Ózbekstan Respublikası hám Koreya Respublikası kishi biznes subektleri ortasında qániygeler hám texnologiyalardı óz ara almastırıwdı shólkemlestiriw, mámleket, mámleket basqarılıwı, bajı xanası hám qarjı sektorlarǵa axborot texnologiyaların engiziw boyınsha birge islesiwdegi islerin dawam etiriwge kelisip aldı.

Sonday-aq, tárepler balalar kóp tarmaqlı medicinalıq orayın jaratıw jobaların kórıp shıqtı.

Jıynalısta jáne Ózbekstanda Koreys mádeniyati hám kórkem-óner úyin shólkemlestırıw máselesın hám dodaladı.

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Koreya Respublikasına Ózbekstanda joqarı da keltirilgen joybarlardı ámelge asırıwdan qanday payda boladı dep oylaysiz?
2. Ózbekstan Respublikası bul joybarlardı qanday maqsetlerdi gózlep ámelge asırmaqta?
3. Kishi biznes subektlerdi dárejesindegi óz ara qatnasıqlardıń qanday ózine tán abzallıqları bar?
4. Joqarıda keltirilgen qatnasıqlar xalıqara óz ara paydalı ekonomikalıq qatnasıqlarga mısal bola ala ma? Juwabınızdı tiykarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

5. Joqarıdagı súwretler tiykarında Ózbekstan hám Qubla Koreya ortasındağı ekonomikalıq qatnasıqlar haqqında tekst tayarlan.

Házirgi globallasqan dunyada xalıqaralıq ekonomikalıq qatnasıqlardı jolga qoymastan rawajlanıwğa erisiwdiń ilajı joq. Jahande globallasıw dárejesi artıp barar eken, xalıqaralıq ekonomikalıq birlesiwdiń áhmiyeti de artip bara beredi. Mámleketten mámleketke tek ǵana tovarlar emes bálkim jumısshı kushi, kapital hám texnologiyalar ağıp otiwi kusheyip barmaqta. Iri kompaniyalarǵa bir mámleket aymağı tarlıq qılıp qalmaqta hám olar trans milliy korporaciyalarǵa aylanbaqta.

Xalıqaralıq ekonomikalıq birge islewdı oz waqtında hám aqılǵa muwapıq jolga qoyıp alıw hár qanday mámleket ushın eń kúshli zárúrlikke aylanıp qaldı.

Ózbekstanda da dúnyadağı eń rawajlangan mámleketler menen eki tárepleme hám kóp tárepleme ekonomikalıq qatnasıqlardı bekkemlew boyınsha úlken isler amelge asırılmaqta. Bul óz náwbetinde mámleketimizge ulken kólemdegi investiciyalar kirip keliwine,ulken zavod, fabrika hám iri imaratlar qurilısına imkaniyat jaratpaqta.

Ulıwma alǵanda, jáhán bazarları da mámlekettegi ishki bazarlar sıyaqlı hámme ushın ashıq báseki bazarı bolıwı lazım. Lekin, ókinishlisi, ámelde jáhán bazarlarında awhal basqasha. Bazı mámleketler óz ishki bazarların, óz islep shıǵarıwshıların sırt el firmaları menen bolatuǵın básekiden qorǵaw maqsetinde, sırtqı sawda-satıqqa tosıq, sheklewlerdi engizedi. Bunday sawda tosiqlarına tómendegiler kiredi:

**1. Táripler (bajıxana bajı)** — mámleket shegarasın kesip ótip atırǵanda alıp kirilip atırǵan tovar yaki xızmet ushın tóleniwi lazım bolǵan salıq tólemi. Bajıxana bajı import tovarları bahasınıń kóteriliwine alıp keledi. Mámleket taripler járdeminde jergilikli islep shıǵarıwshılardı qorǵaydı. Mámleket bajıxana bajıdan byudjetti toltırıw ushın da paydalanadı.

**2. Kvota** — mámleket ishki bazarına sırttan keltirilip atırǵan yaki onnan alıp shıǵıp ketip atırǵan tovar hám xızmetler kólemine mámleket tárepinen ornatılǵan joqarı shegara. Eger kvota qandayda bir tovar importına qoyılǵan bolsa, mámleketke onnan kóp usı tovardan alıp kiriw múmkin emes.

**3. Sırtqı sawda licenziyası hám basqa tosıqlar** — mámleketke arnawlı ruxsat — licenziyasız yaki ulıwma alıp kiriw hám alıp shıǵıp ketiw qadaǵan etiletuǵın tovar hám xızmetler dizimin engiziw sıyaqlı tosıqlar. Máselen, Ullı Britaniyaǵa kómirdi eksport qılıw múmkin emes. Sırt el valyutaların erkin almastırıwdı sheklew menen sırt el firmalarınıń ishki bazarǵa kirip keliwin shekleydi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mámleket milliy islep shıǵarıwshılardı qollap-quwatlaw, jeńilletilgen qarız hám salıq jeńillikleri berip, mámlekette islep shıǵarılǵan ónimlerdiń sırttan keltirilgen ónimlerden arzan bolıwın támiyinlewi múmkin. Mámleket tárepinen ornatılatuǵın bunday sheklewler hám is-ilájlar *protekcionizm* dep ataladı. Bunday siyasat, ekonomikanıń krizisten soń tiklenip atırǵan payıtlarında, waqtınshalıq májbúriy ilaj sıpatında qollanılıwı múmkin. Lekin, keyingi payıtlarda sırtqı sawdaǵa bir mámleket qoyǵan tosıqqa juwap retinde basqa mámleketler de qarsı ilájlardı qollaǵan jaǵdaylar tez-tez ushırasıp turıptı. Máselen, 2018-jılı AQSH polat islep shıǵarıwshı jergilikli kompaniyalardı qollap-quwatlaw maqsetinde, polat importınıń bajısın 25% belgiledi. Buǵan juwap retinde Rossiya jol qurlısı texnikası, neft-gaz úskeneleri hám artıq tola 25—40% bajı belgiledi. Sırtqı sawdanı erkinlestiriw degende oǵan qoyılǵan sheklewlerdi jeńillestirip barıp, ulıwma alıp taslaw túsiniledi. Házirgi payıtta respublikamiz sırtqı sawdanı erkinlestiriw jolınan barmaqta.

Sırtqı sawdani sheklew boyınsha mámleketler ortasındaǵı “urıslar”dan hár eki tárep te utılatuǵını ayqın. Solay eken, mámleketler jáhán bazarın birgelikte, kelisilgen halda basqarıp turıwı maqsetke muwapıq boladı. Sol maqsette, 23 mámleket tárepinen 1947-jılı GATT — sawda hám tarifler haqqındaǵı bas kelisimge qol qoyıldı.

Bul kelisimge qosılǵan mámleketler óz ara teń sharayatlarda sawda qılıwǵa, import kvotaların biykar qılıwǵa, bajılardı kemeytiwge kelisip aldı.

**Tarif (bajıxana bajı)** — mámleket shegarasın kesip ótip atırǵanda, alıp kirilip atırǵan tovar ushın tóleniwi lazım bolǵan salıq tólemi.

**Kvota** — mámleketke sırttan keltirilip atırǵan yaki sırtqa alıp shıǵıp ketirilip atırǵan tovar hám xızmetler kólemine qoyılǵan joqarı shegara.

**Sırtqı sawda licenziyası** — tovar hám xızmetlerdi mámleketke alıp kiriw yaki onnan alıp shıǵıp ketiw ushın beriletuǵın arnawlı ruxsatnama.

**Protekcionizm** — mámleket tárepinen sırtqı sawdanı sheklewge qaratılǵan is-ilajlar.

**Sırtqı sawdanı erkinlestiriw** — oǵan qoyılǵan sheklewlerdi jeńillestirip, ulıwma alıp taslaw.

Házirde bul kelisiw 130 dan artıq mámleketler tárepinen imzalandı. Endigide bul kelisiw aǵzaları WTO — dúnya júzi sawda shólkemine



9 – E. Sariqov, B. Xaydarov

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

birlesken. XX ásirde xalıqara sawda-satıqtıń rawajlanıwı bir qatar mámleketler ekonomikasın keskin ósiwine alıp keldı. Usı tiykarda Evropa mámleketleri Evropa Awqamın dúzdı. Házirde Evropa Awqamına kópshılık Evropa mámleketleri aǵza bolıp, olar ortasındaǵı barlıq sawda tosıqlar alıp taslanǵan. 2002-jıl yanvardan baslap, bul mámleketlerde ulıwmalıq pul birligi — evro aylanısqa kiritildi. Qubla-Shıǵıs Aziya mámleketler associaciyası (ACEAN) hám ekonomikalıq birge islesiw shólkemi bolıp, oǵan Indoneziya, Malaziya, Filippin, Singapur, Tailand hám Bruney mámleketleri kiredi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Mámleketler sırtqı sawdanı ne sebepten sheklewge májbúr boladı?
2. Sırtqı sawdani qanday usıllar menen sheklew múmkin?
3. Sırtqı sawdanı sheklewge qaratılǵan hár bir is-ilajdıń unamlı hám unamsız tareplerin talqılań.
4. Sırtqı sawdani sheklewden kim zıyan hám kim payda kóredi?
5. Xalıqaralıq sawda shólkemleri qanday maqsette dúziledi?
6. Qanday xalıqaralıq sawda shólkemlerin bilesiz?

**Tapsırma**

Shama menen bir túrdegi tovar bir mámlekette 1000 AQSH dollar, ekinshi mámlekette bolsa 800 AQSH dolları ózine túser bahası islep shıgarılsın.

1. Birinshi mámleket hám ekinshi mámleket ortasındagı erkin sawda-satıqtan: a)yeki mámleket puxaraları, b) bir mámleket hukimeti, d) ekinshi mámleket islep shıgarıw kompaniyaları, e) bir mámleket islep shıgarıw kompaniyalarınan qaysı biri kóbirek mapdar boladı? Nege?
2. Birinshi mámleket húkimeti bul shárayatta sizińshe qanday shara ilajlardı kóriw lazım?
3. Oylap kóreyik birinshi mámleket húkimeti ekinshi mámlekettiń hárbir tovarına 300 AQSH dollar salıq belgiledi. Birinshi mámleket bazarında qanday ózgerisler juz beriwi múmkin? Bul qarardan: a) birinshi mámleket tutınıwshıları b) birinshi mámleket húkimeti d) birinshi mámleket islep shıgarıw kompaniyaları e) ekinshi mámleket islep shıgarıw kompaniyalarınıń qaysı biri kobirek zıyan kóredi? Juwabıńızdı tiykarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 28- TEMA VALYUTA KURSÍ

| SÍRT EL MÁMLEKETLERI VALYUTALARÍNÍŃ KURSÍ 2019- jil 18- iyun | | |
|---|---|---|
| Sırt el valyutasınıń atı | Satıp alıw, sumda | Satıw, sumda |
| 1 AQSH dolları | 8500 | 8560 |
| 1 YEVRO | 9560 | 9740 |
| 1 ingliz funt sterlingi | 10740 | 10950 |
| 1 rossiya rubli | 105 | 132 |

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

Aytayıq, isbilermen Evropa mámleketleri boylap xızmet saparma atlandı. Álbette, oǵan sapar qárejetleri ushın sırt el valyutası — evro kerek boladı. Isbilermen Ózbekstan sumın evroǵa almastırıw ushın Milliy banktiń valyuta almastırıw shaqapshalarınan birine kirdi hám diywalǵa ildirilgen, joqarıda súwretlengen kestege kózi tústi.

1. Eger ol bir million sumdı: a) evroǵa; b) AQSH dollarına; d) inglis funt sterlingine almastırmaqshı bolsa, oǵan qansha sırt el valyutası beriledi?
2. Eger ól sapardan qaytıp kelip, 200 evronı sumǵa almastırmaqshı bolsa, óǵan bankte qansha sum beredi?

Hár bir mámleket ishki bazarında sawda-satıqtı ámelge asırıw ushın qatnasqa óz pul birligin — milliy valyutasın shıǵaradı. Mámleket aymaǵında milliy valyutada sawda-satıq islenedi. Ózbekstanǵa Germaniyadan ásbap-úskenelerdi satıp alıw ushın evro kerek. Germaniyaǵa Ózbekstannan paxta talshıǵın satıp alıw ushın bolsa, ózbek sumı kerek boladı. Demek, xalıqaralıq bazarda sawda-satıqtı hár túrli mámleketlerdiń valyutalarında alıp barıwǵa tuwrı keledi. Nátiyjede, bir mámleket valyutasın ekinshi mámleket valyutasına almastırıwǵa mútájlik tuwıladı.

Bir mámleket pul birliginiń basqa mámleket pul birligindegi nırqı, *valyutanıń almastırıw kursı* dep ataladı. Ózbekstanda sırt el valyutasınıń almastırıw kursı onıń bir birligin satıp alıw ushın tólew lazım bolǵan sum muǵdarına teń boladı. Máselen, Ózbekstanda 2014-jıl 17-martta AQSH dollarınıń satıp alıw kursı 2243 sumdı, evronıń kursı 3085 sumdı quraǵan. Ádette, bir mámleket valyutasınıń kursı ekinshi mámleket valyutasınıń kursı menen salıstırılıp atırǵanda bul valyutalardıń AQSH dollarına qatnası kursınan da paydalanıladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Valyuta** — mámleketlerdiń pul birlikleriniń ulıwmalasqan atı.

**Bilesiz be?**

Túrli mámleketler pul birliklerın dúnya bóyınsha tán alınǵan belgiları bar. Olardan bazıların keltiramiz:
£ — ingliz funt sterlingi; $ — AQSH dolları; € — evro;
₽ — rossiya rubli ¥ — yapon iyenasi;

**Valyutanıń almastırıw kursı** — bir mámleket valyutasınıń basqa mámlekettiń pul birliginde kórsetilgen nırqı.

**Konvertaciya** — bir mámleket valyutasın basqa mámleketler valyutasına almastırıw imkaniyatı.

Eki mámleket bir-biri menen import-eksport sawda-satıq baylanısların alıp barar eken, birinshi mámlekettiń ekinshi mámleket valyutasına, ekinshi mámlekettiń birinshi mámleket valyutasına talabi payda boladı. Bul bolsa hár bir mámleket valyutasına salıstırǵanda, tap tovarlarǵa bolǵanınday, talap hám usınıstı keltirip shıǵaradı. Mámleket valyutasınıń kursı oǵan bolǵan talap hám usınısqa qatnastan qáliplesedi. Mámleketten eksport etip atırǵan tovarlar kólemine qarap, mámleket valyutasina bolǵan talap qáliplesedi. Mámleketten kóp tovar eksport qılınsa, mámleket valyutasına bolǵan talap sonsha artadı. Mámleket valyutasınıń usınısı bolsa sol mámlekettiń basqa mámleketten satıp almaqshı bolǵan import tovarlarınıń kóleminen kelip shıǵıp qáliplesedi. Mámleket ushın qansha kóp import tovarları kerek bolsa, mámleket valutasınıń usınısı hám sonsha kóp boladı.

**Bilesiz be?**

Ózbekstan Respublikasında shet el valyutalarınıń sumǵa qarata kursın Ózbekstan Respublikası Oraylıq bankı belgılep beredı. Isbilermenlik bankı bolda Oraylıq bank belgılegen kurstan kelıp shıǵıp fizikalıq yakı yurıdıkalıq shaxslardan valutanı satıp alıw hám satıw kursın belgileydı. Sonıń ushın hám túrli isbilermen banklerdegı valyutanı satıp alıw yakı satıw kursları parıqlanıwı múmkin. Máselen, 2019-jıl 18-iyun kúni Turonbank 1 AQSh dolların 8530 sumdan satıp alıp, 8570 sumdan satsa, Mikrokreditbank 8480 sumdan satıp alıp, 8530 sumdan satqan.

Valyuta kursınıń ózgeriwine, ádette, oǵan bolǵan talap hám usınıstıń ózgeriwi sebep boladı. Eger, Rossiyanıń Ózbekstan tovarlarına bolǵan talabı Ózbekstannıń Rossiya tovarlarına bolǵan talabınan kemeyse, Rossiya rubliniń Ózbekstan sumına salıstırǵanda kursı kóteriledi. Yaǵnıy,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bir rubl aldın 100 sum turǵan bolsa, endi 102 sum boladı. Kerisinshe bolsa, rubldiń kursı túsedi. Arasında, mámleket sırtqı sawdanı tártipke salıw, mámlekettiń ishki bazarın qorǵaw maqsetinde, valyuta kursların rásmiy túrde kóteriwi yaki kemeyttiriwi de múmkin. Buǵan aylanıstaǵı milliy valyutanı kóbirek shıǵarıw yaki kemeytiw arqalı da erisiw múmkin. Máselen, aylanısqa kóp muǵdarda milliy valyuta shıǵarılsa, onıń sırt el valyutasına salıstırǵandaǵı kólemi kóbeyip, milliy valyuta kursı túsedi. Sırt el valyutasınıń kursı bolsa kóteriledi. Arasında mámleket milliy valyutası kursın kóteriw maqsetinde, oraylıq bank qorındaǵı sırt el valyutasınan kóp muǵdarda ishki bazarǵa shıǵaradı. Bul jaǵdayda, bazarda bir birlik milliy valyutaǵa sáykes kelgen sirt el valyutasınıń muǵdarı asadı, yaǵnıy sırt el valyutasınıń kursı túsedi. Demek, tap tovarlar sıyaqlı bazarda sırt el valyutası kóbeyse, onıń nırqı — yaǵnıy kursı túser eken. Mámleket milliy valyutasınıń kursı mámleket ekonomikasınıń aynası esaplanadı. Onıń bir tegis, áste-aqırın ózgeriwi mámleket ekonomikasınıń jedel rawajlanıp atırǵanınan derek beredi.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Valyuta bazarına ne sebepten talap tuwıladı?
2. Valyutanıń almastırıw kursı ne hám ol qanday faktorlar tásirinde qáliplesedi?
3. Milliy valyutanıń kursı asatuǵın hám kemeyetuǵın jaǵdaylarǵa eki mısaldan keltiriń.
4. Milliy valyutanıń almastırıw kursın mámleket qanday jollar menen basqarıwı múmkin?
5. Milliy valyutanıń almastırıw kursına mámlekettegi inflyaciya qanday tásir kórsetedi?
6. Sırt el valyutası kursınıń ózgeriwi import hám eksport kólemine qanday tásir etedi?
7. Tómendegi berilgen faktorlar tásirinde milliy valyutamızdıń kursı qalay ózgeredi?
   a) Ózbekstanda turizm rawajlanıp ketti;
   b) aylıqlar kóbeytildi;
   d) sırt el valyutasındaǵı amanatlar ushın beriletuǵın bank procent stavkaları asırıldı;
   e) isbilermenlerge jeńilletilgen kreditler beriw kólemi astı;
   f) sırt ellerde islep atırǵan ózbek qánigeleriniń sanı astı.
8. Eger AQSH dollarınıń sumǵa qaraǵanda kursı ósse, mámleketimiz ushın eksport qılıw jaqsıma yamasa import qılıw jaqsı ma? Juwabıńızdı tiykarlań.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

9. Kóz aldımızǵa keltireyik, keshe Amerika banki 14 mln. evronı 16 mln. dollarǵa, búgin bolsa 20 mln. dollardı 18 mln. evroǵa almastırdı. Bunıń nátijeside, dollardıń evroga qaraǵanda kursı búgingi keshegisine qaraǵanda asadıma yamasa kemeydimi? Qanshaǵa deyin?
10. Kriptovalyuta degenimiz ne? Bitkoin-she?

**Bilesiz be?**



Sońǵı jıllarda bitkoin ataması tez-tez qulaqqa shalınatuǵın bolıp qaldı. Bitkoinnıń kursı, yaǵnıy hár qıylı valyutalardaǵı (áserese, AQSH dollarındaǵı) kursınıń sońǵı jıllardaǵı ózgeriwin pútin dúnya kórip túrde desekte, qáte bolmaydı. Bitkoin — bul kriptovaluta dep atalıwshı ózina tán valyutanıń bir túri. Endi, kriptovalyuta ózi ne? Bul ápiwayı etip aytqanda, nomreli pul. Óz áhmiyetine kóre kriptovalyuta Internet arqalı túrli kompyuterlerge arnawlı usıl hám qaǵıydalar tiykarında bólistirilgen maǵlıwmatlar blogi (toplami) esaplanadı.

Kriptovalyutanıń dúnyanıń basqa valyutaları menen tiykarǵı uqsasligin onıń islew iskerliginde esaplanadı. Ol arqalı satıp alıw, satıw, saqlaw hám ótkeriw múmkin. Tek ǵana internet tarmaǵı arqalı.

Kriptovalyutani qániygeler jaqında ǵana — bir neshe jıl aldın aylap tapqan hám ol ele turmısımızda óziniń anıq ornın iyelep alǵan joq.

Házirgi waqıtta dúnyada kriptovalyutanıń júzlegen túrleri bar bolıp, olardan eń dáslepkisi hám eń tanıqlısı bitkoin esaplanadı. Bitkoin 2009-jılda oylap tabılıwına qaramastan, ótken on jıl ishinde óz qunın bir neshe márte asırıwǵa hám túsiriwge úlgerdı. Yaǵnıy onıń terbeliwsheńlik qásiyeti júdá hám joqarı.

Bitkoindan tısqarı jáne tómendegi kriptovalyutalar atların keltirsek boladi: Efirium, Ripl, Yota, Laytkoin, Neo, Nem, Dash hám basqalar.

**Bunı este saqlań!**

- Xalıqaralıq sawda bir mámleket pul birligin ekinshi mámleket pul birligine almastırıwdı talap etedi.
- Valyuta kursınıń ózgeriwi xalıqaralıq sawdaǵa hám mámleketler ekonomikasına kúshli tásir kórsetedi.
- Kriptovalyuta bul — nomerli texnologiyalarǵa tiykarlanǵan pul bolıp, ol internet tarmaǵı arqalı aylanısqa kiritiledi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 29- TEMA JÁHÁN EKONOMIKASÍNÍŃ MASHQALALARÍ









## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Jáne qanday dúnya ekonomikasınıń mashqalaların bilesiz?
2. Bul mashqalalardıń kelip shıǵıw sebeplerin anıqlań?
3. Bul mashqalalardıń mámleketimiz ekonomikasına, pútkil dúnya ekonomikasına qanday tásiri bar?

Sonday ekonomikalıq mashqalalar bar, olar hámme mámleketlerge tiyisli. Jer júzinde tınıshlıqtı saqlaw adamzat aldında turǵan eń áhmiyetli mashqalalardıń biri. Bir qaraǵanda siyasiy máseledey bolıp kóringen bul mashqala tikkeley ekonomika menen de baylanıslı. Hár qanday urıs ekonomikalıq rawajlanıwın bolsa onlap jıllar arqaǵa taslaydı. Házir, Jer júzinde hár kúni milliardlap dollar qarjı áskeriy maqsetler ushın sarplanbaqta. Tap usı kúnlerde bolsa dúnyanıń túrli múyeshlerinde hár segiz adamnan biri ash-jalańash kún keshirmekte. Adamzat insapqa kelip, áskeriy qárejetlerdi tınıshlıq jolına isletse, bunnan hámme mápdar bolıwı múmkinligine hesh kim gúmanlanbasa kerek. Lekin, mashqalanıń sheshimi bunshelli ańsat emes. Bul máselede áskeriy qárejetlerge júdá



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kem qarjı sarplap, ekonomikalıq rawajlanıwda aldıńǵı orınlarǵa shıǵıp alǵan Yaponiya, Shvetciya, Norvegiya sıyaqlı mámleketler jolınan barıw jalǵız sheshim esaplanadı.

Alımlardıń pikirinshe, insanıyattıń ekonomikalıq xızmetleri nátiyjesinde qorshaǵan ortalıqtıń hádden tis pataslanıwı, hár qanday urıstan da jamanıraq aqıbetke alıp keliwi múmkin. Hawa hám suwdıń pataslanıwı, topıraq quramınıń ózgeriwi nátiyjesinde úlken jer maydanlarınıń paydalanıwǵa jaramsızlanıp barıwı, aqır-aqıbetinde insannıń tirishiligin de qáwip astına qoyıwı múmkin. Tábiyat, onıń tek 1 procent bólegine insan tárepinen zıyan jetkizilgende ǵana ózin-ózi emlep, tikley alıwı múmkin. Lekin, házirden-aq insan tábiyatqa 10 márte kóp azar bermekte.

Átirap-ortalıqtı qorǵaw boyınsha eń iri xalıqaralıq huqıqıy hújjet bul — Birlesken Milletler Shólkemi baslaması menen qabıl qılınǵan klimiti ózgeriwine qarsı Parij kelisiwi. Kelisiw 2015-jılda dúzilgen bolıp, onı 175 mámleket imzalaǵan. Kelisiwdiń tiykarǵa maqseti bul — global klimittı isitiwi industriyalastırıwına shekem bolǵan dáwirdegige qarata 1,5—2 C shegarasinda uslap turıw. Sebebi, alımlardıń pikirinshe, klimit onnan kóbirek kóteriliwi planetamızdıń ekologiyası ushın qaytarılmas zıyanǵa alıp keler eken.

Jer júzinde tábiyiy resurslar muǵdarı sheklengen, olar oǵada tegis emes bólistirilgenligi belgili. Nátiyjede, million jıllar dawamında toplanǵan jer astı baylıqları insanıyattıń XX—XXI ásirdegi 200 jıllıq ekonomikalıq xızmeti sebepli tawsiliwi múmkin. Tiykarǵı energiya derekleri bolıp esaplanǵan neft, gaz hám kómir qorları XXI ásirde-aq tawsılıwı shamalanbaqta. Eger XXI ásirde basqa energiya derekleri ashılmasa, insanıyat awır ekonomikalıq qıtshılıqqa dus keliwi múmkin.

Rawajlanǵan mámleketler sıyaqlı mámleketimizde hám turaqlı energiya dereklerinen paydalanıw boyınsha aktiv ámeliy jumıslar hám ilimiy tekseriwler alıp barılıp atırǵannıń sebebi hám mine usi esaplanadı. Tiykarınan, quyash, samal energiyalarınan paydalanatuǵın elektrostanciyalar qurılısları alıp barılıp atırǵanlıǵı, atom elektrostanciyası qurılısınıń tırnaǵı qoyılǵanlıǵı keleshekte turaqlı energiyanıń áhmiyetin asırıw itibarǵa alınıp atırǵannan derek beredi.

Dúnya boyınsha hár jılı jaratılıp atırǵan ekonomikalıq baylıq, materiallıq baylıqlardıń 85 procenti Jer júzi xalqınıń 17 procenti jasap atırǵan 25 mámleket xalqı tárepinen paydalanılmaqta. Mámleketlerdiń ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi ortasındaǵı parq kún sayın úlkeyip barmaqta. Bay mámleketler jáne bayıp, kámbaǵal mámleketler bolsa



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

hádden tıs kámbaǵallasıp barmaqta. Bul jaǵday jáhán ekonomikasınıń globallasıwı natiyjesinde jánede artıp barmaqta. Dúnya júdá bay hám kámbaǵal mámleketlerden quralǵan eki polyasqa ayırılıp barmaqta. Bul óz náwbetinde, keleshekte dúnya kólemindegi sociallıq kelispewshilikti, siyasiy hám ekonomikalıq qıtshılıqtı keltirip shıǵarıwı múmkin.

Azıq-awqat jetıspewshilik mashqalası házirge shekem dúnyada eń qıyın mashqala bolıp qalmaqta. Tilekke qarsı, asharshılıq — bul keshegi kún emes, búgingi kúnniń dawami esaplanadı. Biziń kúnlerimizde hám Afrikada, Aziya hám Latin Amerikasınıń ayırım aymaqlarında adamlardıń asharshılıqtan ólip ketiw halatlari dizimge alınıp barmaqta. Búgingi kúnde 1 milliardqa jaqın adam toyıp awqat jew imkaniyatına iye emes. Dúnya júzlik den sawlıqtı saqlaw shólkeminiń maǵlıwmatına kóre, balalar óliminiń 54% ne toyıp awqatlanbaw sebep esaplanadı. Asharshilıqtıń tiykarǵı sebebi qárejet jetispewshiligi. Biraq bul birden bir sebep emes. Sonday-aq, medicinalıq sharayatlar, qurǵaqshılıq, qum basıwı, áskeriy mashqalalar hám asharshılıqtı keltirip shıǵaradı.

Joqarıda sanalǵan dúnya júzindegi ekonomikalıq mashqalalardı barlıq mámleketler birlesip, dúnya júzlik ekonomikasın aqılǵa muwapıq say basqarǵan táǵdirde sheshiw múmkin.

**Bilesiz be?**

Inglis ruwxanıyı Robert Maltus óziniń jáhán ekonomikasınıń rawajlanıwı haqqındaǵı qara boljawları menen dúnyaǵa tanılǵan. Onıń pikirinshe, Jer júzi xalqınıń geometriyalıq, azıq-awqat jetistiriwi bolsa arifmetikalıq progressiya tárizinde ósedi. Geometriyalıq progressiya arifmetikalıq progressiyaǵa qaraǵanda, bir qansha tez óskenligi ushın, adamzat ne islemesin, báribir ashlıq bálesine giripdar boladı. Bul pikirden kelip shıǵıp, Maltus dúnya boyınsha ólim dárejesiniń kóteriliwine alıp keletuǵın faktorlardı, urıs hám epidemiyalardı insannıń keleshegin támiyinlewshi unamlı faktorlar dep bahalaǵan.

Asharshılıq mashqalası, álbette, xalıq dáramatları pásligi, yaǵnıy jetispewshilik mashqalası menen tuwrıdan-tuwrı baylanıslı. Búgingi kúnde dúnyada 1,2 milliardtan artıq adam bir kúnde 1 AQSH dollarıdan kem pulǵa turmıs keshiredi. Mine usı kórsetkish boyınsha BMSH maǵlıwmatına kóre, kámbaǵallıq eń joqarı bolǵan mámleketler — bul Madagaskar, Sierra-Leone, Mozambik, Oraylıq Afrika Respublikası hám Zambiya sıyaqlı Afrika mámleketlerı esaplanadı. Biraq mámleketlerdiń



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

kámbaǵallıq dárejesin esapqa alıw boyınsha milliy baǵdarlar hám bar, bul baǵdarlarǵa kóre, eń rawajlanǵan mámleketlerde hám kámbaǵallıq mashqalası barday seziledı. Máselen, AQSH jaqın jıllarǵa shekem 46 milliondan artıq xalıqı kámbaǵal dep esaplanǵan. Bul bolsa xalıqtıń 15 % den artıq bólimin quraydı. Biraq AQSHtıń xalqın esapqa alıw byurosı tórt adamnan artıq shańaraqtıń jıllıq dáramattı 22314 AQSH dollarıdan kem bolsa, bunday shańaraqtı kámbaǵal shańaraq dep esaplaydı.

Bul kámbaǵallıq dárejesin belgilewshi kórsetkishler ortashalıǵın kórsetti. Yaǵnıy ayırım rawajlanǵan mámleketlerde kámbaǵal esaplanǵan xalıq qatlamı, rawajlanıp atırǵan mámleketler xalıqnıń bay dep esaplap atırǵan qatlamlarıdan kóre kóbirek dáramat esabına kún keshiredi. Bul dúnyanıń jáne bir global mashqalası — dáramatlardıń tuwrı emes bólistiriw mashqalası menen baylanıslı.

Dúnya júzi ekonomikası bazar ekonomikasınıń sharayatında túrli tosqınlıqlarǵa duslasıp turadı. Bul halat bazar ekonomikasınıń bul hár qıylı illetlerdiń aldın alıwǵa jaramsizlıǵınnan kelıp shıǵadı. Bazar ekonomikasınıń bul nuqsanı aqıbetinde waqtı-waqtı menen túrli mámleketlerde hár qıylı krizisler bolıp dúnya kólemine kóshse, jáhán búlginshiligi júz beredı. Jáhán búlginshiligine 2008-jılda baslanǵan finanslıq-ekonomikalıq krizistı mısal etıp keltiriw múmkin. Bul haqqında biz keyingi temada ayrıqsha toqtaymız.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Jer júzinde tınıshlıqtı saqlawdın áhmiyeti haqqında sózlep beriń.
2. Ekonomika hám ekologiya arasındaǵı qarama-qarsılıq qalay kelip shıqqan?
3. Azıq-awqat qıtshılıǵı mashqalasın qalay sheshiw múmkin?
5. Energiya qıtshılıǵı mashqalasın qalay sheshiw múmkin?
6. Ekonomikanıń túrli mámleketlerdegi rawajlanıwınıń natuwrılıǵı qanday aqıbetlerge alıp keliwi múmkin?
7. Jáhán ekonomikasınıń globallasıwı hám onıń mashqalaları haqqında ne bilesiz?

**Bunı este saqlań!**

- Jáhán ekonomikasınıń barǵan sayın rawajlanıp barıwı insanıyat aldına kópǵana mashqalalardı qoymaqta.
- Bul mashqalalardı dúnya jámiyetshiligi birlesip sheshpese, keleshekte insanıyat awır ekonomikalıq jetispewshilikke tuwra keliwi múmkin.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 30- TEMA JÁHÁN FINANSLÍQ - EKONOMIKALÍQ KRIZISI

2004—2007-jıllarda dúnya júzi sawdasınıń ósiwi ortasha tezliklerde 8,47 % ke teń bolǵan edi. 2008-jılda bul tezlik 2,95 %ti quradı. 2009-jılda bolsa dúnya júzi sawdası birden 11,89 % ke paseydi. 2009-jılı dúnya júzi jalpı ishki ónimdi hám ekinshi jáhán urısıdan keyingi jıllarda birinshi márte 2,3 % ke páseydı. 2009-jıl fevralda inflyaciya dárejesi rekord kórsetkishke jetti. Bunıń aqıbetinde valyutalarǵa isenim joǵaldı hám neft, altın sıyaqlı tovarlar nırqı keskin kóterilip kettı.

## JEDELLESTIRIWSHI SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

1. Siziń pikirińizshe, jáhán sawdasınıń keskin kemeyiwi menen jáhán JIÓ niń páseyiwi ortasında qanday baylanıs bar?
2. Sol 2009-jılda dúnya júzlık JIÓ kemeygen, Ózbekstanda bolsa JIÓniń 8% ke asqanlıǵı daǵazalandı. Dúnya júzi ekonomikası menen Ózbekstan ekonomikası ortasında bul dárejede keskin parıq bolıwınıń sebebi nede dep oylaysız?
3. Dúnya júzi sawdasınıń páseyiwi hár bir ayrıqsha alınǵan mámleket ishki bazarina qanday tásir qılıwı múmkin? Bul jaǵday mámleket ekonomikası ushın qanday mashqalalar keltirip shıǵarıwı múmkin? Sorawlarǵa juwap izlep atırǵanıńızda bázı bir mámleketlerdiń ishki bazari global bazarǵa — jáhán bazarına baylanısqanlıǵın itibarǵa alıń.
4. Jáhán JIÓ keskin páseyiwi neden derek beredi? Bul páseyiw ayrıqsha alınǵan mámleketler JIÓ kóleminde qanday sáwlelenedi?
5. Neft, altın sıyaqlı tovarlardıń nırqı asıwı menen jáhán bazarındaǵı páseyiw jaǵdayı ortasında qanday baylanıs bolıwı múmkin?

Jáhán finansliq-ekonomikalıq krizisi AQSH ipotekalıq kreditlew sistemasında 2008-jılı kelip shıqqan qıtshılıqtan baslandı. AQSH bankleriniń bir neshe jıllar dawamında pul menen támiyinlenbegen ipoteka kreditlerin beriwi aqıbetinde kreditke berilgen pullar bankke qaytıp kelmegen. Natiyjede, bul banklerdiń tólew qábiliyeti tómenlep, bankrot dárejesine kelip qaldı. Óndirislik kárxanaları bankten kredit almaǵanlıǵı sebepli, óz islep shıǵarıw kólemlerin kemeytiwge májbur boldi. Bul óz náwbetinde, jumıssızlardıń sanı kóbeyiwine alıp keldi. Bunday qıtshılıq mámleket kólemine kóterildi hám AQSH ekonomikası menen úzliksiz



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

baylanıslı bolǵan dúnyanıń bir qatar mámeleketlerinde óz tásirin kórsetti. Aqır-áqibetinde, jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisi júzege keldi.

2008-jılda baslanǵan jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizis kólemi boyınsha tek 1930-jıllarda júz bergen Ullı depressiya menen ǵana salıstırıw múmkin. Bul retki jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisi 2013-jılǵa shekem dawam ettı hám tariyxtaǵı eń dawamlı krezis boldı. Bul krezis hár bir ayrıqsha alınǵan mámleket ekonomikası hám dúnya júzlik ekonomikası ushın júdá ayanıshlı aqıbetlerge alıp keledı.

**Tariyxqa názer**

Bazar ekonomikasınıń eki júz jıldan aslamıraq tariyxı dawamında, XIX ásirde-aq kóplegen rawajlanǵan mámleketler ekonomikalıq kriziske dus kelgen. Bunday jaǵdaylarda tek ǵana bir neshe ayrıqsha alınǵan tovarlar bazarlarında emes, al pútkil mámleket kóleminde ekonomikalıq iskerliktiń paseyiwi baqlanǵan. Mısal ushın, XX ásirdiń 30-jıllarında AQSH ta «Ullı dipressiya» dep atalǵan ekonomikalıq krizis dawirinde JMÓ kólemi 31% ke túsken, tovarlar nırqları 40% ke asqan, jumıssızlıq dárejesi 8 márte asip, miynetke jaramlı xalıqtıń 25% in qamtıp alǵan. Bul krizisten AQSH XX ásirdiń 40-jıllarında ekinshi jáhán urısı waqtında awqamlas mámleketlerge qural-jaraq jetkerip beriw arqalı shıǵıp ketti.

Jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisi nátiyjesinde 2008—2009-jıllarda AQSH, Kanada, Evropa Awqamı, Yaponiya, Ukraina hám basqa bir qatar mámleketlerde oǵada ashınarlı jaǵday júzege keldi. Bul mámleketlerde kóplep kompaniyalar, kárxanalar hám firmalar bankrot boldı. 2008-jıl nátiyjesine kóre, AQSH JIÓ kólemi 3,8% ke páseydi, jumıssızlıq sanı bolsa 2,2 mln. adamnan asıp ketti. Yaponiyada bolsa JIO kólemi 3,1 % ke páseydi, jumıssızlıq dárejesi bolsa 4,4 % ke jetken. Evropa awqamına aǵza bolǵan mámleketlerde sanaat islep shıǵarıw 12% ke túsip ketti.

Ózbekstan ekonomikasınıń jáhán global ekonomikasına jeterli dárejede integraciyalaspaǵanlıǵı hám bunda úlken áhmiyetke iye boldı. Yaǵnıy mámleket ekonomikası sol dáwirde bir qatar “jabıq” ekonomikalar qatarına kiretuǵın edi. Mámleketimizde shet el investiciyaları kólemi júdá hám kishi, Ózbekstan jáhán finans bazarında jeterlı iskerlik júritpeytuǵın, valyutanıń erkin konvertaciyası jolǵa qoyılmaǵan, milliy valyutamiz xalıqara valyuta bazarında belsendi qatnasıwshılar qatarında emes edı. Bulardıń hámmesi mámleketimiz ekonomikasınıń global bazarındaǵı finanslıq-ekonomikalıq krezisinen bir qansha shette qalıwınıń sebeplerı boldı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Álbette, jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisiniń tásiri Ózbekstandı da shetlep ótpedi, sebebi, respublikamız xalıqaralıq birge islesiwdiń hám jáhán finanslıq-ekonomikalıq bazarınıń ajıralmas quramlı bólegi esaplanadı.

Jáhán bazarında talaptıń paseyip barıwı aqıbetinde Ózbekstan eksport qılatuģın qımbat bahali hám reńli metallar, paxta, uran, neft ónimleri, mineral tóginler hám basqa ónimlerdiń nırqı túsip ketti. Bul bolsa óz nawbetinde, kárxanalar paydasınıń kemeyiwine alıp keldi. Islep shıǵarıw páseyiwine, aqır-aqıbetinde, makroekonomikalıq kórsetkishlerimizdiń ósiwine unamsız tásir kórsete basladı.

Mámleketimizde sońǵı jıllarda keń kólemli ekonomikalıq tarawlar ámelge asırılıwı nátiyjesinde ekonomikamız jáhán ekonomikasına belsene ráwishte integraciya qılına basladı. Elimizde túrli mámleketlerden iri kompaniyalar óz kapitalı menen kırıp kele basladı. Shet el investiciyaların ózine tartıwı nátiyjesinde mámleketimiz ekonomikası jekkeleniw, ayrıqshalanıw ataǵın joǵaltpaqta. Elimizde islep shıǵarılıp atırǵan ónimler barǵan sayın jáhán bazarında tutınıwshı bolıp, Ózbekstan brendi dúnya mámleketlerine tanılıp barmaqta. Xalıqara finans bazarında hım keyıngi jıllarda Ózbekstan sezilerli pitimlerdi ámelge asırmaqta. Zamangóy texnologiyalar menen úskenelengen, axborat-kommunikaciya texnologiyaların óz iskerliginde keń kólemde jariyalap atırǵan milliy bazar infrastukturalar xalıqaralıq bazar infrastukturalar menen úylesip barmaqta.

Aytılǵanlardıń hámmesi, álbette, Ózbekstan ekonomikasınıń jedellik penen rawajlanıwı ushın zamin bolıp xızmet qıladı. Biraq sonıń menen bir qatarda milliy ekonomikamızdın globol ekonomika menen úzliksiz hám baylanıslılıǵı keleshekte jáhán ekonomikasında hár túrli krezisler júz beretuǵın bolsa, bunıń mámleketimiz ekonomikasına ayrıqsha tásir etiw qáwpin keskin asıradı. Sonıń ushın hám jańa sharayat respublikamız ekonomikası aldına júz beriwi múmkin bolǵan krizisler paytında qorǵawǵa tayar bolıw talabın qoyıp atır.

Elimizde ekonomika tarawında alıp barılıp atırǵan qatar sistemalı jumıslardıń maznun-mánisi hám sonnan ibarat. Yaǵnıy, mámleketimiz ekonomikasınıń jáhán bazarındaǵı básekilesiwin, onıń terbelisleri hám krezislerine shıdamlılıǵın asırıw sońǵı jıllardaǵı keskin ekonomikalıq tarawlardıń maqsetlerinen biri.

Sońǵı jıllarda ámelge asırılıp atırǵan reformalar nátiyjesinde tómendegı qásiyetlerge iye bolǵan milliy ekonomikamız jaratılmaqta:

— Innovaciyalardı tártiplestırıwshı hám olardı usınıs etıwshı;
— Xalıqara miynet bólistiriwinde óz ornına iye.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bunda ekonomikanıń tómendegı ústinliklerine tayarlanadı:
- jeke múlktiń qorǵalıwı;
- isbilermenliktiń joqarı dárejede júritiliwine tiykarlar bar;
- joqarı dárejedegi báseke ortalıǵınıń payda bolıwı;
- ekonomikalasıw hám kólem ónimdarlıǵınan paydalanıw;
- Finans resurslariniń jeterliligi.

Joqarı dárejede rawajlanǵan ekonomikanı shólkemlestırıw ushın mámleketimizde tómendegi sistemalı reformalar ámelge asırılmaqta:
- pul aylanısı hám valyuta qatnasıqların jaqsılaw;
- salıq reformaları;
- bank reformaları;
- sırtqı sawdanı jaqsılaw;
- hákimshilik reformalar.

## BILIMIŃIZDI SÍNAP KÓRIŃ!

1. Jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisiniń payda bolıwınıń sebepleri nede?
2. Ne sebepten usı krizis dúnya boyınsha global mashqalaǵa aylandı?
3. Jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisiniń unamsız tárepleri sanap beriń.
4. Jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisiniń jurtımız ekonomikasına tásiri qanday?
5. Mámleketimizde krizistiń aldın alıw hám saplastırıw ushın qanday is-ilájlar islep shıǵılıp atır?
6. Mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan ekonomikalıq reformalardı ámelge asırǵanda júz beriwı múmkin bolǵan global fınanslıq-ekonomikalıq krezislerden qorǵalıw máselesı qalay sheshılmekte?

### Bunı este saqlań!

- Bazar ekonomikası sharayatında mámleketler ekonomikasında waqtı-waqtı menen krızis juzege kelip turadı.
- Bunday teńlik kólemi keńeyiwi hám basqa mámleketlerge tarqalıwı dúnya júzi fınanslıq-ekonomikalıq krezisine alıp kelıwı múmkin.
- Ózbekstan ekonomikasın fınanslıq-ekonomikalıq krizislerden qorǵaw sońǵı jıllarda ámelge asırıp atırǵan ekonomikalıq reformalar tiykarında itibarǵa alınıwı lazım bolǵan eń tiykarǵı máselellerden biri.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# VI BAPTÍ TÁKIRARLAW USHÍN SORAW HÁM TAPSÍRMALAR

## A. SORAWLAR

1. Respublikamızdıń eksport hám import múmkinshiligi haqqında ne bilesiz?
2. Xalıqaralıq sawdaǵa qanday kózqaraslar bar?
3. Sırtqı sawdanı sheklew usılları hám olardıń aqıbetlerin túsindirip beriń.
4. Xalıqaralıq sawda shólkemleriniń wazıypaları neden ibarat?
5. Valyuta bazarınıń mánisin túsindiriń.
6. Valyuta almastırıw kursınıń ózgeriwine ne sebep bolıwı múmkin?
7. Jáhán ekonomikası mashqalalarınıń qanday jaǵımsız aqıbetleri bar?
8. Qalay etip jáhán ekonomikası mashqalalarınıń aldın alıw múmkin?
9. Jáhán finanslıq-ekonomikalıq krizisine neler sebeb boldı?

## B. TAPSÍRMALAR

Hár bir atamaǵa mas talqılawdı tabıń.

**ATAMALAR:**

1. Sırtqı sawda kólemi.
2. Tarif (bajıxana bajı).
3. Eksport.
4. Import.
5. Kvota.
6. Valyuta kursı.

**TALQÍLAWLAR:**

a) sırt ellerden satıp alınǵan tovar hám xızmetler;
b) mámleket shegarasınan ótip atırǵanda alıp kiyatırǵan tovar ushın tólew lazım bolǵan salıq tólemi;
d) mámleketke shetten alıp kelingen yaki sırtqa alıp shıǵılǵan tovar hám xızmetler kólemine ornatılǵan joqarı shegara;
f) mámlekettiń import hám eksportın shólkemlestiriwshi tovar hám xızmetlerdiń ulıwma qunı;
g) bir mámleket valyutası basqa mámleket valyutasındaǵı baha;
h) mámlekette islep shıǵarılǵan hám sırt el mámleketlerine satılǵan tovar hám xızmetler.

## D. 133- bet V bap titulındaǵı súwret boyınsha

Súwretlerdıń qaysıları baptaǵı qaysı temaǵa tiyislı ekenligin aytıń. Usı súwretler tiykarında temalardıń mazmunın sóylep beriń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## E. TESTLER

**1. Import bajı ósse, ...**
A) mámleket byudjetiniń dáramatın kemeyedi;
B) jergilikli tovarlar sapasın asıradı;
D) import kólemin asıradı;
E) import kólemin kemeyedi.

**2. Import kvotası ...**
A) tovarlar eksportın asıradı;
B) tovarlar importın asıradı;
D) import kólemine qoyılǵan joqarı shegara;
E) import kólemine qoyılǵan tómengi shegara.

**3. Mámlekettiń import kólemi 350 million dollardı, eksport kólemi bolsa 400 million dollardı quradı. Bul jaǵdayda ...**
A) sırtqı sawda balansı teris;
B) sırt el valyutasi kemeyedi;
D) sırtqı sawda balansı oń;
E) sırtqı qarız kóbeyedi.

**4. Sırtqı sawdaǵa qoyılǵan tosqınlıqtan kim kóbirek zıyan kóredi?**
A) Mámleket;
B) Jergilikli islep shıǵarıwshılar;
D) Sırt el islep shıǵarıwshıları;
E) Sırt el islep shıǵarıwshılar.

**5. Mámlekettiń qaysı is-ilajları sırtqı sawdanı sheklewge qaratılmaǵan?**
A) Import bajınıń ornatılıwı;
B) Import kvotasınıń belgileniwi;
D) Sırtqı sawda licenziyalarınıń engiziliwi;
E) Mámleket ishinde islep shıǵarıwdı xoshemetlew.

**6. Qaysı jaǵdayda milliy valyutamiz kursı asadı?**
A) Aylıqlar kóbeyse;
B) Sırt elge sayaxat qılıwshılar sanı ósse;
D) Sırt elde isleytuǵın watanlaslarımız sanı assa;
E) Isbilermenlerge jeńilletilgen kreditler beriw kóbeyse.

**7. Sırtqı sawda kólemin ne menen anıqlaydı?**
A) Import;
B) Eksport;
D) Import hám eksport jıyındısı;
E) Import hám eksport parqı.

**8. Tómendegilerdiń qaysı biri ekonomikalıq birge islesiw shólkemi bolıp esaplanadı?**
A) Evropa Awqamı;
B) WTO;
D) ACEAN;
E) Hámmesi tuwrı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# 9-KLASSQA ÓTILGEN TÁKRARLAW USHÍN TEST TAPSÍRMALAR

**1. Isbilermenlik .... xızmeti.**
A) bazar ekonomikasına sáykes;
B) aralas ekonomika sharayatında bola almaytuǵın;
D) isbilermenlik ushın zárúr biraq mámleket ushın áhmiyetli bolmaǵan;
E) islep shıǵarıwshıǵa sáykes bolǵan.

**2. Isbilermenlik ... baslanǵan.**
A) esap kitaptan;
B) biznes dárejeden;
D) biznes ideya, biznes rejeden;
E) banktan kredit alıwdan.

**3. Tómendegi isbilermenlik xızmeti túrlerine kiredi:**
A) mámleket finans shólkemler xızmeti, kommerciyalıq qamsızlandırıw;
B) islep shıǵarıw, kommerciya, finans isbilermenlik, qamsızlandırıw;
D) kommerciya, islep shıǵarıw, áskeriy, qamsızlandırıw;
E) qamsızlandırıw bahasın talabalıq islep shıǵarıw kommerciya.

**4. Tovardı islep shıǵarıw bahası 500 sum bolıp tutınıwshıǵa jetkenshe eki ret kótere hám bir ret usaqlap satıw. Sawda fermasına ótti. Eger hárbir alıp satıwshı tovardıń alıw bahasına 20% ústeme haqı qoyılsa tovardıń aqırı usaqlap satıw bahası neshe sumdı quraydı?**
A) 864 sum;
B) 800 sum;
D) 1036 sum;
E) 720 sum.

**5. Tovardıń ózine túser bahası ne?**
A) Usaqlap satıw sawda dúkanınıń satıw bahası;
B) Bir-birlik ónim islep shıǵarıw ushın sarplanǵan qarjısı;
D) Kótere sawda firmasın satıw bahası;
E) Tovardıń bazar bahası.

**6. Firmada neler kóbirek basqarıwdı talap qıladı?**
A) Miynet jamiyeti quramı;
B) Finanslıq qárejetler;
D) Shiyki zat resursları;
E) Joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

**7. Qaysı juwaptıń tek ǵana ishlep shıǵarıw quralları keltirilgen?**
A) Kómir, úskene, imarat, televizor;
B) Júk mashiyna áspap-úskene, imarat;
D) Mebel, kómir, elektr energiy;
E) Benzin, dárya suwı, dala háwlisi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**8. Qaysı juwapta paydanı esaplaw formulası durıs kórsetilgen?**
A) $P_r = TR - TC$; B) $P_r = TR + TC$;
D) $P_r = TR : TC$; E) $P_r = TR \times TC$.

**9. Tovar islep shıǵarıwshı kárxana tárepinen satılıw narxı qalay ataladı?**
A) Kótere satıw bahası; B) Usaqlap satıw bahası;
D) Islep shıǵarıwshı bahası; E) Qatań bahası.

**10. Bazar usınıs ete almaytuǵın mámleket tárepinen jetkerip beretuǵın hám mámleket hám xalıq tárepinen birgelikte jámiyetlik tiykarda tutınılatuǵın tovar hám xızmetler ... dep ataladı.**
A) Materiallıq baylıqlar; B) tutınıw tovarları;
D) sociyallıq tovarlar; E) biypul ónimler.

**11. Mámlekettiń ekonomikalıq wazıypalarǵa neler kiredi?**
A) Mámlekettiń sociyallıq tiykarın saqlaw;
B) Básekini qollap-quwatlaw hám ekonomikanı turaqlastırıw;
D) Dáramat hám baylıqtı bólistiriw hám qosımsha sırtqı tásirlerdi tártipke salıw;
E) Joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

**12. Mámleket byudjeti ...**
A) Jetispewshilik bolıwı mumkun;
B) Tek rawajlanǵan mámleketleri jetispewshilik bolmaydı;
D) Tek jarlı mámleketleri jetispewshilik boladı;
E) Jetispewshilik qosımsha salıqlar esabınan qaplanadı.

**13. Tómendegilerdiń qaysı biri mámlekettiń bazar jarlılıǵı aqıbetleriniń aldın alıw wazıypasına kirmeydi?**
A) Bazardıń monopoliyaǵa qarsı gúresiwi;
B) Tovarlar xızmettin jaratıw;
D) Dáramat hám mulkti salıqqa tartıw;
E) Qosımsha sırtqı tásirlerdi tártipke salıw hám qadaǵalaw.

**14. Mámlekettiń dáramat hám baylıqti bólistiriw wazıypası qaysı ilajlar arqalı ámelge asırıldı?**
A) Kem támiylengen shańaraqlardı sotciallıq qorǵaw;
B) Kóp dáramatlı puqaralardıń dáramatlarınan salıq óndiriw;
D) Studentlerge stipendiya beriw;
E) Joqarıdaǵılardıń barlıǵı.

**15. Eger 1000000 sum pul 24% jıllıq procent stavkası menen qoyılǵan bolsa yarım jıldan son qansha boladı?**


*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

A) 120000 sum; B) 1120000 sum;
D) 12400000 sum; E) 880000 sum.

**16. Fizikalıq shaxslardıń jámi jıllıq dáramatı ... esaplanadı.**
A) mámleket tárepinen fizikalıq shaxslarǵa tólenetuǵın tólew;
B) dáramat salıǵı obyekti;
D) salıq jenilligine iye dáramat;
E) is haqı.

**17. Mal-múlk salıǵı ...**
A) fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardan óndiriledi;
B) tek fizikalıq shaxslardan óndiriledi;
D) tek ǵana yuridikalıq shaxslardan óndiriledi;
E) tuwrı juwap joq.

**18. Mulk huqıqı, iyelik qılıw huqıqı paydalanıw huqıqı yamasa ijara huqıqı tiykarında jer ushastkalarına iye bolgan ... jer salǵınıń tólewshileri bolıp esaplanadı.**
A) fizikalıq shaxslar; B) fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar;
D) yuridikalıq shaxslar; E) mámleket shólkem kárxanaları.

**19. Akciz salıǵı hám qosılǵan qun salıǵı ...**
A) fizikalıq shaxslardań óndirilidi;
B) túrli salıqlar túrine kiredi;
D) aylanba salıqlar turine kiredi;
E) jergilikli salıqlar turine kiredi.

**20. Mámleket aymaǵında islep shıǵarılǵan tolıq kórinistegi tovar hám xızmetlerdiń bazar bahasındaǵı uluwma qunı ... dep ataladı.**
A) jalpı milliy ónim; B) sap ishki ónim;
D) milliy dáramat; E) jalpı ishki ónim.

**21. Ekonomikalıq kórsetkishtiń real qunı — ...**
A) bul onıń jańa bahada esaplangan qunı;
B) bul onıń tiykar qılıp alınǵan jıldagıǵa salıstırǵanda esaplangan qunı;
D) bul onıń bazar nırqlarındaǵı qunı;
E) bul onıń mámleket nırqlarda esaplangan qunı.

**22. Mámlekettegi ortasha bahası barqulla asıp barıwı ... dep ataladı.**
A) deflaciya; B) pul jetispewshiligı;
D) giperinflaciya; E) inflaciya.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**S32** Sariqov Ergashvoy Sotvoldiyevich.
**Ekonomikalıq bilim tiykarları:** ulıwma orta bilim beriw mektepleriniń 9-klass ushın sabaqlıq/E.S.Sariqov, B.Q.Xaydarov. — T.: 2019. — 160 b.

ISBN 978-9943-5875-0-2

UO‘K 37.015.6(075)
BBK 65.01ya7
S-32

Ergashvoy Sotvoldiyevich Sariqov,
Bahodir Qayumovich Xaydarov

**EKONOMIKALÍQ**

**BILIM TIYKARLARÍ**

9-klass ushın sabaqlıq
Tórtinshi basılım
***(Qaraqalpaq tilinde)***

"Huqıq hám Jámiyet" baspası, 2019,
Tashkent sh, Jumamasjid kóshesi 6-úy.

Original-maket "Huqıq hám Jámiyet" baspası tárepinen tayarlandı.

| | |
|---|---|
| Redaktor | Sh. Dadasheva |
| Texnik redaktor | N. Ochilova |
| Bas dizayner | "H&J" jamoasi |
| Onerator | D. Iskandarbekov |

Litsenziya AI №022, 27.10.2018 yil.

Basıwǵa ruqsat etildi waqtı 20.08.2019 j. Kólemi $70\times90^{1}/_{16}$. «Tayms» garniturasi. Kegli 11. Ofset usılında basıldı. Shartli baspa tabaǵı 11,7. Esap baspa tabaǵı 10,94. Nusqası 11 915. 19-24 sanlı buyırtpa.
Sharnoma 21/01

"Huquq va Jamiyat" nashriyoti matbaa bo‘limida tayyorlandi.
Toshkent, Yunusobod 6, Jumamasjid ko‘chasi.
Guvohnoma №10-2750, 13.06.2017 yil

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste

| T/r | Oqıwshınıń atı hám familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırıl-ǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshı-sınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı.

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqlıqtı birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı. |
| Jaqsı | Muqaba pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar. Jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelngen, biraz sızılıp, shetleri qaytılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qannatlanarlı qálpıne keltirilgen. Alınǵan betleri qayta islengen, ayrım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jıltılǵan, tiykargı bóliminen ajıralǵan yamasa pútinley joq, qanaatlandırarsız islengen. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklewge bolmaydı. |

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE